

**KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ ETIKA MORAL WONTÊN ING SÊRAT
PUSTÂKÂ WASIAT**

SKRIPSI

**Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Salah Satunggaling Sarat
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



Déning:

Azis Heru Iswanto

NIM 16205241019

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2020

PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Kajian Filologi sâhå Etika Moral wontên ing Sêrat
Puståå Wasiat mênikå sampun pikantuk palilah saking pembimbing kanggé
dipunuji wontên pendadaran.*



Yogyakarta, April 2020

Dosen Pembimbing,

Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan Kajian Filologi sâhâ Etika Moral wontên ing Sêrat Pustâkâ Wasiat mênikâ sampun dipunandharakên ing pendadaran sangajênipun Dewan Penguji rikâlâ tanggal 8 Mei 2020 sâhâ dipuntêtêpakên lulus.

DEWAN PENGUJI				
Asmâ	Jabatan	Tapak Asmâ	Tanggal	
Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.	Ketua Penguji		27 Mei 2020	
Nurhidayati, M. Hum.	Sekretaris Penguji		27 Mei 2020	
Venny Indria Ekowati, M. Litt.	Penguji Utama		27 Mei 2020	

Yogyakarta, 27 Mei 2020

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

WÊDHARAN

Ingkang *tanda tangan* wonten ngandhap mênika:

Nåmå : Azis Heru Iswanto
NIM : 16205241019
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni

ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênika asil sêratan kula piyambak. Samangêrtos kulå, *karya ilmiah* mênika wosipun botên dipunêrat déning priyantun sanès, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kulå pêndhêt minangka *acuan* kanthi ngginakakên tâta cârå sâhå *etika* nyêrat *karya ilmiah*.

Sêratan ingkang wontên ing wêdharan mênika kasêrat kanthi saèstu. Manawi kasunyatanipun kabukti bilih wêdharan mênika botên lêrês, bab mênika dados tanggêl jawab kulå pribadi.

Yogyakarta, April 2020

Panyêrat



Azis Heru Iswanto

SÊSANTI

“Âjå mung dadi wong sing pintêr, ananging ugå dadiå wong sing ngêrti”

(Bapak)

Jêr basuki mawå béyå

(Pitutur Jawi)

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur konjuk mring ngarsanipun Gusti ingkang Måhå Agung, *skripsi*
kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Etika Moral* wontên ing *Serat Puståå*
Wasiat kulå pisungsungakên dhumatêng tiyang sêpuh såhå kulåwargå kulå
ingkang sampun paring panjurung dhumatêng kula kanthi linambaran asih trêsnå
ingkang tanpå upami.

PRĀWACĀNĀ

Puji sukur konjuk dhumatêng Gusti ingkang Mâhâ Agung ingkang sampun kêparêng paring bêrkah sâhâ rahmatipun dhumatêng panyêrat, satêmah *skripsi* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi sâhâ Etika Moral* wontên ing *Serat Pustakâ Wasiat* sagêd paripurnâ anggènipun nyêrat kanthi nir ing sambékâlâ. *Skripsi* mênikâ dipunsêrat minangkâ salah satunggaling sarat anggayuh gêlar *Sarjana Pendidikan*.

Panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng sadâyâ *pihak* ingkang sampun paring pambiyantu awit saking purwâ madyâ dumugi wusananipun *skripsi* mênikâ. Kanthi andhaping manah panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangkâ Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wêkdal kanggé ngangsu kawruh ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum., minangkâ Dekan Fakultas Bahasa dan Seni sâhâ *dosen pembimbing* ingkang sampun paring *bimbingan*, piwulang, sâhâ pangèstu dhatêng panyêrat.
3. Bapak Dr. Affendy Widayat, M. Phil., minangkâ pangarsâ Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kanggé nindakakên panalitèn mênikâ.
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum., minangkâ Dosen Pembimbing Akademik ingkang sampun paring pitutur sadangunipun panyêrat ngangsu kawruh ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak-Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh sâhâ wêjangan ingkang murakabi dhatêng panyêrat.
6. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu dhatêng panyêrat.
7. Tiyang sêpuh kula awit sadâyâ pandonga, panjurung, sâhâ trêsnânipun satêmah panalitèn mênikâ sagêd mawujud.

8. Rayi-rayi kulå Faris, Putra, Aira, sâhå Navira awit sadâyå pandongå sâhå *semangat* dhatêng panyêrat.
9. Kâncå-kâncå kelas PBD A 2016 ingkang sampun paring panjurung anggènipun kulå nyêrat *skripsi* mênikå.
10. Sadâyå *pihak* ingkang botên sagêd kula sêbutakên sadâyå, ingkang sampun paring pambiyantu, panjurung, sâhå pandonga satêmah *skripsi* mênikå sagêd paripurnå.

Panyêrat ngrumaosi bilih *skripsi* mênikå dèrèng sagêd kawastanan saé, jangkêp, sâhå sampurnå. Awit saking mênikå, sadâyå panyaruwé mênåpå déné pamrayogi murih sagêd saé, jangkêp, sâhå sampurnanipun *skripsi* mênikå tansah katampi kanthi bingahing manah.

Wusånå kanthi raos andhap asoring manah panyêrat sampun mungkasi anggènipun nyêrat *skripsi* mênikå sinaoså dèrèng sampurnå. Ananging, panyêrat saèstu gadhah pangajab mugi-mugi *skripsi* mênikå sagêd murakabi dhatêng sadayanipun.

Yogyakarta, April 2020

Panyêrat



Azis Heru Iswanto

PRATÉLAN ISI

	Kâcâ
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGÊSAHAN	iii
WÊDHARAN	iiiv
SÊSANTI	v
PISUNGSUNG	vii
PRÂWACÂNÂ	viii
PRATÉLAN ISI	ix
PRATÉLAN TABEL	xii
PRATÉLAN BAGAN	xiii
PRATÉLAN GAMBAR	xiiiv
PRATÉLAN LAMPIRAN	xiiiv
PRATÉLAN CÊKAKAN	xvii
PANDOM EJAAN	xviii
SARINING PANALITÈN	xviii
BAB I PURWÂKÂ	1
A. Dhasaring Panalitèn	1
B. Undêraning Pêrkawis	5
C. Watêsaning Pêrkawis	6
D. Wosing Pêrkawis.....	6
E. Ancasing Panalitèn.....	6
F. Paédahing Panalitèn	7
G. Pangêrtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan.....	8
BAB II GÊGARAN TEORI	9
A. Pangêrtosan <i>Filologi</i>	9
B. <i>Objek</i> Panalitèn <i>Filologi</i>	10
1. <i>Naskah</i>	10

2. <i>Teks</i>	10
C. Ancasing Panalitèn <i>Filologi</i>	11
D. <i>Aliran Filologi</i>	11
E. Lampahing Panalitèn <i>Filologi</i>	12
1. <i>Inventarisasi Naskah</i>	12
2. <i>Deskripsi Naskah</i>	13
3. <i>Transliterasi Teks</i>	14
4. <i>Suntingan Teks sàhå Aparat Kritik</i>	15
5. <i>Parafrase</i>	17
6. <i>Terjemahan Teks</i>	18
7. <i>Analisis Isining Teks</i>	19
F. Sêkar Macapat.....	19
G. <i>Etika Moral</i>	20
H. Panalitèn Ingkang Jumbuh	24
I. Nalaring Pikir	25
BAB III CÀRÀ PANALITÈN	27
A. Jinising Panalitèn	27
B. Sumbêr <i>Data</i> Panalitèn	27
C. <i>Teknik Ngêmpalakên Data</i>	28
1. <i>Inventarisasi Naskah</i>	28
2. <i>Deskripsi Naskah</i>	29
3. <i>Transliterasi Teks</i>	29
4. <i>Suntingan Teks</i>	29
5. <i>Parafrase Teks</i>	30
6. <i>Terjemahan Teks</i>	30
D. <i>Instrumen</i> Panalitèn.....	31
E. Caranipun <i>Analisis Data</i>	34
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i> Panalitèn.....	36
BAB IV ASILING PANALITÈN SÀHÅ PIRÊMBAGANIPUN	37
A. <i>Deskripsi Naskah SPW</i>	37
B. <i>Transiterasi sàhå Suntingan Teks</i>	45
1. <i>Pandom Transliterasi</i>	45

a. Wujuding Aksâra Jâwa sâha Pasanganipun.....	46
b. Wujuding Aksâra Murda	47
c. Wujuding Aksâra Rékan.....	48
d. Wujuding Aksâra Swâra	48
e. Wujuding Sandhangan.....	49
f. Panyêrating Aksâra /ha/	50
g. Panyêrating /e/ kanthi diakritik ê, é, sâha è	51
h. Panyêrating Taling Tarung Sêmu	51
i. Panyêrating Têmbung Dwilingga	52
j. Panyêrating aksâra rangkep ingkang kasusun saking <i>proses afiksasi</i>	52
k. Panyêrating Aksâra ra agung	53
l. Panyêrating Tandha Pamaos.....	53
2. Pandom <i>Suntingan</i>	53
3. Asiling <i>Transliterasi sâha Suntingan Teks SPW</i>	54
4. <i>Aparat Kritik</i>	70
C. <i>Terjemahan sâha Cathêtan Terjemahan Teks Sêrat Pustaka Wasiat</i>	79
D. <i>Etika Moral Salêbêting Teks Sêrat Pustaka Wasiat</i>	109
BAB V PANUTUP	132
A. Dudutan.....	132
B. <i>Implikasi</i>	134
C. Pamrayogi	135
KAPUSTAKAN	136
Lampiran	139

PRATÉLAN *TABEL*

Kacå

<i>Tabel 1. Asiling inventarisasi naskah Sérat Puståka Wasiat</i>	3
<i>Tabel 2. Metrum têmbang mაცპატ.....</i>	20
<i>Tabel 3. Panalitèn ingkang jumbuh</i>	24
<i>Tabel 4. Kartu data deskripsi naskah Sérat Puståka Wasiat.....</i>	31
<i>Tabel 5. Kartu data transliterasi sâhå suntingan.....</i>	33
<i>Tabel 6. Kartu data aparat kritik.....</i>	33
<i>Tabel 7. Kartu data suntingan sâhå terjemahan</i>	34
<i>Tabel 8. Kartu data etika moral.....</i>	34
<i>Tabel 9. Deskripsi naskah sâhå teks SPW.....</i>	37
<i>Tabel 10. Cathêtan sawining teks SPW.....</i>	44
<i>Tabel 11. Wujuding aksârå Jåwå sâhå pasanganipun</i>	46
<i>Tabel 12. Wujuding aksârå murdå</i>	48
<i>Tabel 13. Wujuding aksârå rékan.....</i>	48
<i>Tabel 14. Wujuding aksârå swârå</i>	49
<i>Tabel 15. Wujuding sandhangan.....</i>	50
<i>Tabel 16. Panyêrating aksârå /hå/</i>	51
<i>Tabel 17. Panyêrating /e/ kanthi diakritik ê, é, sâhå è.....</i>	51
<i>Tabel 18. Panyerating taling tarung sêmu.....</i>	52
<i>Tabel 19. Panyêrating têmbung dwilinggå</i>	52
<i>Tabel 20. Panyêrating aksârå rangkêp kasusun saking proses Afiksasi</i>	52
<i>Tabel 16. Panyêrating aksârå rå agung</i>	53
<i>Tabel 21. Panyêrating tåndhå pamaos.....</i>	53
<i>Tabel 22. Asiling transliterasi sâhå suntingan teks SPW</i>	54
<i>Tabel 23. Aparat kritik teks SPW.....</i>	70
<i>Tabel 24. Asiling suntingan sâhå terjemahan teks SPW.....</i>	81
<i>Tabel 25. Data etika moral salebeting teks SPW.....</i>	109

PRATÉLAN BAGAN

Kaca

<i>Bagan 1.</i> Lampahing Panalitèn SPW	35
---	----

PRATÉLAN GAMBAR

Kaca

Gambar1. Irah-irahan ing <i>halaman judul</i>	40
Gambar 2. Irah-irahan ing salêbêting <i>teks</i>	41
Gambar 3. Samaking <i>naskah</i>	42
Gambar 4. Cathêtan déning panyêrat sanès	44

PRATÉLAN *LAMPIRAN*

Kaca

<i>Lampiran : Sérat Puståka Wasiat</i>	139
--	-----

PRATÉLAN CÊKAKAN

PUEBI : *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia*
EyD : *Ejaan yang Disempurnakan*
SPW : *Sêrat Pustâkâ Wasiat*

PANDOM EJAAN

Pandom *ejaan* ingkang dpunginakakên wontên ing *karya ilmiah* mênika wontên kalih, inggih mênika pandom *ejaan* kanggé bâsa Indonésia sâha pandom *ejaan* kanggé bâsa Jawi. Pandom *ejaan* bâsa Indonésia sadayanipun ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia (PUEBI)*. Wondéné pandom *ejaan* bâsa Jawi sêkêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Anggota IKAPI, 2006), inggih mênika tandha ê kanggé nyêrat *fonem* / ə / ungêlipun ê kados ing têmbung **rêgi** “*harga*”; tandha é kanggé nyêrat *fonem* / e / ungêlipun é kados ing têmbung **éndah** “*indah*”; sâha tandha è kanggé nyêrat *fonem* / æ / ungêlipun è kados ing têmbung **èlèk** “*jelek*”.

Tandha sambung (-) (Anggota IKAPI, 2006: 29), kaginakakên kanggé nyêrat têmbung anndhahan, inggih kanggé milahakên antawisipun têmbung abâsa Indonésia ingkang kawuwuhan atêr-atêr **dipun-** sâha panambang **-akên**. Tuladhanipun, inggih mênika **dipun-sunting** sâha **dipun-terjemah-akên**.

irah-irahaning *naskah* sâha pêthikan-pêthikan abâsa Jawi ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging, kaggé aksârâ e ngginakakên tandha ê kanggé nyêrat *fonem* / ə /, tandha é kanggé nyêrat *fonem* / e /, ugi ngginakakên tandha è kanggé nyêrat *fonem* / æ /.

Sadâyâ irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksârâ Latin ingkang ngginakakên *ejaan* sadèrèngipun *PUEBI*, têtêp kasêrat mênâpâ wontênipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sêratam aksârâ Jâwâ kajumbuhakên kalihan *PUEBI*.

KAJIAN FILOLOGI SÀHÀ ETIKA MORAL WONTÈN ING SÊRAT PUSTÂKÀ WASIAT

Déning:

Azis Heru Iswanto

NIM 16205241019

SARINING PANALITÈN

Ancasing panalitèn mênikå ngandharakên gangsal bab, inggih mênikå kanggé: (1) ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Pustâkå Wasiat*, (2) damêl transliterasi teks *Sêrat Pustâkå Wasiat*, (3) ndamêl *suntingan teks Sêrat Pustâkå Wasiat*, (4) ndamêl *terjemahan teks Sêrat Pustâkå Wasiat*, sàhå (5) ngandharakên *etika moral* ing salêbêting teks *Sêrat Pustâkå Wasiat*.

Panalitèn mênikå ngginakakên *metode panalitèn filologi* sàhå *metode panalitèn deskriptif*. Sumbêr *data* saking panalitèn mênikå inggih *naskah sàhå teks Sêrat Pustâkå Wasiat koleksi Museum Sånåbudåyå Yogyakarta. Teknik ngêmpalakên data* ing panalitèn mênikå ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*, inggih mênikå kanthi *inventarisasi naskah, deskripsi naskah, transliterasi teks, suntingan teks, terjemahan teks*, sàhå *analisis isining teks. Validitas data* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *validitas semantik*. Wondéné *reliabilitas*-ipun ngginakakên *reliabilitas intrarater* sàhå *interrater*.

Asiling panalitèn mênikå ngandharakên ênêm bab. Sêpisan, kapanggihakên satunggal *naskah Sêrat Pustâkå Wasiat* ingkang kasimpên wontên ing *Museum Sonobudoyo Yogyakarta* kanthi *kode PB C 197*. Kalih, kawontênan *naskah Sêrat Kêmpalan Warna-warni* taksih saé, sàhå sêratanipun taksih cêthå dipunwaos. Tigå, *translitêrasi teks Sêrat Pustâkå Wasiat* kanthi *metode transliterasi standar*. Sakawan, *suntingan teks Sêrat Pustâkå Wasiat* ngginakakên *metode suntingan standar*, asiling têmbung-têmbung ingkang dipun-sunting wontên 16 têmbung ingkang kasêrat wonten ing *aparatur kritik*. Gangsal, *terjemahan teks Sêrat Pustâkå Wasiat* dipungarap kanthi ngginakakên *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi*, sàhå *terjemahan bebas*. Sadåyå *metode terjemahan* kasêbut dipungarap kanthi *kontekstual*. Ênêm, wujud *etika moral* ing salêbêting teks *Sêrat Pustâkå Wasiat* ingkang kapanggihakên wontên 3, inggih mênikå (1) ngati-ati anggènipun ngucap, (2) nrimå, sàhå (3) rumangsan. Sasanêsipun mênikå ugi kapanggihakên wujud *etika moral* sanèsipun inggih mênikå waspådå, nyêgah håwå nêpsu, sabar, tumindak saé, sàhå adil.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panalitèn

Tilaran lêluhur Jawi inggih mênika salah satunggaling cipta, råsâ sâhâ karsâ tiyang Jawi jaman rumiyin. Tilaran lêluhur Jawi sagêd lumantar sêratan sâhâ lésan. Ingkang awujud botên sêratan tuladhanipun inggih mênika wêwangunan, dhêdhaharan sâhâ tari. Ingkang lumantar sêratan inggih mênika piwulang luhur pujânggâ ingkang sinêrat awujud *naskah* utawi sêrat. *Naskah* tilaran lêluhur Jawi sinêrat ngginakakên aksârâ Jâwâ kanthi dhapukan sêkar sâhâ gancaran. *Naskah-naskah* kunâ mênika kasimpên ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta, Museum Radyâ Pustâkâ Surakarta, *Perpustakaan* Reksâ Pustâkâ Mangkunêgaran sâhâ sanèsipun. *Naskah* ingkang kasimpen kathahipun botên namung atusan ananging dumugi éwon *naskah* ingkang kawontênanipun saèstu kêdah dipunlestantunakên.

Naskah-naskah Jawi adatipun ngêwrat piwulang ingkang migunani sangêt tumrap gêsanging manungsâ. Piwulang mênika manéka warni, inggih mênika piwulang babagan agami utawi gayutipun kalihan Gusti, piwulang bab gêsang ing masarakat, wontên ugi piwulang ing bab budâyâ. Piwulang wontên ing salêbêting *naskah* kathah ginanipun sâhâ mumpangati kanggè nglampahi gêsang manawi sagêd dipunmangêrtosi déning tiyang ing jaman samênika.. Ginanipun piwulang mliginipun *etika moral* ing salêbêting *naskah* inggih mênika minangkâ sumbêring ngèlmi. Sumbêring ngèlmi kanggé nglampahi gêsang ing madyaning bêbrayan agêng. *Etika moral* kasêbat wonten ing jaman rumiyin kathah dipun-*kaji* sâhâ dipuncakakên minangkâ pandoming agêsang.

Kathah prakawis ingkang sagêd dipunrêmbakakakên saking tilaran lêluhur Jawi ingkang wontên gayutipun kalihan pagêsangan samênikå. Lumantar panalitèn, sadâyå prakawis ingkang wonten ing *naskah* Jawi sagêd dipun-*kaji* wosipun. *Pêngkajian naskah-naskah* kinå menikå wigati sangêt sårå sagêd paring *kontribusi* kanggé majêngipun kapribadèn manungså ingkang jumbuh kaliyan mênåpå ingkang dipunandharakên wontên ing salêbêting *naskah*.

Salah satunggaling *naskah* ingkang prêlu dipuntaliti inggih mênikå *naskah Sêrat Puståå Wasiat*. Nåmå Puståå Wasiat kadadosan saking kalih têmbung, sabên têmbungipun mêngku têngês. Miturut Poerwadarminta (1939: 605) têmbung puståå saking bâså kawi ingkang têngêsipun buku utawi layang. Wondéné têmbung wasiat saking bâså Arab ingkang mêngku têngês wêwarah tilaranipun pårå lêluhur (Poerwadarminta, 1939: 776). Saking andharan mênikå sagêd dipunpêndhêt dududutan bilih puståå wasiat inggih mênikå layang utawi buku ingkang wosipun ngrembag babagan wêwarah ingkang saé tilaranipun para lêluhur. Andharan mênikå jumbuh kalihan katranganipun Behrend (1990: 507) bilih *Sêrat Puståå Wasiat* ngrêmbag bab piwulang *moral* kêjawèn.

Adhêdhasar *inventarisasi naskah*, *naskah Sêrat Puståå Wasiat* namung kapanggihakên wontên ing satunggal papan kémawon, inggih mênikå wontên ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta. *Inventarisasi naskah* dipuntindakakên kanggé mangêrtosi cacahipun sårå madosi wontên pundi kémawon *naskah Sêrat Puståå Wasiat* dipunsimpên. *Inventarisasi naskah* dipuntindakakên kanthi cårå *studi katalog*. Wondéné *katalog* ingkang dipunginakakên kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel 1: Asiling inventarisasi naskah *Sêrat Pustakâ Wasiat*

No	Katalog	Katrangan	Gunggunging Naskah
1	<i>Descriptive Catalouge of the Javanese Manuscripts and Printedbooks In the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta</i> (Girardet, 1983)	-	-
2	<i>Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I; Museum Sonobudoyo</i> (Behrend, 1990)	PB C.197	1
3	<i>Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid II; Kraton Yogyakarta</i> (Lindsay, 1994)	-	-
4	<i>Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid III A lan jilid III B: Fakultas Sastra UI</i>	-	-
5	<i>Katalog Manuskrip Balai Bahasa Yogyakarta</i> (Haryati, 2016)	-	-
6	<i>Katalog Naskah-naskah Perpustakaan Puras Pakualaman</i> (Saktimulya, 2005)	-	-
7	<i>Katalog Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta</i> (Purwanto, 2011)	-	-
8	<i>Katalog Perpustakaan Rumah Budaya Tembi Yogyakarta</i>	-	-
9	<i>Katalog Naskah Leiden University</i> (ing kang dipun-akses saking internet kanthi alamat https://catalogue.leidenuniv.nl/)	-	-
10	<i>Katalog Naskah British Library</i> (ing kang dipun-akses saking internet kanthi alamat http://www.bl.uk/manuscripts/)	-	-
Gunggunging naskah ing kang kapanggihakên			1

Sêrat Pustakâ Wasiat (salajêngipun kasêbut *SPW*) kasêrat ngginakakên aksârâ Jâwâ kanthi dhapukan sêkar. *Naskah Sêrat Pustakâ Wasiat* mênika dipunsimpên ing *Museum Sonobudoyo Yogyakarta* kanthi kode PB C.197. *Sêrat Pustakâ Wasiat* kalêbêt jinising teks piwulang ing kang ngêwrat piwulang-piwulang moral. Miturut katalog, Behrend (1990: 506) ngandharakên bilih *Sêrat Pustakâ*

Wasiat kalêbêt ing bèndhêl Sêrat Kêmpalan Warni-warni kanthi kode P129 PB C. 197. Bèndhêl *naskah* mênika isinipun 5 *teks*, ingih mênika *Sêrat Mustâka Rancang* (1-45), *Sêrat Sèh Malâyâ* (47-225), *Sêrat Pustâka Wasiyat* (233-325), *Sêrat Karmâyânâ* (331-548), *Sêrat Babad Éndrâjâyâ* (561-767), *Sêrat Têkawêrdi, Bayanmani, Gêmbiring Baring* (859-1207), sahâ *Sêrat Suluk Wisnungkara* (1216-1328).

Sêrat Pustâka Wasiat dipundadosakên *objek* panalitèn marg manawi botên énggal-énggal dipuntliti danguning-dangu sagêd rusak satêmah botên sagêd dipunwaos malih. Kajawi mênika, wontên tigang pawadan ingkang ndadosakên *Sêrat Pustâka Wasiat* minangka sêrat ingkang katêpakên minangka *sumber data* panalitèn ingkang kaandharakên ing ngandhap mênika.

1. *Sêrat Pustâka Wasiat* namung kapanggihakên wontên ing *Museum Sânbudâyâ* Yogyakarta, satêmah langkung gampil anggènipun naliti.
2. Kawontênan *fisik naskah Sêrat Pustâka Wasiat* mênika taksih saé, kacanipun taksih jangkêp satêmah nggampilakên anggènipun nglampahi panalitèn. Sêratan *teks*-ipun taksih cêthâ sinaosâ carik ananging mangsinipun taksih cêthâ.
3. Wosing *Sêrat Pustâka Wasiat* mênika ngêwrat ing bab *filsafat*. *Filsafat* ingkang dipunandharakên ing *teks* mênika inggih *filsafat* tiyang gêsang ing ngalam donyâ wiwit saking kandhutan ngantos dumugi sèdanipun ingkang ngundhuh wohing nalika gêsangipun.
4. Botên namung ngrêmbag babagan *filsafat*, *teks SPW* ugi ngrêmbag babagan mulâ bukanipun manungsâ. Ing *teks SPW* dipunandharakên bilih manungsâ

ingkang âlâ mênikâ dumados saking jagad pêtêng wondéné manungsâ ingkang bêcik linairakên saking jagad padhang.

5. Sanèsipun wosing *Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ ngêwrat piwulang mliginipun *etika moral* kêjawèn. Dipungayutakên kaliyan pagêsan tiyang jaman samênikâ kathah tiyang ingkang sampun botên mangêrtos *etika* ingkang saé. Satêmah lumantar panalitèn mênikâ sagêd nyukani sêsêrêpan tumrap masarakat ngengingi bab *etika moral*.

Adhêdhasar katrangan-katrangan ing nginggil, milâ wosing *Sêrat Pustâkâ Wasiat* dipuntliti supados sagêd dipunjumbuhakên kalihan kawontênan ing jaman samênika sâhâ saged kacakakên wonten ing masarakat. Wontên ing panalitèn mênikâ, kapilih andharan *etika moral* amargi andharanipun langkung kathah satêmah *data* ingkang dipunasilakên ugi kathah.

B. Undêraning Prakawis

Adhêdhasar andharan saking dhasaring panalitèn ing nginggil, nuwuhakên prakawis-prakawis kados ing ngandhap menikâ:

1. Jinising têtilaran lêluhur Jawi
2. *Inventarisasi naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat.*
3. *Deskripsi naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat*
4. *Transkripsi teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
5. *Transliterasi teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
6. *Suntingan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
7. *Terjemahan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*

8. *Etika moral Sêrat Pustâkâ Wasiat*

C. Watêsaning Prakawis

Adhêdhasar undêraning prakawis ing nginggil, panalitèn mênikâ dipunwatêsi supados panalitèn mênikâ saged langkung *fokus*. Wondéné watêsaning prakawis kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ:

1. *Deskripsi naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat*
2. *Transliterasi teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
3. *Suntingan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
4. *Terjemahan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*
5. *Etika moral Sêrat Pustâkâ Wasiat*

D. Wosing Prakawis

Wosing prakawis wontên panalitèn mênikâ adhêdhasar andharan saking undêraning prakawis sâhâ watêsaning prakawis. Wosing prakawis kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ:

1. Kadospundi *deskripsi naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat*?
2. Kadospundi *transliterasi teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*?
3. Kadospundi *suntingan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*?
4. Kadospundi *terjemahan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*?
5. Kadospundi *etika moral salêbêting Sêrat Pustâkâ Wasiat*?

E. Ancasing Panalitèn

Adhêdhasar andharan wosing prakawis ing nginggil, nuwuhakên ancasing panalitèn kados ing ngandhap mênikâ:

1. Ngandharakên *deskripsi* naskah *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.
2. Ndamel *transliterasi teks* *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.
3. Ndamel *suntingan teks* *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.
4. Ndamel *terjemahan teks* *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.
5. Ngandharaken *etika moral* salêbêting *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

F. Paédahing Panalitèn

Asiling panalitèn mênikâ dipunkajêngaken supados migunani ingkang gayut kaliyan bab *teoritis* sâhâ *praktis* tumrap pamaos. Wondéné paédah saking asiling panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ:

1. Paédah *Teoritis*

Paédah *teoritis* saking panalitèn mênikâ inggih kaangkah sagêda dados sêsêrêpan kanggé nliti *naskah* kanthi ngginakakên *teori* sâhâ *metode* panalitèn *filologi*. Amargi panalitèn mênikâ dipunlampahi ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*.

2. Paédah *Praktis*

- a. *Data-data* asiling panalitèn kaangkah sagêd nggampilakên pamaos ingkang badhé nliti *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* kanthi ngêcakaken ngèlmi sanèsipun ingkang gayut kaliyan bab bâsâ, sâstrâ, sâhâ budâyâ.
- b. Asiling *suntingan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* kaangkah sagêd nggampilakên anggènipun maos *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

- c. Asiling *terjemahan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* kaangkah sagêd nggampilakên pamaos ingkang kirang mangrêtosî bab bâsâ Jawi, satêmah sagêd mangrêtosî isining *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.
- d. Asiling *deskripsi* ngèngingi isining *Sêrat Pustâkâ Wasiat* kaangkah sagêd nambah sêsêrêpaning pamaos gayut kaliyan kawontênanipun *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

G. Pangêrtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan

1. **Kajian filologi** inggih mênika asiling *telaah* ngèlmi ingkang kawrat ing anggitan kinâ utawi kâryâ tulis kinâ ingkang awujud naskah kanthi ngginakakên garapaning panalitèn *filologi*. Panalitèn *filologi* ingkang katindakakên inggih mênikâ (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) *transliterasi teks*, (4) *suntingan teks*, (5) *terjemahan teks*, sâhâ (6) *analisis isining teks*.
2. **Sêrat Pustâkâ Wasiat** inggih mênika salah satunggaling tilaran lêluhur Jawi ingkang kasêrat ngginakaken aksârâ Jâwâ kanthi dhapukan sêkar. Naskah *Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ dipunsimpên ing *Perpustakaan Museum Sonobudoyo Yogyakarta* kanthi *kode PB C.197*.
3. **Etika Moral** inggih mênikâ paugêran utawi *sistem nilai-nilai* ingkang gayut kalihan ukuraning tumindakipun manungsa. Pangêrtosan mênikâ jumbuh kaliyan andharanipun Hadiatmaja (2011: 11) bilih *etika moral* utawi *etika individual* inggih mênikâ *etika* ingkang ngrêmbag tumindak sâhâ patrapipun manungsa kalihan dhiri pribadinipun piyambak.

BAB II

GÊGARAN TEORI

A. Pangêrtosan Filologi

Filologi asalipun saking bâsâ Yunani *philologia*, ingkang dumados saking kalih têmbung, *philos* ingkang têgêsipun ‘trêsna’ sâhâ *logos* ingkang têgêsipun ‘têmbung’ (Baroroh-Baried, 1985: 1). Adhêdhasar kalih têmbung mênika lajêng nuwuhakên maknâ ‘trêsna têmbung’ utawi ‘rêmên micârâ’ (Baroroh-Baried, 1985: 1). Saking têmbung mênika têgêsipun lajêng ngrembaka dados ‘rêmên ngèlmi’, ‘rêmên kasusastran’ utawi ‘rêmên kabudayan’ (Baroroh-Baried, 1985:1).

Miturut Pudjiastuti (2018: 32), *filologi* inggih mênika ngèlmi ingkang nyinau asiling karya jaman rumiyin ingkang awujud sêratan astâ, *kajian*-ipun langkung *fokus* wonten ing *teks* utawi isining *naskah*, karya mênika ngêwrat *nilai-nilai* ingkang taksih pigunâ wonten ing jaman samênika. Wondéné miturut Djamaris (2002), *filologi* inggih mênika ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun awujud *naskah-naskah* kinâ. Ingkang kawastanan *naskah* inggih mênika sadâyâ anggitan anggitan ingkang taksih sinêrat mawi astâ ingkang kasêrat ing ron tal utawi dlancang.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih *filologi* inggih mênika ngèlmi ingkang ngrêmbag babagan kabudayan jaman rumiyin ingkang awujud sêratan ingkang wontên ing salêbêting *naskah-naskah* têtilaran lêluhur. *Filologi* dipunginakakên ing panalitèn mênika awit panalitèn mênika nliti *naskah* ingkang sinêrat astâ utawi carik inggih mênika *Sêrat Pustakâ Wasiat*.

B. Objek Panalitèn Filologi

Sabên ngèlmi mêtthi wontên *objek kajian*-ipun. *Objek kajian* wontên ngèlmi *filologi* inggih mênika *naskah* sâha *teks* (Baroroh-Baried, 1985:3). Wondéné andharan babagan *naskah* sâha *teks* kados ing ngandhap mênika.

1. *Naskah*

Wontên ing *istilah filologi*, *naskah* inggih mênika pérangan ingkang *konkrit* (Baroroh-Baried, 1985:4). Têgêsipun, *naskah* mênika wontên wujudipun, sagêd dipuntingali, sâha sagêd dipuncêpêng (Mulyani, 2014:2). Ngèlmi ingkang ngrêmbag babagan *naskah* dipunwastani *kodikologi*. *Kodikologi* mênika ngrêmbag sadâyâ *aspek naskah*, antawisipun bahan *naskah*, umur *naskah*, papan anggènipun nyêrat, sâha sintên ingkang nyêrat (Baroroh-Baried, 1985:55).

Saking pangêrtosan ing nginggil saged dipunpêndhêt dudutan bilih *naskah* inggih mênika asiling kabudayan jaman rumiyin ingkang kasêrat astâ wontên ing *media tulis* kados ta lontar, dlancang sâha sanèsipun ingkang ngêwrat mapintên-pintên ngèlmi. *Naskah* mênika nyâtâ wujudipun anggitan priyantun ingkang sagêd dipunpirsani sâha dipuncêpêng.

2. *Teks*

Teks inggih mênika rêroncèning têmbung minangkâ waosan kanthi isi tartamtu utawi isining *naskah* utawi mênapa ingkang wontên ing salêbêting *naskah* utawi andharan ingkang sukâ pangêrtosan ngèngingi bab kabudayan salah satunggaling bangsa ing jaman rumiyin ingkang wujudipun lèsan utawi sinêrat (Mulyani, 2014:2).

C. Ancasing Panalitèn *Filologi*

Ancasing panalitèn *filologi* miturut Baroroh-Baried (1985:5) kapérang dados kalih inggih mênikå ancas *umum* sâhå ancas *khusus*. Ancasing panalitèn *filologi umum* inggih mênikå, (1) mangêrtos asiling kabudayan bângså lumantar asiling sastranipun ingkang awujud lèsan sâhå sêratan, (2) mangêrtos maknå sâhå ginanipun *teks*, (3) ngandharakén piwulang luhur asiling kabudayan ing jaman rumiyin. Wondéné ancasing panalitèn *filologi khusus* inggih mênikå, (1) ndamêl *suntingan teks*, (2) mangêrtos *sejarah* sâhå ngrêmbakanipun *teks*, (3) mangêrtos *resepsi* pamaos ngèngingi isining *naskah*.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil ngèngingi bab ancasing *filologi*, asiling panalitèn *filologi* tumrap *teks Sêrat Puståå Wasiat* inggih mênikå ngandharakên kawontênaning *teks Sêrat Puståå Wasiat*. Salajêngipun, ngandharakên piwulang luhur asiling kabudayan ing jaman rumiyin ingkang sinêrat wonten ing *Sêrat Puståå Wasiat*.

D. Aliran *Filologi*

Ngèlmi *filologi* kapérang dados kalih *aliran*, inggih mênikå *aliran filologi tradisional* sâhå *aliran filologi modern*. Katrangan ngèngingi *aliran filologi tradisional* miturut Baroroh-Baried (1985: 2) inggih mênikå nêdahakên bilih *variasi naskah* mênikå mujudakên *naskah* ingkang *korup*. Ancasing panalitèn kanthi ngginakakên panalitèn *filologi aliran tradisional* inggih mênikå kanggé madosi wujud *teks* asli utawi ingkang paling cakêt kaliyan wujud aslinipun. Wondéné *aliran filologi modern* inggih mênikå nêdahakên bilih *variasi naskah* mujudakên *kreasi-nipun* panyêrat (Saktimulya, 2016: 22). Ancasing panalitèn

filologi kanthi *aliran modern* inggih mênikå kanggé mangêrtosi isining *teks*, *menafsirkan*, nglêrêsakên, sâhå nggayutakên kaliyan ngèlmi sanèsipun, antawisipun bâsâ, sastra sâhå budâyâ.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil, panalitèn mênikå ngginakakên *aliran filologi modern*. Bab mênikå kajumbuhakên kaliyan ancasing panalitèn, inggih mênikå kanggé mangêrtosi sâhå napsirakên isining *teks Sêrat Pustakå Wasiat* sâhå nggayutakên kaliyan ngèlmi sanèsipun.

E. Lampahing Panalitèn Filologi

Sabên ngèlmi mésthi wontên *objek kajian*-ipun. *Objek kajian* wontên ngèlmi *filologi* inggih mênikå *naskah* sâhå *teks*. Jinising *teks* wontên kalih, inggih mênikå *teks tunggal* sâhå *teks jamak*. Anggènipun nliti kêkalihipun wontên bédanipun. Lampahing panalitèn *filologi* ingkang *objek* panalitènipun *teks jamak* inggih mênikå (1)*inventarisasi naskah*, (2)*deskripsi naskah*, (3) têtandhingan *naskah* sâhå *teks*, (4)*suntingan teks*, (5) *terjemahan teks*, sâhå (6)*analisis isi* (Fathurahman lumantar Ekowati, 2017: 24). Wondéné lampahing panalitèn *filologi* kanthi *objek* panalitènipun *teks tunggal* inggih mênikå (1)*inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) *transliterasi teks*, (4)*suntingan teks*, (5)*terjemahan teks*, sâhå (6)*analisis isi*.

1. Inventarisasi Naskah

Inventarisasi naskah inggih mênikå pados sâhå nyêrat sadâyâ *naskah* ingkang sajini (Mulyani, 2012:3). *Inventarisasi naskah* minångkå lampahing panalitèn ingkang wigati sangêt. *Inventarisasi naskah* dipuntindakakên kanggè

mangêrtosi gunggungipun *naskah* sâhâ papan panyimpênanipun *naskah* ingkang badhé dipuntaliti.

Inventarisasi naskah sagêd katindakakên kanthi *metode studi pustaka* sâhâ ningali langsung wontên ing papan panyimpênaning *naskah*. *Metode studi pustaka* inggih mênikâ madosi *naskah* kanthi cârâ *studi katalog*. *Studi katalog* mênikâ ngginakakên *katalog-katalog* ingkang wontên ing *perpustakaan*, museum, utawi *kartu daftar naskah* ingkang nyimpên *naskah*.

Saking andharan ing nginggil, *inventarisasi* prêlu sangêt katindakakên ing panalitèn mênikâ. *Inventarisasi ing panalitèn mênikâ* katindakakên kanthi ancas kanggé mangêrtosi gunggunging *naskah Sêrat Pustakâ Wasiat* sâhâ papan panyimpêning *naskah Sêrat Pustakâ Wasiat*. Gunggunging *naskah* sagêd kanggé dhasaring nêmtokakên lampahing panalitèn ingkang badhé dipunlampahi.

2. Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah inggih mênikâ nggambarakên kawontênaning *naskah* sâhâ kadospundi mênggah urutan *teks*-ipun (Mulyani, 2012:3). Wondéné miturut Fathurahman (2016:77), *deskripsi naskah* inggih mênikâ ngandharakên kawontênan *fisik naskah*, isining *teks*, mênâpâ déné *identitas kepengarangan* sâhâ *kepenyalinan* kanthi ancas ngasilakên *deskripsi naskah* sâhâ *teks* ingkang wêtah. Asiling *deskripsi naskah* paring gêgambaran kawontênaning *naskah* kanthi *jelas* sâhâ *rinci*. Kawontênan *naskah* mênikâ sagêd dipunginakakên minangkâ *indikator* kanggé nêmtokakên *naskah unggul* sâhâ nalisik umur *naskah*.

Miturut Darusuprpta (Iumantar Mulyani, 2018: 6-8) *deskripsi naskah* ngêmot prakawis-prakawis ingkang wigati ingkang gayut kaliyan *naskah*. Wondéné prakawis-prakawisipun inggih mênikå: (1) papan panyimpening *manuskrip*; (2) irah-irahanipun mênapa; (3) sintên ingkang nyêrat; (4) samak; (5) jilidan; (6) ukuraning *manuskrip* kadospundi; (7) ukuraning *teks* kadospundi; (8) sêratan; (9) rêênggan; (10) manggålå; (11) *kolofon*; (12) Dhapukaning *teks*; (13) tåndhå pamaos; (14) isi; (15) jinisipun menåpå; (16) båsåning *teks*; (17) wontên cathêtan sanèsipun mênåpå botên.

Adhêdhasar andharan ing nginggil sampun cêtha sangêt prakawis mênapa kêdawon ingkang dipunandharaken wontên ing *deskripsi naskah*. Panalitèn mênikå ugi ngandharaken *deskripsi naskah* sårå *teks Sêrat Puståå Wasiat*. Anggènipun nyêrat *deskripsi naskah* kanthi ngginakakên *kartu data, kartu data* ing panalitèn mênikå kaandharakên wontên ing bab III.

3. Transliterasi Teks

Transliterasi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang botên sami kalihan aksaraning *teks* (Mulyani, 2012:9). *Transliterasi* mênikå wontên kalih *metode*, inggih mênikå *metode transliterasi diplomatik* sårå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi diplomatik* inggih mênikå cårå anggènipun damêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênåpå wontênipun kados damêl *alih tulis* sêrataning *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang bédå (Mulyani, 2012: 10). Wondéné *metode transliterasi standar* inggih mênikå cårå anggènipun

damêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan (EyD)* ingkang taksih dipunginakakên (Mulyani, 2012: 11).

Transliterasi ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênika *transliterasi standar*, inggih mênika *alih tulis teks* adhêdhasar *ejaan* aksârâ Jâwâ wontên salêbêting *teks SPW* ing *ejaan* aksârâ *Latin* adhêdhasar *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Ancasing dipuntindakakên *trasliterasi* ing panalitèn mênika kanggé nggampilaken panalitèn tumrap isining *teks SPW*. Tuladhanipun, panyêrating aksârâ *kapital*, pamêdhoting tembung, *ejaan* tembung, sâhâ sanèsipun. Wondéné tandhâ ingkang dipunginakakên wontên ing *transliterasi teks SPW* kaandharakên ing ngandhap mênika.

- a. Tandhâ /// kanggé nggantos tandhâ mangajapâ ing sangajênging sêratan
- b. Tandhâ // kanggé nggantos tandhâ pādâ lungsi
- c. Tandhâ / kanggé nggantos tandhâ pādâ lingsâ

4. *Suntingan Teks sâhâ Aparat Kritik*

Suntingan teks inggih mênika salah satunggaling cârâ ingkang kêdah dipuntindakakên ing panalitèn *filologi*. *Suntingan* dipundamêl kanthi cârâ nglêrêsakên *teks* kanthi pangangkah supados *teks* sagêd rêsik saking sêratan ingkang botên jumbuh (Darusuprta lumantar Ekowati, 2017:133). *Suntingan teks* dipuntindakakên kanggé nggampilakên pamaos mangêrtosi isining *teks*. Katrangan mênika kaliyan andharanipun Darusuprta (1984: 5) bilih ancasing *suntingan teks* inggih mênika ngasilakên *naskah* ingkang rêsik saking kalêpatan.

Wonten 5 cårå *suntingan teks*, inggih mênikå (1) *metode inuitif*, (2) *metode stema*, (3) *metode gabungan*, (4) *metode landasan*, sårå (5) *metode naskah tunggal* (Baroroh-Baried, 1985: 67-69). Wondéné *metode suntingan edisi naskah tunggal* kapérang dados kalih cårå, inggih mênikå *edisi diplomatik* sårå *edisi standar*.

Metode suntingan teks ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå *metode naskah tunggal edisi standar*. *Metode suntingan standar* dipuntindakakên kanggé nglêrêsakên sêratan-sêratan ingkang botên ajêg sårå ingkang botên jumbuh kaliyan *EyD* bâså Jawi jaman samênikå. Wondéné sêratan têtêmbungan ingkang botên ajêg utawi ingkang kaanggêp lêpat dipunlêrêsakên kanthi ngginakakên *aparat kritik*. *Aparat kritik* inggih mênikå wujud tanggêljawab *ilmiah* salêbêting *kritik teks* kanthi ancas nyukani *koreksi* tumraping *teks* ingkang dipun-sunting (Ekowati, 2017: 148). *Aparat kritik* sagêd dipunsêrat kanthi kalih cårå, inggih mênikå wontên ing sangandhaping *teks* minångkå *catatan kaki* utawi dipunsêrat ing sawingkingipun *suntingan teks* minångkå *catatan halaman*.

Nalika damêl *aparat kritik* ngginakaken tåndhå-tåndhå kanggé nggantos, nambah, sårå ngirangi wandå utawi tembung. Miturut Hartanto (2018: 18) wujuding tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên ing *aparat kritik* antawisipun wontên ing ngandhap mênikå.

- a. Tåndhå [...] kanggé têtêngêr nggantos aksara utawi tembung
- b. Tåndhå (...) kanggé têtêngêr manawi badhé ngirangi wandå utawi tembung

- c. Tândhå <...> kanggé têtêngêr manawi badhé nambah wandå utawi têtambung
- d. Wontên ing sabên *aparât kritik* dipunsukani ångkå Arab ingkang sinêrat Latin (...¹, ...², ...³, lsp)

5. *Parafrase*

Parafrase inggih mênikå ngéwahi *teks* dhapukan sêkar dados dhapukan gancaran. Mênikå dipuntindakakên kanggé nggampilakên anggènipun damêl *terjemahan*, awit saking basanipun sêkar mênikå *puitis* (Mulyani, 2012:17). Têtambung-têtambung sêkar mênikå awrat dipunmangêrtosi, pramila *parafrase* dipuntindakakên kanggé ngéwahi rêrêngganing bâså dados bâså limrah supados gampil dipunmangêrtosi isinipun. Lampahing *parafrase* miturut Ekowati (2017: 163-165) wontên tigå ingkang kaandharakên ing ngandhap mênikå.

- a. Madosi têtambung-têtambung ingkang *sukar*, têtambung-têtambung ingkang *arkhais*, tembung-tembung ingkang botên *populer*, ingkang salajêngipun dipungantos dados têtambung-têtambung ingkang umum sâhå limrah, satêmah gampil anggènipun mangrêtos masudipun.
- b. Nambahi têtambung-têtambung ingkang dipunicali déning panyêrat, kados tå atêr-atêr, têtambung panggangdhèng, mênåpå déné jêjêr.
- c. Nambahi tândhå pamaos, sâhå ngroncé malih têtambung-têtambungipun supados sagêd dados ukårå ingkang lêrês sâhå cêthå. Asiling *parafrase* sagêd dipunéwahi tingkat tuturipun, kados tå dipunéwahi dados ragam kråmå.

Wontên ing panalitèn mênika *parafrase* dipundamêl kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *terjemahan*, awit saking dhapukanipun *teks SPW* mênika sêkar.

6. *Terjemahan Teks*

Terjemahan inggih mênika nggantos bâsa saking bâsa asal dados bâsa ingkang dipunkajêngakên (Darusuprta, 1984: 9). Upaminipun *teks* mênika bâsa Jawi kagantos bâsa Indonésia, kanthi pangangkah supados isining *teks* sagêd dipunmangêrtosi déning tiyang ingkang botên mangêrtos bâsa Jawi. Wontên prakawis-prakawis ingkang kêdah dipungatosakên nalika damêl *terjemahan*. Miturut Darusuprta (lumantar Mulyani, 2012: 21) wonten tigang prakawis ingkang kêdah dipungatosakên, inggih mênika (1) mangêrtos saèstu ngèngingi bâsa *sumber*; (2) mangêtos saèstu bâsa *sasaran*; sâha (3) mangêrtos saèstu ngèngingi kawontênan *sosial-budaya* masarakat rikala *teks* dipunsêrat.

Miturut Mulyani (2012: 21) *terjemahan* sagêd kalampahan kanthi tigang câra, inggih mênika (1) *terjemahan harfiah*, inggih mênika ngéwahi bâsaning *teks* kanthi damêl *terjemahan*-ipun sabên têmbung-têmbungipun dipunéwahi dados bâsa *sasaran*, (2) *terjemahan isi*, inggih mênika ngéwahi bâsaning *teks* kanthi damêl *terjemahan*-ipun sabên têmbung-têmbungipun ing bâsa *sumber* ka-*terjemah*-akên dados têmbung-têmbung ing bâsa *sasaran* ingkang jumbuh, (3) *terjemahan bebas*, inggih mênika nêgêsi têmbung kanthi câra nggantos saking bâsa *sumber* dhatêng bâsa *sasaran* kanthi *bebas*.

7. Analisis Isining Teks

Analisis isi inggih mênikå *menelaah teks sâhå konteks*-ipun jumbuh kalihan *perspektif* ingkang dipunginakakên (Fathurahman, 2016:96). *Tahap* mênikå inggih *tahap* ingkang langkung wigatos, amargi *peneliti* kédah nggayutakên isining *teks* ingkang diputaliti kalihan *disiplin* ngèlmi sanèsipun. Miturut Mulyani (2009: 34) ngandharakên bilih wontênipun *kemungkinan* prakawis kanggé *analisis naskah* Jawi, kadostå *analisis naskah* Jawi ingkang gayut kalihan bâså, sastrå, sâhå kabudayan. Ing panalitèn mênikå dipun-*analisis* wosipun ing bab kabudayan inggih mênikå bab *etika moral*.

F. Sêkar Macapat

Sêkar mაცპატ inggih mênikå salah satunggaling jinis dhapukaning *teks* (Mulyani, 2015:66). Miturut andharaning Saputra (lumantar Mulyani, 2015:66), tembung mაცპატ mênikå cêkakan saking “mაცა papat-papat”. Têgêsipun, cårå maos *teks* ingkang mawi andhêgan utawi pêdhotan ing sabên sakawan wandå sapisanan ing sabên gatraniipun.

Gunggungipun sêkar mაცპატ mênikå wontên 11 inggih mênikå Kinanthi, Pocung, Mijil, Asmåråndånå, Maskumambang, Pangkur, Sinom, Dhandhanggulå, Durmå, Gambuh sâhå Mêgatruih. Sêkar mაცპატ gadhah paugêran utawi *metrum*. Katrangan babagan paugêran utawi *metrum* sêkar mაცპატ kaandharakên kados wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel 2: *Metrum Têmbang Mâcâpat*

No	Nâmâ Têmbang	Larik									
		I	II	III	IV	V	VI	VII	VII	IX	X
1	Maskumambang	12i	6a	8i	8a	-	-	-	-	-	-
2	Pocung	12u	6a	8i	12a	-	-	-	-	-	-
3	Megatruh	12u	8i	8u	8i	8o	-	-	-	-	-
4	Gambuh	7u	10u	12i	8u	8o	-	-	-	-	-
5	Kinanthi	8u	8i	8a	8i	8a	8i	-	-	-	-
6	Mijil	10i	6o	10e	10i	6i	6u	-	-	-	-
7	Asmaradana	8i	8a	8e/o	8a	7a	8u	8a	-	-	-
8	Durma	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i	-	-	-
9	Pangkur	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i	-	-	-
10	Sinom	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12a	-
11	Dhandhanggula	10i	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12i	7a

Katrangan :

Ângkâ Romawi I – X : Nêdahakên cacahing larik

Ângkâ Arab 6 – 12 : Nêdahakên cacahing wandâ sabên salarik

Aksârâ vokal a, i, u, e, o: Nêdahakên tibaning swantên ing pungkasaning larik

Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat wontên panalitèn mênikâ kasêrat kanthi dhapukan sêkar. Wontên *teks* mênikâ *metrum*-ipun wontên 14, inggih mênikâ dhandhanggulâ, kinanthi, sinom, asmârândânâ, kinanthi, dhandhanggulâ, sinom, pangkur, mijil, maskumambang, dhandanggula, kinanthi, dhandhanggulâ, lan sinom. *Metrum* mênikâ dipunmangêrtosi saking nitèni guru gatrâ, guru wilangan lan guru lagunipun. Sasanèsipun ugi mangêrtos saking sasmitaning têmbang ingkang sinêrat wontên ing salêbêting *teks*.

G. *Etika Moral*

Têmbung *etika* asalipun saking bâsâ Yunani inggih mênikâ “*ethos*”, ingkang mêngku têngês *watak susila* utawi *adat kebiasaan* (Achmad, 2018: 9). Miturut Bertens (2013: 6) bilih *etika* inggih mênikâ *nilai-nilai sâhâ norma-norma*

ingkang dados pandom satunggal tiyang utawi *kelompok* kanggé nâta tindak-tandukipun. Wondéné miturut Hadiatmaja (2011: 9) bilih *etika* inggih mênika ngèlmi ingkang ngrêmbag prakawis tumindak ing manungsa ingkang saé sâha ingkang awon kanthi ningali *amal* tumindakipun manungsa kanthi adhedhasar *akal* sâha *pikiran*.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *etika* inggih mênika paugêran kanggé ngukur saé utawi awon tumindakipun manungsa. Wujud saking paugêran mênika inggih wontênipun *nilai-nilai* sâha *norma-norma* ingkang wontên ing masarakat.

Limrahipun tembung *etika* wontên sambung rakêtipun kaliyan *moral*. Tembung *moral* asalipun saking bâsa Latin inggih mênika “*mos*” sâha wujud *jamak*-ipun “*mores*”, ingkang têngesipun inggih mênika *adat kebiasaan* utawi câra gêsang kanthi nindakakên tumindak ingkang saé sâha nêbihi tumindak ingkang awon (Achmad, 2018: 9). Wondéné miturut Hadiatmaja (2011: 9-10) *moral* inggih mênika *nilai-nilai* ingkang wontên ing salêbêting paugêran-paugêran utawi *norma-norma* minangka ukuraning kasaénan.

Saking pangêrtosan *etika* sâha pangêrtosan *moral* ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *etika moral* inggih mênika paugêran utawi *sistem nilai-nilai* ingkang gayut kalihan ukuraning tumindakipun manungsa. Pangêrtosan *etika moral* ugi dipunandharakên Hadiatmaja (2011: 11) bilih *etika moral* utawi *etika individual* inggih mênika *etika* ingkang ngrêmbag tumindak sâha patrapipun manungsa kaliyan dhiri pribadinipun piyambak.

Gayut kaliyan patrap sâhâ tumindakipun manungsâ dhatêng dhiri pribadinipun mênikâ wontên *nilai-nilai-nipun* ingkang kanggé ukuranipun. Hadiatmaja (2011: 55) ngandharakên bilih manungsâ anggadhahi *nilai* kasaénan inggih mênikâ mawas dhiri, budi luhur, têpâ slirâ, mrawirâ, rumangsan, sâhâ ngêrti ing sêmu. Wodéné *nilai* kasaénanipun badhé kaandharakên wontên ing ngandhap mênikâ.

1. Mawas dhiri

Mawas dhiri inggih mênikâ ningali wontên ing salêbêting batos kanggé mangêrtosi tumindak, pocapan, saha watakipun sampun sae. Mênâpâ wontên tumindak, pocapan, sâhâ tindak tanduk ingkang damêl kuciwaning manah tiyang sanès. Mawas dhiri ing bâsâ Indonésia asring dipunsêbat *introspeksi diri*.

2. Budi Luhur

Inggang dipunsêbat budi luhur inggih mênikâ watak ingkang saénipun manungsa. Ing bâsâ Jawi watak mênikâ asring dipunandhaakên kanthi unèn-unèn “Narimâ ing Pandum”.

3. Têpâ Slirâ

Têpâ slira inggih mênikâ *kesadaran diri* bilih manungsâ botên badhé nindakakên pakaryan ingkang badhé nuwuhakên tumindak nisthâ. Tiyang ingkang têpâ slirâ botên badhé nglêpatakên tiyang sanès. Manungsâ badhé mapanakên dhiri pribadinipun wontên ing kawontênanipun tiyang sanès, satêmah sagêd ngraosakên kawontênanipun tiyang sanès.

4. Mrawirå

Mrawirå inggih menika manungså ingkang lomå sâhå ingkang sagêd njagi drajatipun.

5. Rumangsan

Ingkang dipunsêbat rumangsan inggih mênikå patrap *perasa* bilih manungså minångkå makluking Gusti dipunawasi sâhå dipuncathêt sadâyå tumindakipun.

6. Ngêrti ing sêmu

Ngêrti ing sêmu inggih mênikå manungså ingkang sagêd maos tåndhå-tåndhå utawi mangêrtos ing pasêmon.

Miturut Endraswara (2003: 98-102) ngandharakên bilih *etika* ingkang gayut kaliyan dhiri pribadi tiyang Jawi mênikå wontên 3, inggih mênikå (1) *akhlak* ngati-ati, (2) ora ngâyå utawi nrimå sâhå (3) pasrah sumarah. *Akhlak* ngati-ati kapérang dados kalih inggih mênikå ngati-ati anggènipun tumindak sâhå ngati-ati anggènipun ngucap. Ngati-ati anggènipun tumindak kêdah mangêrtos êmpun papan (*éling situasi sâhå kondisi*) sâhå botê grusa-grusu waton kêsusu. Ngati-ati anggènipun ngucap inggih mênikå anggènipun ngucap kêdah *terkontrol*, botên kasar, sâhå botên damêl kuciwaning tiyang sanès. Ingkang ångkå kalih inggih mênikå ora ngâyå utawi nrimå inggih mênikå watak gêsang tiyang Jawi ingkang nampi mênåpå ingkang sampun dipungarisakên ing pêpêsthèn. Wondéné ingkang pungkasan inggih mênikå pasrah sumarah, pasrah sumarah inggih mênikå watak ingkang botên nggégé mångså kanthi èngêt namung sadêrmå nglakoni.

Saking kalih andharan wontên ing nginggil ingkang dipundadosakên dhasar *kategorisasi etika moral* inggih mênikå mawas dhiri, budi luhur, rumangsan, tumindak ngati-ati, ora ngâyå utawi nrimå sårå pasrah sumarah. Wondéné têtå slirå, mrawirå, sårå ngêrti ing sêmu botên dipunginakakên amargi tumindak mênikå wontên gayutipun kaliyan tiyang sanès manawi dipuntindakakên.

H. Panalitèn Ingkang Jumbuh

Panalitèn ingkang jumbuh kaliyan panalitèn *Sêrat Puståå Wasiat* inggih mênikå panalitènipun Baktya Tri Setiono taun 2014 kanthi irah-irahan *Kajian Filologi sårå Piwulang Moral Wontên Ing Sêrat Gêmbring Baring* sårå Paniltènipun Bintang Gumilar taun 2019 kanthi irah-irahan *Kajian Filologi sårå Nilai-nilai Etika gayutipun Manungså kalihan Gusti wontên ing Sêrat Jarwåråå*. Panalitèn ingkang jumbuh mênikå dipunginakakên minångkå pandom utawi rujukan, awit konsep-ipun sami kalihan panalitèn mênikå. Panalitèn kasêbat ngginakakên *konsep metode panalitèn filologi modern*. Wondéné garapaning panalitèn *filologi*-nipun inggih mênikå *inventarisasi naskah, transliterasi, suntingan teks, terjemahan sårå analisis. Analisis teks*-ipun kalampahan kanthi mbêdhah piwulang salêbêting *naskah Sêrat Gêmbring Baring* (Baktya Tri Setiono) sårå mbêdhah *nilai-nilai etika gayutipun Manungså kalihan Gusti wontên ing Sêrat Jarwåråå* (Bintang Gumilar).

Tabel 3: Panalitèn ingkang jumbuh

No	Prakawis	Panalitèn Baktya Tri Setiono	Panalitèn Bintang Gumilar	Panalitèn Azis Heru Iswanto
1	Jinising Panalitèn	<i>Filologi modern sårå deskriptif</i>	<i>Filologi modern sårå deskriptif</i>	<i>Filologi modern sårå deskriptif</i>

No	Prakawis	Panalitèn Baktya Tri Setiono	Panalitèn Bintang Gumilar	Panalitèn Azis Heru Iswanto
2	Objek Panalitèn	<i>Teks Sêrat Gêmbiring Baring</i>	<i>Teks Sêrat Jarwârâsâ</i>	<i>Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat</i>
3	Dhapukaning <i>Teks</i>	Sêkar	Sêkar	Sêkar
4	Isining <i>Teks</i>	Piwulang	Piwulang	Piwulang
5	<i>Metode Transliterasi</i>	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Transliterasi Standar</i>
6	Ancasing Panalitèn	Ngandharakên piwulang <i>moral</i> salêbêting <i>naskah</i>	Ngandharakên <i>nilai etika</i> gayutipun manungsâ kaliyan Gusti	Ngandharakên <i>etika moral</i> salêbêting <i>naskah</i>

I. Nalaring Pikir

Panalitèn mênikâ gadhah ancang ngasilakên satunggal *suntingan teks* sâstrâ Jawi ingkang sagêd dipuntampi déning masarakat. *Teks suntingan* mênikâ dipunkasilakên minangkâ upâyâ nglêstantunakên *naskah manuskrip* sâhâ minangkâ upâyâ supados masarakat sagêd mangrêtos piwêling ingkang kamot wontên salêbêting *naskah*. *Teks* ingkang dipunpilih inggih mênikâ *Sêrat Pustâkâ Wasiat*, ingkang salajêngipun badhé dipun-*analisis* wulanganipun.

Panalitèn *teks* mênikâ miturut dhatêng lampahing panalitèn *filologi* ingkang angka 1, inggih mênikâ *inventarisasi naskah*. *Teks* dipunpanggihakên wontên *katalog* Museum Sonobudoyo Yogyakarta ingkang salajêngipun dipungarap miturut lampahing panalitènipun. Salajêngipun, *deskripsi naskah* inggih mênikâ ngandharakên kawontênanipun *naskah*.

Salajêngipun inggih mênikâ *transliterasi*, nggantos sêratan dhatêng aksârâ *latin*. Dipunlajêngakên *suntingan naskah* inggih mênikâ nglêrêsakên kalêpatan

wontên ing *naskah* miturut panaliti, jumbuh kaliyan *teori* ingkang sampun wontên. Nalikå nyunting *naskah*, ugi damêl *aparat kritik*, inggih mênikå wujud tanggêl jawab *ilmiah* panaliti dhatêng *suntingan*-ipun.

Salajêngipun inggih mênikå *terjemahan* utawi *alih bâsâ*, wontên ing mriki, bâsâ Jawi dipun-*terjemah*-akên dhatêng bâsâ Indonésia, supados masarakat sanès tlatah ugi sagêd maos. Ingkang pungkasan inggih mênikå *analisis* isinipun *teks*, *Sêrat Puståkå Wasiat* ingkang sampun dipun-*terjemah*-akên lajêng dipun-*analisis etika moral*-ipun.

BAB III

CĀRĀ PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn

Panalitèn *Kajian Filologi* sâhâ *Etika Moral* wontên ing *Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ kalêbêt ing jinising panalitèn pustâkâ. Panalitèn pustâkâ inggih mênikâ panalitèn ingkang naliti *teks*, *teks manuskrip* utawi *modern*. Ing panalitèn mênikâ *teks* ingkang dipuntaliti *teks manuskrip*, inggih mênikâ *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*. *Metode* panalitènipun ngginakakên kalih *metode* inggih mênikâ *metode deskriptif* sâhâ *metode panalitèn filologi modern*. *Metode deskriptif* inggih mênikâ *metode* panalitèn ingkang dipunginakakên kanggé mangêrtosi sadâyâ piwulang wontên salêbêting *objek* panalitèn. *Metode panalitèn filologi modern* dipuntindakakên amargi botên badhé madosi *teks* ingkang cêlak kaliyan *teks* sanèsipun. Wontên ing panalitèn mênikâ namung badhé madosi wosing *naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

B. Sumbêr Data Panalitèn

Sumbêr *data* wontên ing panalitèn mênikâ awujud *teks* kanthi irah-irahan *Sêrat Pustâkâ Wasiat*. Saking *studi katalog* mênikâ namung kapanggihakên satunggal *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* ingkang sumimpên ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta. *Sêrat Pustâkâ Wasiat* minangkâ sumbêr *data* inggih mênikâ salah satunggaling *teks* ingkang sinêrat ngginakakên aksârâ Jâwâ carik kanthi dhapukan sêkar ingkang kasimpên ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta kanthi nomêr PB C. 97. *Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ kawrat wontên ing bèndhêl *Kêmpalan Sêrat*

Warna-Warni. Sêrat Pustakå Wasiat kapérang dados sakawan wêlas pupuh. Saking sakawan wêlas pupuh mênika ingkang dipundadosakên *sumber data* namung tigang pupuh, inggih mênika dhandhanggulå, kinanthi, sårå sinom.

C. Teknik Ngêmpalakên Data

Teknik ngêmpalakên data ing panalitèn mênika inggih ngginakakên cârå *studi pustaka sårå pengamatan langsung. Studi pustaka* inggih mênika cârå ngêmpalakên *data* kanthi maos sårå nyêrat mênåpå kémawon ingkang dipunbêtahakên. *Pengamatan langsung* inggih mênika ningali langsung *sumber data* wontên ing papan panyimpênanipun supados mangêrtos kadospundi kawontênanipun. Wondéné panalitèn mênika ngginakakên lampahing panalitèn *filologi* ingkang kaandharakên ing ngandhap mênika.

1. Inventarisasi Naskah

Inventarisasi naskah dipuntindakakên kanthi cârå *pengamatan langsung sårå studi katalog. Katalog* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênika ing antawisipun: *Descriptive Catalouge of the Javanese Manuscripts and Printedbooks In the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta* (Girardet, 1983), *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I; Museum Sonobudoyo* (Behrend, 1990), *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid II; Kraton Yogyakarta* (Lindsay, 1994), sårå *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid III A dan jilid III B: Fakultas Sastra Universitas Indonesia*.

2. *Deskripsi Naskah*

Deskripsi naskah ing panalitèn mênika ngginakakên *tabel-tabel* kanggé mahyakakên kawontênan *naskah* sanyatanipun. Ingkang dipunandharakên wontên ing *deskripsi naskah* antawisipun: papan panyimpêning *naskah*, nomêr *naskah*, panyêrat, *bahan naskah*, ukuraning *naskah*, cacahing kâcå, cacahing larik sabên kâcå, jinising sêratan, kawontenan sêratan, sâhå bab sanèsipun ingkang gayut kalihan kawontênaning *naskah*.

3. *Transliterasi Teks*

Panalitèn mênika ngginakakên *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* inggih mênika *alih tulis* kanthi aksårå ingkang botên sami kaliyan *teks*, dipunsêrat kanthi adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan (EyD)*.

4. *Suntingan Teks*

Suntingan teks inggih mênika salah satunggaling cârå kanggé nglêrêsakên kalêpatan-kalêpatan sêratan ingkang wontên ing salêbêting *naskah*. Kalêpatan-kalêpatan kâlå wau kajumbuhakên kaliyan paugêran utawi tåtå panyêrating bâså Jawi ingkang lêrês. Sasampunipun nglêrêsakên kalêpatan ingkang wontên ing *naskah*, lampah salajêngipun inggih mênika damêl *aparât kritik*. *Aparât kritik* dipuntindakakên kanthi cârå nambahi, ngirangi utawi nggantos wandå kanthi kajumbuhakên kaliyan têtêmbungan-têtêmbungan ingkang wontên ing *Baoesastra Djawa*.

5. *Parafrase Teks*

Parafrase wontên ing panalitèn mênikå dipuntindakakên amargi *teks SPW* kasêrat kanthi dhapukan sêkar milå prêlu dipunéwahi dados gancaran supados langkung gampil anggènipun ndamêl *terjemahan*. Caranipun inggih kados ing ngandhap mênikå.

- a. Madosi têmbung-têmbung ingkang *sukar*, salajêngipun dipungantos dados têmbung-têmbung ingkang umum sâhå limrah, satêmah gampil anggènipun mangrêtos masudipun.
- b. Nambahi têmbung-têmbung ingkang dipunicali déning panyêrat, kados tå atêr-atêr, têmbung panggandhèng, mênåpå déné jêjêr.
- c. Nambahi tandhå pamaos, sâhå ngroncé malih têmbung-têmbungipun supados sagêd dados ukårå ingkang lêrês sâhå cêthå.

6. *Terjemahan Teks*

Terjemahan ingkang dipuntindakakên wontên panalitèn mênikå inggih *terjemahan harfiah*, *terjemahan* isi utawi maknå, sâhå *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* dipuntindakakên kanthi cârå nêgêsi têmbung mbåkå têmbung saking bâså Jawi dhatêng bâså Indonésia. Ananging, *terjemahan harfiah* mênikå botên salaminipun sagêd dipunjumbuhakên kanthi *konsisten*, amargi pintên-pintên têmbung tartamtu ingkang awrat dipun-*terjemah*-akên mawi *harfiah*, milå kêdah dipuntindakakên *terjemahan* isi utawi maknå sâhå *terjemahan bebas*.

D. Instrumen Panalitèn

Instrumen panalitèn inggih mênikå sarånå panalitèn awujud seperangkat piranti ingkang dipunginakakên kanggé ngêmpalakên data minangkå bahan pengolahan. Adhêdhasar teknik ngêmpalakên data kasêbat, panaliti minangkå instrumen panalitèn (Human Instrument) kanthi dipunbiyantu ngginakakên piranti ingkang awujud kêrtu kanggé nyêrat data. Kêrtu ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat data wujudipun tabel. Kartu data dipunginakakên kanggé nyêrat data-data ingkang jumbuh kaliyan kabêtahan panalitèn. Isining kartu data inggih mênikå: (1) Deskripsi naskah, (2) transliterasi saha suntingan teks, (3) aparat kritik, (4) terjemahan teks, (5) analisis isi. Kartu data kasêbat kaandharakên kados ing ngandhap mênikå

1. Kartu Data kanggé nyêrat *deskripsi naskah Sêrat Puståkå Wasiat*

Tabel 4: Kartu Data Deskripsi Naskah Sêrat Puståkå Wasiat

No.	Katrangan	Naskah Sêrat Puståkå Wasiat
1	<i>Nama pemilik terdahulu</i>	
2	<i>Papan panyimpêning naskah</i>	
3	<i>Nomor kodeks</i>	
4	<i>Irah-irahan</i>	
5	Manggala a. Wekdal wiwit nyerat b. Nami panganggitipun c. Pawadan anggenipun nyerat d. Ancasing nyerat e. Pangajabipun panganggit f. Pepuji dhumateng dewa g. Pepuji dhumateng panguwasa h. Pepuji dhumateng nabi i. Papan anggenipun nyerat	
6	<i>Panutup</i> a. Wekdal wiwit nyerat b. Nami paganggitipun c. Pawadan anggenipun nyerat	

No.	Katrangan	<i>Naskah Sêrat Pustakâ Wasiat</i>
	d. Ancasipun nyerat e. Pangajabipun panganggit f. Pepuji dhumateng dewa g. Pepuji dhumateng panguwasa h. Pepuji dhumateng nabi i. Papan anggenipun nyerat	
7	Kawontenaning naskah	
8	Jinising bahaning naskah	
9	Kathahing larik saben kaca	
10	Kandeling naskah	
11	Ukuran naskah ingkang dipuntaliti	
12	<i>Ukuran margin naskah</i> (ingkang dipuntaliti) a. Nginggil b. Ngandhap c. Kiwa d. Tengen	
13	Isining naskah (satunggal menapa kempalan saking mapintenpinten <i>teks</i>)	
14	Jinising naskah	
15	Dhapukaning teks	
16	Samaking naskah	
17	Jinising aksara naskah	
18	Kacaning lembar kaserat ing	
19	Ukuraning aksara (ageng, sedhengan, alit)	
20	Sikap aksara	
21	Goresan aksara	
22	Warnaning mangsi	
23	Basa teks	
24	Anggenipun milah-milahaken lembaring <i>naskah</i> (kalebet kacaning lembar ingkang boten kaserat), manawi langkung saking satunggal <i>naskah</i> kasebutaken irah-irahan saha kacanipun	
25	Kaca lembaring naskah	
26	Kathahing kaca naskah ingkang dipuntaliti	
27	Wujuding aksara (ngetumbar, mucuk eri, mbata sarimbag, nyacing <i>kombinasi</i>)	

No.	Katrangan	Naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat
28	Tanda air (watermark)	
29	Cap kertas	
30	Wedana renggan	
31	Gambar-gambar ilustrasi	
32	Kathahing <i>paragraf</i> (<i>naskah</i> ingkang dipuntaliti)	
33	Cathetan dening panyerat sanesipun	
34	Cathetan ing sawawining <i>teks</i>	
35	Cathetan ing kaca sanesipun	
36	Wujuding gugus konsonan	
37	Pasangan gugus konsonan	
38	Wujuding aksara murda	
39	Wujuding aksara swara	
40	Wujuding aksara rekan	
41	Wujuding sandhangan swara	
42	Wujuding sandhangan panyigeg	
43	Wujuding sandhangan wyanjana	
44	Wujuding angka jawa	
45	Wujuding tandha ing wiwitaning paragraf	
46	Wujuding tandha ing pungkasaning paragraf	
47	Pada lingsa	
48	Pada lungsi	

2. Kartu data kanggé nyêrat asiling transliterasi sâhâ suntingan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat

Tabel 5: Kartu data transliterasi sâhâ suntingan

Pâdâ	Asiling Transliterasi	Asiling Suntingan

3. Kartu data kanggé nyêrat asiling aparat kritik Sêrat Pustâkâ Wasiat

Tabel 6: Kartu aparat kritik

No	Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat	Suntingan	Asil	Pupuh/Pâdâ

4. Kartu data kanggé nyêrat asiling suntingan sâhâ terjemahan *Sêrat Pustâkâ*

Wasiat

Tabel 7: Kartu data suntingan sâhâ terjemahan

Pådâ	Asiling Suntingan	Asiling Terjemahan

5. Kartu data kanggé nyêrat piwulang moral salêbêting teks *Sêrat Pustâkâ*

Wasiat

Tabel 8: Kartu data etika moral

No	Wujuding Etika Moral	Pupuh/Pada	Indikator	
			Data	Terjemahan


E. Caranipun Analisis Data

Teknik analisis data ing panalitèn mênikâ ngginakakên *analisis deskriptif*. Ancas ngginakakên *analisis deskriptif* inggih mênikâ kanggé ngandharakên ingkang awujud andharan utawi gambaran saking isining teks *Sêrat Pustâkâ* Wasiat. Cârâ mênikâ ngginakakên cârâ *penafsiran* kanthi nyukani *deskripsi*.

Lampahing *analisis data* ing panalitèn mênikâ wontên sakawan, inggih mênikâ (1) *reduksi data*, (2) *klasifikasi data*, (3) *display data*, sâhâ (4) *penafsiran* (Kaelan, 2005: 69-70). Lampahing *analisis* ingkang sêpisan inggih mênikâ *reduksi data*. *Reduksi data* inggih mênikâ *merangkum data*, milih *data*, sâhâ *memfokuskan data* dhatêng *konsep etika moral*. Kaping kalhipun, *klasifikasi data* katindakakên kanthi cârâ mérangakên *data* ingkang ngêwrat *konsep etika moral*. Salajêngipun, inggih mênikâ *display data*. *Display data* inggih mênikâ ngandharakên *data* ingkang sampun kapérang ingkang awujud *indikator*. Lampah pungkasanipun inggih mênikâ *penafsiran* ngèngingi bab ingkang gayut kalihan *konsep etika moral*

kanthi cårå *sistematis* sårå *objektif* ingkang awujud *tabel* salajêngipun dipun-
analisis kanthi *deskriptif*

Adhêdhasar andharan-andharan ing nginggil, pramilå lampahing panalitèn
mênikå saking wiwitan dumugi pungkasan sagêd kagambarakên lumantar *bagan*
ing ngandhap mênikå.



Bagan 1. Lampahing Panalitèn SPW

F. Caranipun Ngesahaken *Data* Panalitèn

Caraning ngêсахakên *data* ing panalitèn mênikå kanthi câ *validitas*. Câå *validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik*, amargi sumber *data* ingkang dipunginakakên inggih mênikå têmbung utawi rêroncèning têmbung ing *Sêrat Puståå Wasiat*. *Validitas semantik* dipunginakakên kanggé madosi maknå saking têmbung utawi rêroncèning têmbung ingkang gayut kalihan *konteks* ukaranipun (Mulyani, 2014: 120).

Wondéné *releabilitas* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå *releabilitas intraratter* såhå *interatter*. *Releabilitas intraratter* inggih mênikå pados *data* saking sumber *data* kanthi câå maos makaping-kaping, milå sagêd ngasilakên *data* ingkang ajêg. *Releabilitas intraratter* katindakakên déning panaliti piyambak. *Releabilitas interatter* katindakakên kanthi câå nyuwun pambiyantu tiyang sanès kanggé nganalisis *data*. *Teknik interatter* dipuntindakakên kanthi ngawontênakên pirêmbagan kalihan *dosen* ngèngingi *data-data* ingkang sampun dipunasilakên.

BAB IV


ASILING PANALITÈN SÀHÀ PIRÈMBAGANIPUN



A. Deskripsi Naskah SPW

Deskripsi naskah dipuntindakakên kanggé nggambarakên kawontênan fisik sàhà *non-fisik naskah SPW*. Ing ngandhap mênika asiling *deskripsi naskah SPW* ingkang kawahyakakên lumantar *tabel*.

Tabel 9. Deskripsi Naskah sàhà Teks SPW

No.	Katrangan	Naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat
1	Irah-irahaning bundhêl naskah	Sêrat Kêmpalan Warnâ-warni
2	Papan panyimpêning naskah	Museum Sonobudoyo Yogyakarta
3	Nomêr kodeks	PB C.197
4	Kode proyek	P 129
5	Nomêr rol sàhà nomêr urut	Rol 98 no 5
6	Irah-irahan teks ingkang dipuntliti	Sêrat Pustâkâ Wasiat
7	Irah-irahan a. Kasêrat ing pundi kémawon b. Adhêdhasar katrangan saking teks utawi katalog c. Katrangan sêrataning irah-irahaning naskah	a. Irah-irahan kasêrat wontên ing kâcâ sangajêngipun teks sàhà ing salêbêting teks. b. Adhêdhasar katrangan saking teks sàhà katalog. c. Irah-irahan dipunsêrat dening panyêrat wontên ing kâcâ sawawining teks sàhà pàdâ wiwitan teks SPW.
8	Asmanipun panyêrat/panyalin	Radèn Nâta Atmâjâ
9	Panutup a. Wêkdal panyêratan	4 Jumadilakir, Bé 1824 (3 Novèmber 1894)
10	Kawontenaning naskah	Naskah taksih saé. Jilidanipun taksih kêncêng. Sêratanipun taksih cêtha, botên wontên mangsi ingkang luntur, kacanipun taksih jangkêp sàhà urut.

No.	Katrangan	<i>Naskah Sêrat Pustakâ Wasiat</i>															
11	Jinising bahaning <i>naskah</i>	Dlancang <i>HVS</i> ingkang warninipun sampun kuning radi soklat.															
12	Kathahing larik sabên kâcâ	Kâcâ 1 lan 2 dumados saking 10 larik wondéné ing kâcâ 3 ngantos dumugi 80 dumados saking 15 larik sabên kacanipun.															
13	Kandêling <i>naskah</i>	8 cm															
14	Ukuran <i>naskah</i> ingkang dipuntaliti	Ukuran samak: 18 x 22 cm Ukuran kâcâ: 17 x 21 cm															
15	Ukuran <i>margin naskah</i> (ingkang dipuntaliti) e. Nginggil f. Ngandhap g. Kiwâ h. Têngên	<table border="1"> <thead> <tr> <th><i>Margin</i></th><th><i>Kâcâ Kiwâ</i></th><th><i>Kâcâ Têngên</i></th></tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Nginggil</td><td>2 cm</td><td>2 cm</td></tr> <tr> <td>Ngandhap</td><td>2,5 cm</td><td>2,5 cm</td></tr> <tr> <td>Kiwâ</td><td>2,7 cm</td><td>1,2 cm</td></tr> <tr> <td>Têngên</td><td>1,2 cm</td><td>2,7 cm</td></tr> </tbody> </table> Gambaripun wonten ing ngandhap mênikâ. 	<i>Margin</i>	<i>Kâcâ Kiwâ</i>	<i>Kâcâ Têngên</i>	Nginggil	2 cm	2 cm	Ngandhap	2,5 cm	2,5 cm	Kiwâ	2,7 cm	1,2 cm	Têngên	1,2 cm	2,7 cm
<i>Margin</i>	<i>Kâcâ Kiwâ</i>	<i>Kâcâ Têngên</i>															
Nginggil	2 cm	2 cm															
Ngandhap	2,5 cm	2,5 cm															
Kiwâ	2,7 cm	1,2 cm															
Têngên	1,2 cm	2,7 cm															
16	Isining <i>naskah</i> (satunggal mênâpâ kêmpalan saking mapinten-pinten teks)	Satunggal bèndhêl <i>naskah</i> ingkang kasusun saking 7 <i>naskah</i> (1. <i>Sêrat Mustakâ Rancang</i> , 2. <i>Sêrat Sèh Malâyâ</i> , 3. <i>Sêrat Pustakâ Wasiat</i> , 4. <i>Sêrat Karmâyânâ</i> , 5. <i>Sêrat Babad Êndrâjâyâ</i> , 6. <i>Sêrat Têkâwêrdi</i> , <i>Bayanmani</i> , <i>Gêmbringbaring</i> , 7. <i>Sêrat Suluk Wisnungkârâ</i>)															
17	Jinising <i>naskah</i>	Piwulang															
18	Dhapukaning teks	Sêkar mაცაპა															
19	Samaking <i>naskah</i>	Samak <i>naskah</i> saking dlancang jinis <i>karton</i> kandêl warni soklat sâhâ dipunlapisi kulit.															
20	Jinising aksârâ <i>naskah</i>	Aksârâ Jawâ carik															
21	Kacaning lêmbâr kasêrat ing	Panyêrating kâcâ wontên ing têngah kanthi ngginakakakên ângkâ arab kasêrat kanthi mangsi warni cêmêng. Wondéné kâcâ ingkang wontên ing pojok iring têngên nginggil kasêrat ngginakakên ângkâ arab kanthi sinêrat ngginakakên potêlot.															
22	Ukuraning aksârâ (agêng, sêdhêngan, alit)	Alit															


No.	Katrangan	Naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat
23	Sikap aksârâ	Miring manêngên
24	Goresan aksârâ	Kandêl
25	Warnaning mangsi	Cêmêng
26	Bâsâ teks	Bâsâ Jawi Énggal
27	Anggènipun milah-milahakên lêmbaring <i>naskah</i> (kalêbêt kacingan ingkang botên kasêrat), manawi langkung saking satunggal <i>naskah</i> kasêbatakên irah-irahan saha kacinganipun	<i>Sêrat Kêmpalan Warnâ-warni</i> kasusun saking 7 <i>naskah</i> . 1. <i>Sêrat Mustâkâ Rancang</i> (1-45) 2. <i>Sêrat Sèh Malâyâ</i> (47-225) 3. <i>Sêrat Pustâkâ Wasiat</i> (233-325) 4. <i>Sêrat Karmâyânâ</i> (331 – 548) 5. <i>Sêrat Babad Êndrâjâyâ</i> 6. <i>Sêrat Têkâwêrdi, Bayanmani, Gêmbringbaring</i> (859-1207) 7. <i>Sêrat Suluk Wisnungkârâ</i> (1216-1328)
28	Kâcâ lêmbaring <i>naskah</i>	<i>Naskah</i> ingkang dipuntaliti mênikâ kaiwitan saking kâcâ 1-86 (kâcâ asli) utawi 233-321 (kâcâ saking <i>penyunting</i>).
29	Kathahing pupuh teks	14 pupuh, inggih mênikâ Dhandhanggulâ, Kinanthi, Sinom, Asmârândânâ, Kinanthi, Dhandhanggulâ, Sinom, Pangkur, Mijil, Maskumambang, Dhandhanggula, Kinanthi, Dhandhanggulâ, sâhâ Sinom.
30	Cacahing pândâ	372 pândâ
31	Kathahing pupuh ingkang dipuntaliti	3 pupuh, inggih mênikâ Dhandhanggulâ 25 pândâ, Kinanthi 27 pândâ, Sinom 28 pândâ.
32	Wujuding aksârâ (ngêtumbar, mucuk êri, mbâtâ sarimbag, nyacing <i>kombinasi</i>)	Ngêtumbar
33	Cap kertas/ <i>stempel</i>	Wontên pérangan ngajêng <i>naskah</i> kâcâ iii kanthi sêratan aksârâ Jâwâ ingkang waosanipun “panti budaya”
34	Cathêtan déning panyêrat sanès	Wontên ing kâcâ v sâhâ kâcâ 235
35	Cathêtan sajawining teks	<i>Kode naskah, stempel naskah, sêratan irah-irahaning naskah.</i>
36	Wujuding tandhâ ing wiwitaning pupuh	
37	Wujuding tandhâ ing pungkasaning pupuh	
38	Wujuding tandhâ ing pungkasaning teks	

No.	Katrangan	<i>Naskah Sêrat Pustâkâ Wasiat</i>
39	Pådå lingså	
40	Pådå lungsi	-

Deskripsi naskah wontên ing nginggil inggih mênikå asiling *deskripsi naskah SPW* ingkang cêtha sâhå ringkês. Wondéné andharan langkung jangkêpipun kawahyakakên ing ngandhap mênikå.

1. Papan panyimpênan, nomêr *koleksi*, sâhå irah-irahan


Naskah SPW kasimpên wontên ing *Museum Sonobudoyo Yogyakarta* kanthi nomêr *kode PB C. 197*. Irah-irahan *naskah* sagêd dipunmangêrtosi adhêdhasar katrangan sajawining *teks* sâhå katrangan salêbêting *teks*. Irah-irahan sagêd dipunmangêrtosi saking pérangan *halaman judul* ingkang wontên ing sajawining *teks*. Irah-irahan mênikå kasêrat ngginakakên aksârå Jåwå kados gambar ing ngandhap mênikå.



Transliterasi: Sêrat Pustâkâ Wasiat

Gambar 1. Irah-irahan ing *halaman judul teks*

Kajawi wontên ing pérangan *sampul dalam*, irah-irahan *naskah* ugi kasêrat wontên ing salêbêting *teks*. Irah-irahan mênikå kasêrat wontên ing pådå 1 gâtrå kaping kalih kados gambar ing ngandhap mênikå.



Transliterasi: sun manêdhak puståkå wasiyat

Gambar 2. **Irah-irahan ing salebeting teks**

Gambar ing nginggil cuplikaning *teks SPW* ingkang kawaos “sun manêdhak puståkå wasiyat” manawi dipun-*terjemah*-akên ing bâså Indonésia “*saya menyalin pustaka wasiat*”. Saking ukårå mênikå nedahakên bilih irah-irahan saking *teks* inggih mênikå Puståkå Wasiat.

2. Kawontênaning *naskah*

Kawontênaning *naskah SPW* taksih saé, jilidanipun taksih kêncêng. Sêratanipun taksih cêtha sårå gampil dipunwaos, botên wontên mangsi ingkang luntur. Kacanipun ugi taksih jangkêp sårå urut, botên wontên ingkang ical mênåpå déné risak. Bahaning *naskah* ngginakakên dlancang *HVS* ingkang warninipun sampun kuning radi soklat. Samaking *naskah* ngginakakên dlancang jinis *karton* kandêl warni soklat sårå dipunlapisi kulit. Wondéné wujudipun kados gambar ing ngandhap mênikå.



Gambar 3. **Samaking *naskah***

3. Isining *naskah*

Bundhêl *naskah Sêrat Kêmpalan Warnâ-warni* kasusun saking 7 *teks* inggih mênika 1. *Sêrat Mustâkâ Rancang*, 2. *Sêrat Sêh Malâyâ*, 3. *Sêrat Pustâkâ Wasiat*, 4. *Sêrat Karmâyânâ*, 5. *Sêrat Babad Êndrâjâyâ*, 6. *Sêrat Têkâwêrdi*, *Bayanmani*, *Gêmbiringbaring*, 7. *Sêrat Suluk Wisnungkârâ*. Isining *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* inggih mênika ngandharakên piwulang kanggé tiyang anèm nglampahi gêsang sâhâ piwulang sêsambêtanipun manungsâ kalihan Gusti.

4. Sêratan, bâsâ, sâhâ dhapukaning *teks*

Teks SPW awujud *teks* carik, satêmah sêratanipun awujud aksârâ carakan carik. Sikaping aksârâmiring manêngên kanthi *goresan* aksârânipun kandêl. Warni mangsi ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks SPW* inggih mênika sadâyâ warni cêmêng ananging wontên ingkang sinêrat ngginakakên potêlot.

Bâsâ ingkang dipunginakakên wontên ing *teks SPW* inggih mênika bâsâ Jawi gagrag énggal. Wondéné dhapukaning *teks SPW* inggih mênika sêkar mაცპატ. *Teks SPW* ngawrat 14 pupuh, dhandhanggulâ 25 pādâ, kinanthi 27 pādâ, sinom 28 pādâ, asmârândânâ 37 pādâ, kinanthi 26 pādâ, dhandhanggulâ 15 pādâ, sinom 14

pådå, pangkur 20 pådå, mijil 31 pådå, maskumambang 55 pådå, dhandanggula 14 pådå, kinanthi 23 pådå, dhandhanggulå 29 pådå, lan sinom 28 pådå. Pramilå, gunggunging pådå *teks SPW* inggih 372 pådå.

5. *Penomeran kakaning naskah*


Bèndhêl *naskah Sêrat Kempalan Warnå-warni* wontên kalih wujud nomêr kacanipun, inggih mênikå nomêring kåcå asli sårå nomêring kåcå saking *penyunting*. Nomêring kåcå ingkang asli saking *teks* kasêrat wontên ing nginggil têngah ngginakaken ångkå Arab kasêrat latin kanthi mangsi warni cêmêng. Nomêring kåcå asli mênikå kawiwitan saking ångkå 1 lan wangsul malih ångkå 1.

Nomêr kåcå ingkang saking *penyunting* mapan wontên ing nginggil sisih têngên *teks*. Nomêring kåcå mênikå kasêrat ngginakakên ångkå Arab kasêrat Latin kanthi ngginakakên potêlot, ananging kacanipun kawiwitan saking i-xii sårå 1-1328. Nomêring kåcå *teks SPW* nomêr asli saking *teks* kawiwitan saking kåcå 1 ngantos dumugi kåcå 86. Wondéné nomêring kåcå saking *penyunting* kawiwitan saking kåcå 233 ngantos dumugi kåcå 321.

6. *Cathêtan déning panyêrat sanès*

Wontên ing kåcå v *naskah Sêrat Muståkå Rancång* wontên cathêtan ingkang awujud gambar tiyang. Isinipun saking sêratanipun inggih mênikå nêgêsi sadåyå peranganing badan wiwit saking rikma ngantos dumugi ing tlapakaning suku kados ing ngandhap mênikå. Wondéné cathêtan ingkang wontên ing kåcå 235 wontên sêratan astå ingkang wosipun nyariosakên wêkdal sédanipun kalih

priyantun. Ingkang dipuncariyosaken inggih mênikå sêdanipun Radèn Ngêbèi Sélå Sêbrântå sâhå Radèn Mas Purwå Atmå. Gambaripun kados ing ngandhap mênikå.





Gambar 4. Cathêtan déning panyêrat sanès

7. Cathêtan sawawining teks

Cathêtan ingkang wontên ing sawawining *naskah* sâhå *teks SPW* wontên warni-warni wujudipun, antawisipun inggih mênikå *kode naskah*, *stempel* sâhå sêratan *penetbit*. Wujudipun warni-warni, wontên ingkang sinêrat Latin sâhå aksårå Jåwå. Wondéné cathêtan ingkang wontên ing *naskah* sâhå *teks SPW* kaandharakên lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 10. Cathêtan Sawawining Teks SPW

No	Wujuding Cathêtan	Katrangan
1		Cathêtan mênikå minångkå tåndhå bilih <i>naskah</i> mênikå dipundalakên déning <i>Boekbinderij en Lijstenmakerij Kariosentono Kaoeman Djokja</i> .
2		MSB/Piw 129 nêdahakên <i>kode proyek naskah SPW</i> . MSB nêdahakên bilih <i>naskah</i> mênikå koleksi Museum Sonobudoyo Yogyakarta. Sêratan Piw nêdahakên bilih <i>naskah</i> mênikå kalêbêt jinis <i>naskah</i> piwulang

No	Wujuding Cathêtan	Katrangan
		kanthi nomêr urut 129. Wondéné PBC 197 nêdahakên <i>kode naskah</i> -ipun.
3		<i>Kode Naskah</i>
4		Cap kanthi waosan “panti budayâ”
5		<i>Daftar susunaning teks ingkang wontên ing bundhêl naskah.</i>

Adhêdhasar katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan *teks SPW* dipunripta déning Radèn Mas Nåtå Atmåjå. Kasêrat nalikå tanggal 4 Jumadilakir, Bé 1824 utawi 3 Novèmbêr 1894. Ngantos samênikå umur saking *teks SPW* sampun ngancik 126 taun. *Naskah SPW* mênikå mbok manawi wontên babonipun ingkang dèrèng dipunmangêrtosi papan panyimpênanipun. Katitik ing salêbêting *teks* mênikå dipunandharakên bilih *teks SPW* mênikå namung têdhakan utawi salinan.

B. Transiterasi sâhå Suntingan Teks

1. Pandom Transliterasi












Pandom *transliterasi* dipundamêl kanggé nggampilakên *transliterasi teks SPW* sâhå kanggé nggampilakên pamaos kanggé mangêrtosi asiling *transliterasi*

teks SPW. Pandom *transliterasi* ingkang dipunginakakên wontên ing *transliterasi teks SPW* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Wujuding aksårå Jåwå sårå pasanganipun

Aksårå Jåwå ingkang asring dipunsêbut dêtåwyanjånå utawi carakan mênikå gunggungipun wontên 20 (kalih dåså), inggih mênikå hæ, nå, cå, rå, kå, då, tå, så, wå, lå, på, dhå, jå, yå, nyå, må, gå, bå, thå, sårå ngå. Sådåyå aksårå mênikå gadhah pasanganipun piyambak-piyambak. Aksårå Jåwå mênikå sipatipun *silabik* wondéné pasanganipun ingkang ndadosakên aksårå Jåwå asipat *konsonantal*. Aksårå Jåwå sårå pasanganipun sådåyå kapanggihakên wontên ing *teks SPW*. Wondéné wujudipun kaandharakên lumantar *tabel* wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel 11. Wujuding Aksårå Jåwå sårå Pasanganipun




Nåmå Aksårå	Wujud		Tulådå	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Terjemahan</i>
	Aksårå Jåwå	Pasangan			
Hå		... 		aywå	<i>Jangan</i>
Nå		 		nêdhak puståå	<i>Menyalin buku</i>
Cå		 		cakut mangangkah	<i>Segera melangkah</i>
Rå		 		ruming tingkah	<i>Berkelakuan baik</i>
Kå		 		kongas	<i>Luhur</i>
Då		 		dèrèng	<i>Belum</i>
Tå		 		tåpå	<i>Mencegah nafsu</i>
Så		 		sunu	<i>Anak</i>
Wå		 		wus ilang	<i>Sudah hilang</i>

Nãmå Aksårå	Wujud		Tulådå	Transliterasi Standar	Terjemahan
	Aksårå Jåwå	Pasangan			
Lå		 		lali	<i>Lupa</i>
På		 		pårå	<i>Para</i>
Dhå		 		dhahar	<i>Makan</i>
Jå		 		jalmå	<i>Manusia</i>
Yå		 		yèn alusnyå	<i>Jika rohnya</i>
Nyå				nyêgah	<i>Cegah</i>
Må		 		marang	<i>Kepada</i>
Gå		 		ginggang	<i>Renggang</i>
Bå		 		bêcik	<i>Baik</i>
Thå		 		waskithå	<i>Awas</i>
Ngå		 		nglayang	<i>Memberi surat</i>

b. Wujuding Aksårå Murda

Aksårå murdå utawi aksårå *mahaprana*, inggih mênikå aksårå ingkang kêdah dipunucapakên kanthi abab ingkang kathah (Mulyani, 2015: 7). Cacahing aksårå murdå wontên pitu aksårå, inggih mênikå Nå, Kå, Tå, Så, På, Gå sårå Bå. Aksårå murdå ingkang kapanggihakên wontên ing *teks SPW* wonten gangsal aksårå. Wujudipun saking gangsal aksårå murdå ingkang kapanggihakên ing *teks SPW* kados ing ngandhap mênikå.


Tabel 12. Wujuding Aksârâ Murdâ

Nâmâ Aksârâ	Wujud		Tulâdhâ	Transliterasi	Terjemahan
	Aksârâ Murdâ	Pasangan			
Nâ		-		Nabi	Nabi
Bâ		-			
Pâ		-		Nerpati	Raja
Tâ		 			
Sâ		-		Suci	Suci

c. Wujuding Aksârâ Rékan

Aksârâ rékan utawi aksârâ damêlan inggih mênikâ mujudakên aksârâ ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat têtêmbungan ingkang saking bâsâ ngamâncâ, mliginipun bâsâ Arab (Padmosoekotjo, 1989: 42). Aksârâ rékan cacahipun wontên gangsal aksârâ, inggih mênikâ kha, va/fa, dza, gha, sâhâ za. Aksârâ rékan ingkang kapanggihakên wontên ing *teks SPW* wontên satunggal. Wujudipun saking aksârâ rékan ingkang kapanggihakên ing *teks SPW* kados ing ngandhap mênikâ.

Tabel 13. Wujuding Aksârâ Rékan




Nâmâ Aksârâ	Wujud		Tulâdhâ	Transliterasi	Terjemahan
	Aksârâ Rékan	Pasangan			
Kha		-		Mukhammad Râsullolâh	Muhhamad Rosulallah

d. Wujuding Aksârâ Swârâ

Aksârâ swârâ mênikâ swârâ inggih mênikâ aksârâ ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat aksârâ *vokal* ingkang dados wandâ. Aksârâ swârâ mênikâ sajatosipun namung wontên gangsal, inggih mênikâ a, i, u, é, o. Ananging aksârâ rê sâhâ lê

kalêbêtakên wontên aksârâ swârâ (piridan saking aksârâ *Dévanāgarī*), milâ saking mênikâ wontên ingkang mastani bilih aksârâ swârâ mênikâ wontên pitu (Mulyani, 2015: 9). Aksârâ swârâ a, i, u, é, sâhâ o sajatosipun botên kénging dipunsukani sandhangan swârâ. Ananging wontên ing *teks SPW* kapanggihakên aksârâ swârâ a ingkang dipunsukani sandhangan swârâ wulu ingkang ungelipun i. Wondéné wujud saking aksârâ swârâ ingkang wontên ing *teks SPW* kados ing ngandhap mênikâ.











Tabel 14. Wujuding Aksârâ Swârâ

Nâmâ Aksârâ	Wujud		Tulâdhâ	Transliterasi	Terjemahan
	Aksârâ Swârâ	Pasangan			
A		-		anglim	<i>alim</i>
I		-		gaib	<i>gaib</i>
Rê		-			
Lê		-		salêsih	<i>ribet</i>

e. Wujuding Sandhangan

Sandhangan inggih mênikâ tândhâ pirantining aksârâ Jâwâ ingkang dipunginakakên kanggé ngéwahi utawi nambah swantêning aksârâ utawi pasangan. Sandhangan gunggungipun wonten 12 ingkang dipunpérang dados sakawan jinis, inggih mênikâ sandhangan swârâ, sandhangan wyanjânâ, sandhangan panyigêg wandâ, sâhâ sandhangan pangkon/patên (Padmosoekotjo, 1989: 17-19). Sadâyâ jinising sandhangan wontên salêbêting *teks SPW*. Wondéné wujudipun kados ing ngandhap mênikâ.

Tabel 15. Wujuding Sandhangan

Nâmâ Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulâdhâ	Translitêrasi
Wulu (Vokal u)			witing
Pêpêt (Vokal ê)			bênêr
Taling (Vokal é/è)		 	yèku saé
Taling tarung (Vokal o)			kono
Suku (Vokal u)			tuhu
Wignyan (Sigêg h)	 		tingkah
Layar (Sigêg r)			gumilar
Cêcak (Sigêg ng)			ingkang
Câkrâ (Panjing râ)			prâ sunu
Cârâ Kérêt (Panjing râ pêpêt)			pamrêsing
Péngkal (Panjing yâ)			samyâ
Pangkon			jisim

f. Panyêrating Aksârâ /hâ/

Aksârâ /hâ/ botên mêsthi dipun-*transliterasi*-akên dados hâ. Aksârâ /hâ/ manawi dipunucapakên cêthâ utawi abot dipunsêrat /hâ/, wondéné /hâ/ ingkang dipunucapakên ènthèng dipunsêrat /â/ (Harjawiyana, 1994: 7). Tulâdhâ anggènipun ngginakakên wontên *teks SPW* kados ing ngandhap mênikâ.


Tabel 16. Panyêrating Aksârâ /hâ/

Aksârâ hâ	Tulâdhâ	Transliterasi Standar
Kaucapakên cêthâ		hâwâ
Kaucapakên ènthèng		asmâ

g. Panyêrating /e/ kanthi diakritik ê, é, sâhâ è

Panyêratan /e/ wontên ing aksârâ Jâwâ wontên tigang *variasi* ingkang dipundhasari anggènipun ngginakakên sandhangan swârâ /e/ pèpêt sâhâ /e/ taling. Panyêrating /e/ pèpêt kanthi tandhâ *diakritik* /ê/, wondéné /e/ taling dipun-*transliterasi* kanthi ngginakakên kanthi tandhâ *diakritik* /é/ sâhâ /è/. Ing ngandhap mênika tulâdhâ panyêrating *vokal* ê, é, sâhâ è wontên teks SPW.


Tabel 17. Panyêrating /e/ kanthi *Diakritik* ê, é, sâhâ è

Wujud Sandhangan	Tulâdhâ	Transliterasi Standar	Terjemahan
Pèpêt 		mêngku	Memiliki
Taling 		déné	Sedangkan
		èstu	nyata

h. Panyêrating Taling Tarung Sêmu

Taling tarung sêmu inggih mênika taling tarung ingkang ingkang aksara salajênipun aksârâ *nasal* (ny, m, ng, n) anggènipun alih aksârâ sinêrat *vokal* a (Padmosoekotjo, 1989: 36). Wondéné tulâdhâ *transliterasi* taling tarung sêmu ingkang wontên ing teks SPW kados ing ngandhap mênika.


Tabel 18. Panyêrating Taling Tarung Sêmu

Tuladhâ	<i>Transliterasi Diplomatik</i>	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Terjemahan</i>
	mongkå	mångkå	<i>padahal</i>

i. Panyêrating Têmbung Dwilinggå

Panyêrating têmbung dwilinggå wontên ing *transliterasi* ngginakakên tandhå gandhèng (-). Wondéné tuladhå panyêratipun kados ing ngandhap mênikå.



Tabel 19. Panyêrating Têmbung Dwilinggå

Tuladhå	<i>Transliterasi Diplomatik</i>	<i>Transliterasi Standar</i>
	kalihkalih	kalih-kalih

j. Panyêrating aksårå rangkêp ingkang kasusun saking proses afiksasi

Panyêrating têmbung-têmbung ingkang kasusun saking *proses afiksasi* aksårå pungkasan saking têmbung lingganipun kasêrat rangkêp. Namung, anggènipun nyêrat wontên *transliterasi standar*, salah satunggal aksårå rangkepipun dipunicali. Tuladhånipun kados ing ngandhap mênikå.


Tabel 20. Panyêrating Aksårå Rangkêp Kasusun saking Proses Afiksasi

Tuladhå	<i>Transliterasi Diplomatik</i>	<i>Transliterasi Standar</i>
	pathokkannipun	Pathokanipun
	nglakonni	Nglakoni

k. Panyêrating Aksârâ râ agung

Aksârâ râ agung ingih mênika aksârâ ingkang awis dipunginakakên. Aksârâ mênika adatipun dipunginakakên wontên ing *naskah-naskah* kraton. Aksârâ râ agung dipunginakakên kanggé nyêrat asmanipun priyantun luhur (<https://ramalanjawadwipa.blogspot.com/2014/11/sejarah-aksara-jawa-lengkap.html?m=1>). Wontên ing *teks SPW* kapanggihakên aksârâ râ agung. Wondéné wujud sâhâ tuladhâ panyêratipun kados ing ngandhap mênika.

Tabel 21. Panyêrating aksârâ râ agung

Wujud Aksârâ	Tuladhâ	Transliterasi Standar	Terjemahan
		naréndrâ	<i>raja</i>

l. Panyêrating Tândhâ Pamaos

Tabel 22. Panyêrating Tândhâ Pamaos

Jinising Tândhâ Pamaos	Wujuding Tândhâ Pamaos	Transliterasi Standar
Pâdâ Lingsâ		/
Mangajapâ		//

2. Pandom Suntingan

Pandom *suntingan* dipunginakakên kanggé nggampilakên anggènipun damêl *suntingan teks SPW* kanthi ngginakakên tândhâ-tândhâ. Tândhâ-tândhâ ingkang dipunginakakên damêl *suntingan teks SPW* kaandharakên ing ngandhap mênika (Hartanto, 2018: 18).

- Tândhâ [...] kanggé têtêngêr nggantos aksara utawi têmbung

- b. Tândhå (...) kanggé têtêngêr manawi badhé ngirangi wandå utawi têmbung
- c. Tândhå <...> kanggé têtêngêr manawi badhé nambah wandå utawi têmbung
- d. Wontên ing sabên *aparât kritik* dipunsukani ångkå Arab ingkang sinêrat Latin (...¹, ...², ...³, lsp)

3. *Asiling Transliterasi sâhå Suntingan Teks SPW*

Transliterasi ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* inggih mênikå cârå anggènipun damêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar *Ejaan Yang Disempurnakan (EyD)* ingkang taksih dipunginakakên (Mulyani, 2012: 11). Ancasing ngginakakên *translitêrasi standar* mênikå supados nggampilakên anggènipun maos sâhå mangêrtosi *teks Sêrat Puståkå Wasiat*.

Wondéné anggènipun nglampahi *suntingan teks* ngginakakên *suntingan edisi standar*. *Suntingan teks* dipunlampahi kanthi nliiti *teks SPW* kanggé nambahi, ngirangi, sâhå nggantos aksårå utawi tetembungan satêmah dipunasilakên *teks* ingkang rêsik kasing kalêpatan. *Asiling transliterasi sâhå suntingan teks SPW* kaandharakên lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 22. *Asiling Transliterasi sâhå Suntingan Teks SPW*

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
1	{kåcå 1}// Pamrêsing tyas sinawung mêmanis/ yun manêdhak puståkå wasiat/ ing Radyan Natatmajané/ kinon nganggyå pråsunu/ kang dèrèng wrin rahsyèng kintèki/ samyå amersudyåå/ aywå tyas balilu/	{kåcå 1}// Pamrêsing tyas sinawung mêmanis / yun manêdhak Puståkå Wasiat / ing Radyan Natatmajané/ kinon nganggyå pråsunu / kang dèrèng wrin rahsyèng kintèki / samyå amêrsudyåå / aywå tyas balilu / lukitaning kang puståkå /

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	lukitaning kang puståkå/ bångså råhså supadyå ngrunyêp tyas pèni/ aywå kèh nrang druåkå//	bångså råhså supadyå ngrunyêp tyas pèni / aywå kèh nrang druåkå//
2	sasmitèng rèh lamun adêdasih / asiyå mring sagung kancanirå / rakêtên ing sabdå sumèh / sumarah rèh rahayu / ywa ngu{ kåcå 2 }cirå mring rowang iring / ngruruhå ruming tingkah / kahananing laku / kumêndêlå ing ywang sukma / narimåå yen bejå durung tumitis / têgêsêna ingkang karyå//	sasmitèng rèh lamun adêdasih / asiyå mring sagung kancanirå / rakêtên ing sabdå sumèh / sumarah rèh rahayu / ywa ngu{ kåcå 2 }cirå mring rowang iring / ngruruhå ruming tingkah / kahananing laku / kumêndêlå ing ywang sukma / narimåå yen bejå durung tumitis / têgês(è)na ¹ ingkang karyå//
3	bumi langit miwah mati urip / parapunên tyas kèng mrih tan arsa / yåiku kang mêmurung rèh / rèhing kalbu puniku / wawasên sing paningal latip / latip saèstu nyåtå / bingal jroning kalbu / dudu nétrå kang nèng mukå / tingal batin dunungé nèng sanusari / wawasên diwaskithå//	bumi langit miwah mati urip / parapunên tyas kèng mrih tan arsa / yåiku kang mêmurung rèh / rèhing kalbu puniku / wawasên sing paningal latip / latip saèstu nyåtå / bingal jroning kalbu / dudu nétrå kang nèng mukå / tingal batin dunungé nèng sanusari / wawasên diwaskithå//
4	{ kåcå 3 } kanthanira kang kongsi malithit / pêpathêtên kêplaséng panéndrå / ing kono padunungané / rukyat ing kadulu / gumilar wus ilang gung kumlip / barang kang katingalan / sasmitå satuhu / nora milir lan tan milar / yekti têtên tètès sakujaring gâib / gaibe kang minulyå//	{ kåcå 3 } kanthanira kang kongsi malithit / pêpathêtên kêplaséng panéndrå / ing kono padunungané / rukyat ing kadulu / gumilar wus ilang gung kumlip / barang kang katingalan / sasmitå satuhu / nora milir lan tan milar / yekti têtên tètès sakujaring gâib / gaibe kang minulyå//
5	mulyakêna gung urip puniki / aywå ngantyå kasasaring salah / palangana mrih wurungé / runganên gung pitutur / tampanånå cathêtên ngati / têlat kang pasang sétå / susêtyèng silarju / jaganên jêjêging karså / byati darmå napsu kang pinoting jisim / pamurunging tyas arjå//	mulyakêna gung urip puniki / aywå ngantyå kasasaring salah / palangana mrih wurungé / rungunên gung pitutur / tampanånå cathêtên ngati / têlat kang pasang sétå / susêtyèng silarju / jaganên jêjêging karså / byati darmå napsu kang pinoting jisim / pamurunging tyas arjå//

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
6	marmå sirå ingkang ngati-ati / tindak tanduk tatanên ing nâlå / nalikå lumêksanané / wali-wali ing ayun / wêwulangé pârå binangkit / tan ånå ingkang salah / bônêr tur saèstu / wênèh jalmå ta{kåcå 4}n rinåså / yèn kasusu sêngguh piyangkuh andadi / bêging tyas wus sujånå//	marmå sirå ingkang ngati-ati / tindak tanduk tatanên ing nâlå / nalikå lumêksanané / wali-wali ing ayun / wêwulangé pârå binangkit / tan ånå ingkang salah / bônêr tur saèstu / wênèh jalmå ta{kåcå 4}n rinåså / yèn kasusu sêngguh piyangkuh andadi / bêging tyas wus sujånå//
7	malah-malah amrih mijanani / mring wulangé pârå tuwå-tuwå / ing kunå-kunå winan / tur iku jatènipun / yèn kawuwus ing wuwus lungit / samångså dipunlatap ngêpus mêtû êntut / saé-saéné mangucap / ngucap-ngucapakên badhêg, bangêr, amis bacin / cênthulå ngåmbra-åmbra//	malah-malah amrih mijanani / mring wulangé pârå tuwå-tuwå / ing kunå-kunå winan / tur iku jatènipun / yèn kawuwus ing wuwus lungit / samångså dipunlatap ngêpus mêtû êntut / saé-saéné mangucap / (<u>ngucap</u>) ² -ngucapakên badhêg, bangêr, amis bacin / cênthulå ngåmbra-åmbra//
8	glis jiratên pamikir kadyèki / supâyå nir sudarganirå tyas / lir târå sêdhêng mangsané / kêtigå pamènipun / rêsik ingkang budyåmrik / milålå sukaning lyan / nirdéyå tan kêtung / kang tanggap tampiling sabdå / ing ywå lancang tumloncong sêbarang angling / pingitên aywå kongas//	glis jiratên pamikir kadyèki / supâyå nir sudarganirå tyas / lir târå sêdhêng mangsané / kêtigå <u>pam[i]nipun</u> ³ / rêsik ingkang budyamrik / milålå sukaning lyan / nirdéyå tan kêtung / kang tanggap tampiling sabdå / ing ywå lancang tumloncong sêbarang angling / pingitên aywå kongas//
9	mangéstoknå kaujaring tulis / têtilasé gung pârå sujånå / ing nguni kang wus kinaot / têtå tuladhanipun / datan kurang wulang jro tamsil /{kåcå 5} agal alusing tindak / tindak kang rahayu / yuwananing wranèng donya / myang basuki sujalma suwitèng Gusti / têtêpå susélarjå//	mangéstoknå kaujaring tulis / têtilasé gung pârå sujånå / ing nguni kang wus kinaot / têtå tuladhanipun / datan kurang wulang jro tamsil /{kåcå 5} agal alusing tindak / tindak kang rahayu / yuwananing wranèng donya / myang basuki sujalma suwitèng Gusti / têtêpå susélarjå//
10	jalarané bêjå sugih singgih / gagah saguh mring tindak utåmå / tumanên mring tyas tēmēné /	jalarané bêjå sugih singgih / gagah saguh mring tindak utåmå / tumanên mring tyas tēmēné / tinēmēnan

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	tinêmênan katêmu / yèn tan tahan tyasnya tanpa ris / maras-maras kawawas / mring darbèking liyan mangungkih / kyating caku mangangkah//	katêmu / yèn tan tahan tyasnya tanpa ris / maras-maras kawawas / mring darbèking liyan mangungkih / kyating caku mangangkah//
11	gagah guyub agahaning budi / dadya ilang wahyonira oncat / pinuncat méncok liyané / nêrajang kang budyarum / rumangsannyâ si ardâ dupi / pinukul adil samar / marmâ dipunémot / mêngêti tingkahé jalmâ/ myang sêbarang kang gumêrmêt kang kumêlip / kapyâ dadyâ wêwulang//	gagah guyub agahaning budi / dadyâ ilang wahyonira oncat / pinuncat méncok liyané / nêrajang kang budyarum / rumangsannyâ si ardâ dupi / pinukul adil samar / marmâ dipunémot / mêngêti tingkahé jalmâ/ myang sêbarang kang gumêrmêt kang kumêlip / kapyâ dadyâ wêwulang//
12	nganglangâna pakèwuhing jalmi / aywâ dupi jalmâ sudrâ pâpâ / ngruthêk nisthâ panganggéné / awasêna ka{kâcâ 6}ruwun / pangikêté sajroning ati / tan kêna ginêgampang / titahing Ywang Agung / samyâ darbèni kapêsan / datan langgêng lêlakoning donyâ iki / sor unggul kalah mênang//	nganglangâna pakèwuhing jalmi / aywâ dupi jalmâ sudrâ pâpâ / ngruthêk nisthâ panganggéné / awasêna ka{kâcâ 6}ruwun / pangikêté sajroning ati / tan kêna ginêgampang / titahing Ywang Agung / samyâ darbèni kapêsan / datan langgêng lêlakoning donyâ iki / sor unggul kalah mênang//
13	yèn pinaring lêlakoning Widi / lagyâ asor sudrâ pâpâ nisthâ / kalah lan sapêpadhané / kasurang sruka surung / kasangsaran sinarang maring / sagungé sanak kadang / kadyâ samyâ ngriwuk / ananging wis adatira / sok si aja maha-maha laku sisip / amung ngusap jajâ//	yèn pinaring lêlakoning Widi / lagyâ asor sudrâ pâpâ nisthâ / kalah lan sapêpadhané / kasurang sruka surung / kasangsaran sinarang maring / sagungé sanak kadang / kadyâ samyâ ngriwuk / ananging wis adatira / sok si aja maha-maha laku sisip / amung ngusap jajâ//
14	manêbutâ asmaning Ywang Widi / pan Lakaholawalakuwata / Ilabilahilngalamé / lan astagpirolâhu / subkanalâh kamdulilahi / jroning tyas tokidênâ / têngsuping kawruh / kawruh kang mêsthi utâmâ /	manêbutâ asmaning Ywang Widi / pan Lakaholawalakuwata / Ilabilahilngalamé / lan astagpirolâhu / subkanalâh kamdulilahi / jroning tyas tokidênâ / tjilnangsuping ⁴ kawruh / kawruh kang mêsthi utâmâ /

Påðå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	utamèng trusing urip praptå ing pati / pati pati-patitis mriyå//	/ utamèng trusing urip praptå ing pati / pati pati-patitis mriyå//
15	dèn narimå pintanên ing batin / aywå kongsi batal niyatirå / ywå susah sinung lêlakon / laku{kåcå 7} kang nora jujur / jêr jinajal atêping ati / déning Ywang Måhå Mulyå / yèn nyåtå pinujul / kari nampani nugrâhå / bêjå iku tan kêna kikiréng jalmi / yèn adoh ingkang karyå//	dèn narimå pintanên ing batin / aywå kongsi batal niyatirå / ywå susah sinung lêlakon / laku{kåcå 7} kang nora jujur / jêr jinajal atêping ati / déning Ywang Måhå Mulyå / yèn nyåtå pinujul / kari nampani nugrâhå / bêjå iku tan kêna kikiréng jalmi / yèn adoh ingkang karyå//
16	nora angèl yêkti langkung gampil / ngingir mring wibawaning manungsyå / kang luhur kinaryå asor / asor kinaryå luhur / sâpå ingkang malang-malangi / mukarâbin malekat / tan wiknyå tumangguh / yèn mirawus tan narimå / déra ngingkit sasmitå kang karyå urip / pêsthi mangkono ugå//	nora angèl yêkti langkung gampil / ngingir mring wibawaning / kang luhur kinaryå asor / asor kinaryå luhur / sâpå ingkang malang-malangi / mukarâbin malekat / tan wiknyå tumangguh / yèn mirawus tan narimå / déra ngingkit sasmitå kang karyå urip / pêsthi mangkono ugå//
17	lair nêrpati kang nêbadani / ing sapangrèh tan gèsèh ing karså / rèh karyå mångkå gantiné / déné Ywang Måhå Luhur / kang nglairakên bêjaning jalmi / minångkå lantarannya / Ywang subkinalåhu / Sang Sri saèstu yèn darmå / lårå wiryå atas karsaning Hyang Widi / iku sêjatènirå//	lair nêrpati kang nêbadani / ing sapangrèh tan gèsèh ing karså / rèh karyå mångkå gantiné / déné Ywang Måhå Luhur / kang nglair(a)kên ⁵ bêjaning jalmi / minångkå lantarannya / Ywang subkinalåhu / Sang Sri saèstu yèn darmå / lårå wiryå atas karsaning Hyang Widi / iku sêjatènirå//
18	marmå sirå ingkang ngati-ati / pêrsudinên patraping utåmå / tåmå tinanêm jro tyasé / tyas kang panggah mrih hayu / yuwananing suwitèng Gusti / kang titi barêng karså / wohé nålå kudur / ing wrin mring lakutåmå / utamèng trus dandani méndahing budi / {kåcå 8} budi pusakèng badan//	marmå sirå ingkang ngati-ati / pêrsudinên patraping utåmå / tåmå tinanêm jro tyasé / tyas kang panggah mrih hayu / yuwananing suwitèng Gusti / kang titi barêng karså / wohé nålå kudur / ing wrin mring lakutåmå / utamèng trus dandani méndahing budi / {kåcå 8} budi pusakèng badan//

Påðå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
19	dandanirå ingkang nêbadani / nêmbadani laku kang raharjå / jêr tapanirèng jisimé / manyêgah dhahar nginum / tapaning roh pan ora guling / tapèng tyas èstu sabar / sabar barang kayun / mung sawiji ingkang mêdal / sing tapèng tyas barang karså nêngêr jati / mêsthi glis linampahan//	dandanirå ingkang nêbadani / nêmbadani laku kang raharjå / jêr tapanirèng jisimé / manyêgah dhahar nginum / tapaning roh pan ora guling / tapèng tyas èstu sabar / sabar barang kayun / mung sawiji ingkang mêdal / sing tapèng tyas barang karså nêngêr jati / mêsthi glis linampahan//
20	datan kêna lamun dèn sabari / bok mênawå nyupêt lêlampahan / tapaning urip yêktiné / jroning tyas kêdah émut / datan kêna lali sakmênit / yèn sirå sêdyå mãhå / lali karya luput / gigang sihirå Ywang Sukmå / kaping kalih sihirå sri nârå pati / marmå tan kêna gampang//	datan kêna lamun dèn sabari / bok mênawå nyupêt lêlampahan / tapaning urip yêktiné / jroning tyas kêdah émut / datan kêna lali sakmênit / yèn sirå sêdyå mãhå / lali karya luput / gigang sihirå Ywang Sukmå / kaping kalih sihirå Sri Nârå Pati / marmå tan kêna gampang//
21	laku-lakuning urip puniki / nadyan praptèng ing jaman kasidan / yèn sujalma nir élingé / rusak ing patènipun / uripirå dadi jinis jim / kagédang marang håwå / nêsonirå catur / sêbab pisahé lan jasad / langkung awrat dahat dèwirå tanapti / milå gung anggêgodhå//	laku-lakuning urip puniki / nadyan praptèng ing jaman kasidan / yèn sujalma nir élingé / rusak ing patènipun / uripirå dadi jinis jim / kagédang marang håwå / nêsonirå catur / sêbab pisahé lan jasad / langkung awrat dahat dèwirå tanapti / milå gung anggêgodhå//
22	duking urip ngantyå praptèng pati / marmå aywå sirå pègat-pègat /{kåcå 9} manrang budi sadinané / mamrih raharjèng laku / samubarang kang dén lampahi / kang éling trusing manah / jêr sagung tumuwuh / datan sapraptèng lénå / gunging umat pèsthi lamun nganggyå mati / nadyan jêng dutaning Ywang//	duking urip ngantyå praptèng pati / marmå aywå sirå pègat-pègat /{kåcå 9} manrang budi sadinané / mamrih raharjèng laku / samubarang kang dén lampahi / kang éling trusing manah / jêr sagung tumuwuh / datan sapraptèng lénå / gunging umat pèsthi lamun nganggyå mati / nadyan jêng dutaning Ywang//
23	Nabi Mukhamad Rasulolåhi / awêrana lêlantaran séda / tur Nabi nujul dhéwé / babuning roh	Nabi Mukhamad Rasulolåhi / awêrana lêlantaran séda / tur Nabi nujul dhéwé / babuning roh sédarum

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	sédarum / pitung langit lan pitung bumi / datan lyan jêng Mukhamad / purwâ-purwanipun / turing ngakèn bahsaning Hyang / suprandéné mêksâ angagêm kêkêlir / jati Walâhuanglim//	/ pitung langit lan pitung bumi / datan lyan jêng Mukhamad / purwâ-purwanipun / turing ngakèn bahsaning Hyang / suprandéné mêksâ angagêm kêkêlir / jati Walâhuanglim//
24	mångsâ borong ingkang manampani / kang minangkâ pangèngêting driyâ / aywâ lali sadinané / mêrsudi ing laku / kêlakuan alusing budi / dohnâ dirgungi sabdâ / kumintêr kumingsun / ambêg wignyâ mutêr jagad / sêrandyan séstu lamun binangkit / akaryâ nèking driyâ//	mångsâ borong ingkang manampani / kang minangkâ pangèngêting driyâ / aywâ lali sadinané / mêrsudi ing laku / kêlakuan alusing budi / dohnâ dirgungi sabdâ / kumintêr kumingsun / ambêg wignyâ mutêr jagad / sêrandyan séstu lamun binangkit / akaryâ nèking driyâ//
25	saguning kang tumingal miyarsi / mêngâ mènjêp trus pardâyâ / iku wran lancang kalané /{kâcâ 10} cumongol mrih kadulu / sirnakêna pikir kadyèki / dudu watêk umlâmâ / nanging âjâ milu ewa aling-alingânâ / sawêntârâ sédanyâ kang wus mawijil / yèn mirêng ywâ dèn pyarsâ //	saguning kang tumingal miyarsi / mêngâ mènjêp trus pardâyâ / iku wran lancang kalané /{kâcâ 10} cumongol mrih kadulu / sirnakêna pikir kadyèki / dudu watêk umlâmâ / nanging âjâ milu ewa aling-alingânâ / sawêntârâ sédanyâ kang wus mawijil / yèn mirêng ywâ dèn pyarsâ //
1	// //Kinanthi// // kinanthi kêlamun ngrungu/ jalmâ rêrasan ngrasani/ gêdhé sirâ wani ngajak/ manggunêm alaning jalmi/ mirêngnâ apitanânâ/ aywâ milu angudhoni//	// //Kinanthi// // kinanthi kêlamun ngrungu/ jalmâ rêrasan ngrasani/ gêdhé sirâ wani ngajak/ manggunêm alaning jalmi/ mirêngnâ apitanânâ/ aywâ milu angudhoni//
2	malah pêdhotên kang wuwus/ sagung rapêtnyâ kang manis/ lawan kang lagyâ ing ngucap/ ywâ kêbanjur mangrasani/ nanging âjâ sirâ mênggak/ bok mânâwâ dadi ati//	malah pêdhotên kang wuwus/ sagung rapêtnyâ kang manis/ lawan kang lagyâ ing ngucap/ ywâ kêbanjur mangrasani/ nanging âjâ sirâ mênggak/ bok mânâwâ dadi ati//
3	êndi kang mêthuki kayun/ wruh sêmu bajur ngèsêmi/ lumyat patrap kang mangkono/ lan yâ	êndi kang mêthuki kayun/ wruh sêmu ba<n>jur ⁶ ngèsêmi/ lumyat patrap kang mangkono/ lan yâ

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	rêmên miyak wadi/ barang wadiné wran liyå/ gung manèh wadiné Gusti//	rêmên miyak wadi/ barang wadiné wran liyå/ gung manèh wadiné Gusti//
4	tutupên ingkang barukut/ kang bêcik gyan tanêrtibi/ åjå sirå rêmên mêdhar/ angudhar barang piningit/ tanpå asil tuwas sayah/ awêwah dipungêdhongi//	tutupên ingkang barukut/ kang bêcik gyan tanêrtibi/ åjå sirå rêmên mêdhar/ angudhar barang piningit/ tanpå asil tuwas sayah/ awêwah dipungêdhongi//
5	dosannyå kang dipuncatur/ gêdhong dê{kåcå 11}dosannyå pribadi/ durung karuwan yèn kang kat/ pêpékå dadak mangindhit/ marang dosané wong liyå/ dadyå dhemèn nèng yumani//	dosannyå kang dipuncatur/ gêdhong dê{kåcå 11}dosannyå pribadi/ durung karuwan yèn kang kat/ pêpékå dadak mangindhit/ marang dosané wong liyå/ dadyå dhemèn nèng yumani//
6	sèstu yèn yumani bésuk/ datan ånå manêksani/ yèn kêlå sikså nèng donyå/ paran gyanirå ngoncati/ wus dhêndhané kaluputan/ wit saking slirå pribadi//	sèstu yèn yumani bésuk/ datan ånå manêksani/ yèn kêlå sikså nèng donyå/ paran gyanirå ngoncati/ wus dhêndhané kaluputan/ wit saking slirå pribadi//
7	jajênirå gung tumuwuh/ wangrus- winangrus agênti/ utang isinnyå tur wirang/ utang lårå nyaur sakit/ utang pati nyaur pêjah/ lamun tan mangkono pasthi//	<u>ja<n>jênirå</u> ⁷ gung tumuwuh/ wangrus-winangrus agênti/ utang isinnyå tur wirang/ utang lårå nyaur sakit/ utang pati nyaur pêjah/ lamun tan mangkono pasthi//
8	bumi langit sirnå lêbur/ tan ånå sirå lan mami/ tuwin sagunging tumitah/ sirnå luluh tanpå dadi/ bali awang uwungirå/ bubrah kratoning Ywang Widi//	bumi langit sirnå lêbur/ tan ånå sirå lan mami/ tuwin sagunging tumitah/ sirnå luluh tanpå dadi/ bali awang uwungirå/ bubrah kratoning Ywang Widi//
9	marmå samyå dipunémut/ lêlabêt ing nguni-uni/ sujalma kang wus utåmå/ amêdhar tatrapan adi/ trapsilèng budyå bêksontå/ asih sêsamèng dumadi//	marmå samyå dipunémut/ lêlabêt ing nguni-uni/ sujalma kang wus utåmå/ amêdhar tatrapan adi/ trapsilèng budyå bêksontå/ asih sêsamèng dumadi//
10	patitis trus tranging masbun/ marang sasmitaning Widi/ tuwin prå jamhur pukåhå/ wali-wali mratélan/ dèn émut sêbarang	patitis trus tranging masbun/ marang sasmitaning Widi/ tuwin prå jamhur pukåhå/ wali-wali mratélan/ dèn

Påðå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	karså/ sakê{kâcå 12}jêp ywå ngantyå lali//	émüt sêbarang karså/ sakê{kâcå 12}jêp ywå ngantyå lali//
11	lamun lali dadyå luput/ luput sabarang kaptining/ sasêdyannyå nora tâmpå/ kêlangan lamun tan éling/ kêlon kaluluning sétan/ tun ajêning ing ngaurip//	lamun lali dadyå luput/ luput sabarang kaptining/ sasêdyannyå nora tâmpå/ kêlangan lamun tan éling/ kêlon kaluluning sétan/ tun ajêning ing ngaurip//
12	marmå dèn waspådèng dunung/ dununging sangang pêrkawis/ ing rèh ngaranan satriyå/ bâså sat nênem kang ngarti/ tri têtêlu têtêsirå/ sayêkti sampun nglênggahi//	marmå dèn waspådèng dunung/ dununging sangang pêrkawis/ ing rèh ngaranan satriyå/ bâså <u>sa[d]</u> ⁸ nênem kang ngarti/ tri têtêlu têtêsirå/ sayêkti sampun nglênggahi//
13	nênem kêlawan têtêlu/ wus jangkêp sangang pêrkawis/ yê ångkå yaiku sângå/ kadyå sagunging sujalmi/ kanggonan sangang pêrkårå/ jalu sênadyan pawèstri//	nênem kêlawan têtêlu/ wus jangkêp sangang pêrkawis/ yê ångkå yaiku sângå/ kadyå sagunging sujalmi/ kanggonan sangang pêrkårå/ jalu sênadyan pawèstri//
14	saèstunyå dipunwêruh/ sangang bab ing lair batin/ yèn tan wikan tinggal nãmå/ kawruhånå ingkang batin/ kadyå sagungé sujalma/ mêngku alam sangå sami//	saèstunyå dipunwêruh/ sangang bab ing lair batin/ yèn tan wikan tinggal nãmå/ kawruhånå ingkang batin/ kadyå sagungé sujalma/ mêngku alam sangå sami//
15	jagad akir jroning kalbu/ iku kêkêjabing urip/ urip kang tan kêna pêjah/ wêwakiling Måhå Suci/ kang mêngku sagunging ngalam/ murtining paningal latip//	jagad akir jroning kalbu/ iku kêkêjabing urip/ urip kang tan kêna pêjah/ wêwakiling Måhå Suci/ kang mêngku sagunging ngalam/ murtining paningal <u>la<n>tip</u> ⁹ //
16	têtêsé latip puniku/ alus tan å{kâcå 13}nå mamori/ tan kamoran bângså ngaral/ pakaryané jagad kakir/ kang lair ngangdhap punikå/ rèh samyå ing præjådi//	têtêsé <u>la<n>tip</u> ⁹ puniku/ alus tan å{kâcå 13}nå mamori/ tan kamoran bângså ngaral/ pakaryané jagad kakir/ kang lair ngangdhap punikå/ rèh samyå ing præjådi//
17	saangsal-angsal kêdah wruh/ bangsanyå sangang pêrkawis/ dhihin wruhå marang sastrå/ kadyi wanitå ping kalih/ katri wêruh ing	saangsal-angsal kêdah wruh/ bangsanyå sangang pêrkawis/ dhihin wruhå marang sastrå/ kadyi wanitå ping kalih/ katri wêruh ing

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	curigå/ catur kang wignyèng turanggi//	curigå/ catur kang wignyèng turanggi//
18	påncå mring gêndhing kang wêruh/ sad apik sabarang kardi/ saptå kang jlimêt prayogå/ saptanyå mêmêt pênggalih/ nyamut-nyamut kaping sângå/ datan kéwran agal alit//	påncå mring gêndhing kang wêruh/ sad apik sabarang kardi/ saptå kang jlimêt prayogå/ saptanyå mêmêt pênggalih/ nyamut-nyamut kaping sângå/ datan kéwran agal alit//
19	lamun tan mêngkono tuhu/ sayêkti taksih kawingkis/ ingkang aran sinatriyå/ durung nêtêpi ing nami/ têngêsé biså ing sastrå/ nganggyå ukårå yèn angling//	lamun tan mêngkono tuhu/ sayêkti taksih kawingkis/ ingkang aran sinatriyå/ durung nêtêpi ing nami/ têngêsé biså ing sastrå/ nganggyå ukårå yèn angling//
20	nora benyunjuk-benyunjuk/ kudu ganêp angastiti/ têngêsé kadyå wanitå/ luwês sasolah ngêrsêpi/ manis kédaling wacånå/ adoh mring pênggawé sirik//	nora benyunjuk-benyunjuk/ kudu ganêp angastiti/ têngêsé kadyå wanitå/ luwês sasolah ngêrsêpi/ manis kédaling wacånå/ adoh mring pênggawé sirik//
21	katri kang wibnya ing tangguh/ irêng curigå prayogi/ tyas tajêm kadyå bramastrå/ wrin tangguh ing ålå bêcik/ kedadéaning pêrkårå/ kadyå wus kapu{kåcå 14}sthèng galih//	katri kang <u>wi[g]lnya</u> ¹⁰ ing tangguh/ irêng curigå prayogi/ tyas tajêm kadyå bramastrå/ wrin tangguh ing ålå bêcik/ kedadéaning pêrkårå/ kadyå wus kapu{kåcå 14}sthèng galih//
22	wignyèng kudå têngêsipun/ biså natrapakên kardi/ agal alus sarèh kêras/ pan wus pinasthi pribadi/ kang wrin gêndhing têngêsirå/ nganggyå wiråmå yèn angling//	wignyèng kudå têngêsipun/ biså natrapakên kardi/ agal alus sarèh kêras/ pan wus pinasthi pribadi/ kang wrin gêndhing têngêsirå/ nganggyå wiråmå yèn angling//
23	tan ninggal pathêtanipun/ larasing yudå nêgari/ apik têngêsirå nyåtå/ nora agawé saksirik/ marang sêsamèng tumitah/ ing lair manrusing batin//	tan ninggal pathêtanipun/ larasing yudå nêgari/ apik têngêsirå nyåtå/ nora agawé saksirik/ marang sêsamèng tumitah/ ing lair manrusing batin//
24	ingkang jlimêt têngêsipun/ sabarang kawruh salêsih/ sungil asungalanê wruhan/ kang mêmêt	ingkang jlimêt têngêsipun/ sabarang kawruh salêsih/ sungil asungalanê wruhan/ kang mêmêt sayêkti inggil/

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	sayêkti inggil/ inggil panêmon wus wruh marang nuad gâib//	inggil panêmon wus wruh marang nuad gâib//
25	artênirå nyamut-nyamut/ lêpas jêmbar alus wêlik/ mupuni saliring karså/ witrèng alam udani/ witing urip wus waskithå/ witiweng råså kapusthi//	artênirå nyamut-nyamut/ lêpas jêmbar alus wêlik/ <u>mu<m>puni</u> ¹¹ saliring karså/ witrèng alam udani/ witing urip wus waskithå/ witiweng råså kapusthi//
26	witing ngèlmu wus kacakup/ witing ora wus udani/ witing ånå wus waspådå/ yèku sujalmå linuwih/ bèrbudi tur wijêksånå/ sampurnå purnå mawêning//	witing ngèlmu wus kacakup/ witing ora wus udani/ witing ånå wus waspådå/ yèku sujalmå linuwih/ bèrbudi tur wijêksånå/ sampurnå purnå mawêning//
27	dudu pêngrasanêngipun/ êningnyå trus tanpå têpi/ jêmbar lênyêp nglangut raras/ wus kadyå sêgârå êning/ êningnyå hamêngku råså/ råså srinatan ing margi//	dudu pêngrasanêngipun/ êningnyå trus tanpå têpi/ jêmbar lênyêp nglangut raras/ wus kadyå sêgârå êning/ êningnyå hamêngku råså/ råså srinatan ing margi//
1	{kåcå 15}/// // // //angèl kang nédyå mêmådå/ kêlamun lumrah sujalmi/ yèn tan tuk nugrahaning Ywang/ yêkti tan wignyå nêtêpi/ sangang bab lair batin/ kajawi putraning ratu/ yèku satriyâtåma/ kinaot siniyan Widi/ sukci murbå satriyå radèn mas//	{kåcå 15}/// // // //angèl kang nédyå mêmådå/ kêlamun lumrah sujalmi/ yèn tan tuk nugrahaning Ywang/ yêkti tan wignyå nêtêpi/ sangang bab lair batin/ kajawi putraning ratu/ yèku satriyâtåma/ kinaot siniyan Widi/ sukci murbå satriyå radèn mas//
2	liring têmbung radèn mas/ rohirå kinaryå dhingin/ marmå tan kênå sêmbrånå/ sagung lurining kêrtati/ saèstu tan mêtani/ putrå wayah praptèng buyut/ kang mêksih aran dènmas/ yêkti kédah angawruhi/ lan nindaki lênggahé sangang pêrkårå//	liring têmbung radèn mas/ rohirå kinaryå dhingin/ marmå tan kênå sêmbrånå/ sagung lurining kêrtati/ saèstu tan mêtani/ putrå wayah praptèng buyut/ kang mêksih aran dènmas/ yêkti kédah angawruhi/ lan nindaki lênggahé sangang pêrkårå//
3	lamun tambuh tinggalnå ma/ siyå-siyå marang dhiri/ amur jênêng sikå moprå/ kumaprunng pêngung tunå budi/ wus jarak jan wong cilik/ ela-elu tunggak maru/ nora	lamun tambuh tinggalnå ma/ siyå-siyå marang dhiri/ amur jênêng sikå moprå/ kumaprunng pêngung tunå budi/ wus jarak jan wong cilik/ ela-elu tunggak maru/ nora dadi

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	dadi dandanan/ kêjåbå dinggo ngratengi/ iku tamtu bêras pari dadi sêgå//	dandanan/ kêjåbå dinggo ngratengi/ iku tamtu bêras pari dadi sêgå//
4	sok åjå pinangan ngrayap/ gapuk mrêpêl tanpå dadi/ sênadyan bångså satriyå/ yèn cupêt barang pênggalih/ iku wus mratélani/{kåcå 16} yèn alusnyå bångså kumaprun/ sênadyan wong cilikå/ lamun lêpas ing pênggalih/ wus têtélå alusnyå bångså satriyå//	sok åjå pinangan ngrayap/ gapuk mrêpêl tanpå dadi/ sênadyan bångså satriyå/ yèn cupêt barang pênggalih/ iku wus mratélani/{kåcå 16} yèn alusnyå bångså kumaprun/ sênadyan wong cilikå/ lamun lêpas ing pênggalih/ wus têtélå alusnyå bångså satriyå//
5	artiné ngaranan lêpas/ wruh osiking lair batin/ tan kéwran sêbarang karså/ karså trus marang angosik/ osik tumêkèng pikir/ yèn bènêr pamikiripun/ yêkti sinung nugrahå/ ing dunyå tumêkèng pikir/ bâså bènêr puniku tégêsé kênå//	artiné ngaranan lêpas/ wruh osiking lair batin/ tan kéwran sêbarang karså/ karså trus marang angosik/ osik tumêkèng pikir/ yèn bènêr pamikiripun/ yêkti sinung nugrahå/ ing dunyå tumêkèng pikir/ bâså bènêr puniku tégêsé kênå//
6	kênå barang kang sinêdyå/ tan nêrak babagan sirik/ ingkang sah ingaranan kênå/ kèng anganggyå mêngarahi/ bâså cupêt kang ngêrti/ pêpêt buntêt tan lumêbu/ bégogok kâyå tunggak/ sinêpak datan malati/ sabab bakal dadi pakanané ngrayap//	kênå barang kang sinêdyå/ tan nêrak babagan sirik/ ingkang sah ingaranan kênå/ kèng anganggyå mêngarahi/ bâså cupêt kang ngêrti/ pêpêt buntêt tan lumêbu/ bégogok kâyå tunggak/ sinêpak datan malati/ sabab bakal dadi pakanané ngrayap//
7	kênå ingaran duråkå/ yèn tan gayuh salah siji/ babagan kang rong pêrkårå/ utåmå wruh bab kang batin/ antuk wahyuning mukmin/ lamun putus batinipun/ ing ngajeng wus jinarwå/ tan susah kinåndhå malih/ kang sayekti kari ngêtrapkên kiwålå//	kênå ingaran duråkå/ yèn tan gayuh salah siji/ babagan kang rong pêrkårå/ utåmå wruh bab kang batin/ antuk wahyuning mukmin/ lamun putus batinipun/ ing ngajeng wus jinarwå/ tan susah kinåndhå malih/ kang sayekti kari ngêtrapkên kiwålå//
8	mungguh rupaning dadanan/ bégjå kang wignyå nglakoni/ ananging satêmênira/{kåcå 17} nora kênå	mungguh rupaning <u>da<n>danan</u> ¹² / bégjå kang wignyå nglakoni/ ananging satêmênira/{kåcå 17} nora

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	dèn gêgampil/ ywa dumèh sampu ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak barang mangêpak/ sok énakå ingkang galih/ nujang palang ngèlmuné pinasang pasang//	kênå dèn gêgampil/ ywa dumèh <u>sampu<n></u> ¹³ ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak barang mangêpak/ sok énakå ingkang galih/ <u>nu<n>jang</u> ¹⁴ palang ngèlmuné pinasang pasang//
9	\ ambêgnyå landhêsan tékad/ tokidé wran kênèng sarik/ sayêkti tan wurung rusak/ yèn nasak barang pangêrti/ marmå dèn ngati-ati/ åjå kåyå wong kang lacut/ pêngrasané ing manah/ sujalma lamun wus ngèlmi/ praptèng pati kapénak manggih sawargå//	\ ambêgnyå landhêsan tékad/ tokidé wran kênèng sarik/ sayêkti tan wurung rusak/ yèn nasak barang pangêrti/ marmå dèn ngati-ati/ åjå kåyå wong kang lacut/ pêngrasané ing manah/ sujalma lamun wus ngèlmi/ praptèng pati kapénak manggih sawargå//
10	\ datan nrang sangsâyå békå/ kapapak pêtêng liputi/ tan nganggyå padhang sacêngkang/ pêt purêt datan pawilis/ mêmêlas ingkang kèri/ turunirå datan thukul/ manuh dadi sikumprå/ lèlomprå wusånå ngêmis/ ngêmas-êmas ing sak papak pundhakirå//	\ datan nrang sangsâyå békå/ kapapak pêtêng liputi/ tan nganggyå padhang sacêngkang/ pêt purêt datan pawilis/ mêmêlas ingkang kèri/ turunirå datan thukul/ manuh dadi sikumprå/ lèlomprå wusånå ngêmis/ ngêmas-êmas ing sak papak pundhakirå//
11	iku alané wran tunå/ dukå uripé cupêt budi/ ngêdohi pakaryan tâpå/ miwah kêlabuhan bécik/ têladan nguni-uni/ ingkang samyå tuwuh luhur/ tan pisah sangking tâpå/{ kåcå 18 } kang awas kang gawé urip/ yèn wus pasah sinêmbah samèng manungså//	iku alané wran tunå/ dukå uripé cupêt budi/ ngêdohi pakaryan tâpå/ miwah <u>[l]êlabuhan</u> ¹⁵ bécik/ têladan nguni-uni/ ingkang samyå tuwuh luhur/ tan pisah sangking tâpå/{ kåcå 18 } kang awas kang gawé urip/ yèn wus pasah sinêmbah samèng manungså//
12	lumrah sagunging manungså/ kang samyå dipunulati/ énak kêlawan kapénak/ sêbarangé nêdyå luwih/ nanging datan pinikir/ witirèng margå pinujul/ sênadyan amikirå/ kêcangkol wêgah nglakoni/ barang ciptå kandhêk kapéngin kéwala//	lumrah sagunging manungså/ kang samyå dipunulati/ énak kêlawan kapénak/ sêbarangé nêdyå luwih/ nanging datan pinikir/ witirèng margå pinujul/ sênadyan amikirå/ kêcangkol wêgah nglakoni/ barang ciptå kandhêk kapéngin kéwala//

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
13	tan kadyå sujalma kunå/ lamun lêkas darbé kapti/ têmên-têmên norå ginggang/ rinéwang luwé lan arip/ éling trus marang gâib/ laku lilå sabar maklum/ marmantuk kang sinêdyå/ ing saciptanirå dadi/ rêh wus awas ring ngupiting kêdadéyan//	tan kadyå sujalma kunå/ lamun lêkas darbé kapti/ têmên-têmên norå ginggang/ rinéwang luwé lan arip/ éling trus marang gâib/ laku lilå sabar maklum/ marmantuk kang sinêdyå/ ing saciptanirå dadi/ rêh wus awas ring ngupiting kêdadéyan//
14	nanging wêktu sapunikå/ kang mupakat gunging jalmi/ wignya ngathik-athik bâsâ/ sêbarang dên kirå tani/ tur ninggal saking uwit/ uwit pêpathokanipun/ têngêsé kang ingaran/ pathokan yèn tanah Jawi/ datan sanès layang atênapi kitab//	nanging wêktu sapunikå/ kang mupakat gunging jalmi/ wignya ngathik-athik bâsâ/ sêbarang dên kirå tani/ tur ninggal saking uwit/ uwit pêpathokanipun/ têngêsé kang ingaran/ pathokan yèn tanah Jawi/ datan sanès layang atênapi kitab//
15	yèn patrapé pêngadilan/ tinêngahan yudå nagri/ liré ran yudanégårå/ dupi kêlawan prayogi/{kåcå 19} kalih-kalih ingambil/ têtå tuladhaning laku/ amrih samyå kelarnya/ ing tanah dipuloni/ norå liwat yêkti mung amrih raharjå//	yèn patrapé pêngadilan/ tinêngahan yudå nagri/ liré ran yudanégårå/ dupi kêlawan prayogi/{kåcå 19} kalih-kalih ingambil/ têtå tuladhaning laku/ amrih samyå kelarnya/ ing tanah dipuloni/ norå liwat yêkti mung amrih raharjå//
16	nanging wran karêm kiratå/ tan doyan kalih pêrkawis/ rêh mêksah nganggyå pathokan/ tan kadyå wong ngathik-athik/ pathokané nèng ngati/ tåndhå sujalma pinujul/ lumrah wran niru bâsâ/ biså wasis anèng tulis/ tulis iku tilasané wran kang karya//	nanging wran karêm kiratå/ tan doyan kalih pêrkawis/ rêh mêksah nganggyå pathokan/ tan kadyå wong ngathik-athik/ pathokané nèng ngati/ tåndhå sujalma pinujul/ lumrah wran niru bâsâ/ biså wasis anèng tulis/ tulis iku tilasané wran kang karya//
17	karêpé iku pan ora/ pathokannya mung gêng ati/ sayêkti nora katingal/ tan wontên wignya nututi/ tandhané wong linuwih/ kyèh jalmå pating palinguk/ licênguk ngungak-ungak/ maringis tan wignya muni/ dên uculi tebung ngèlmu kiratå//	karêpé iku pan ora/ pathokannya mung gêng ati/ sayêkti nora katingal/ tan wontên wignya nututi/ tandhané wong linuwih/ kyèh jalmå pating palinguk/ licênguk ngungak-ungak/ maringis tan wignya muni/ dên uculi te<m>bung ¹⁶ ngèlmu kiratå//

Påðå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
18	iku ambêkahing manah/ sujalma wêktu saiki/ barang karsanya kaliwat/ malumpat nyabal saking wit/ jubriyanira dadi/ gêndhung sing ngunge kumlungkung/ dir ladak kangak-kangak/ lir gawéa bumi langit/ bol kêcêndhul yèn bisaa gawé jagad//	iku ambêkahing manah/ sujalma wêktu saiki/ barang karsanya kaliwat/ malumpat nyabal saking wit/ jubriyanira dadi/ gêndhung sing ngunge kumlungkung/ dir ladak kangak-kangak/ lir gawéa bumi langit/ bol kêcêndhul yèn bisaa gawé jagad//
19	{kâcâ 20}sênadyan bisaa karya/ jagad pêtêng kang pinanggih/ jêr jatiné wong agêsang/ lamun tumêka ing pati/ rása mêksih darbèni/ kadya suking nguripipun/ iku durung utama/ kang wus Muhamat linuwih/ datan mati malih gon boyong kasatyan//	{kâcâ 20}sênadyan bisaa karya/ jagad pêtêng kang pinanggih/ jêr jatiné wong agêsang/ lamun tumêka ing pati/ rása mêksih darbèni/ kadya suking nguripipun/ iku durung utama/ kang wus Muhamat linuwih/ datan mati malih gon boyong kasatyan//
20	ngalimé rang jagad liya/ apa pêparênging Widi/ paran paningkêding manah/ ing nguni duk mêksih urip/ sayêkti yèn pinanggih/ kang wus dênnya atêpipun/ rahsannya iku mangka/ ngêngrêngan wus ginabab/ tinêrusan déné Ywang kang murbèng jagad//	ngalimé rang jagad liya/ apa pêparênging Widi/ paran paningkêding manah/ ing nguni duk mêksih urip/ sayêkti yèn pinanggih/ kang wus dênnya atêpipun/ rahsannya iku mangka/ ngêngrêngan wus ginabab/ tinêrusan déné Ywang kang murbèng jagad//
21	yèn tandhês tindak niyaya/ jagad niyaya pinanggih/ yèn karêm tindak kanisthan/ jagad nistha kang dèn goni/ yèn karêm ing utami/ tumibèng jagad rahayu/ mila awarna-warna/ crita ing kitap nasiri/ kyèhing jagad saptâ dâsa èwu jagad//	yèn tandhês tindak niyaya/ jagad niyaya pinanggih/ yèn karêm tindak kanisthan/ jagad nistha kang dèn goni/ yèn karêm ing utami/ tumibèng jagad rahayu/ mila awarna-warna/ crita ing kitap nasiri/ kyèhing jagad saptâ dâsa èwu jagad//
22	iku gumantung sêdaya/ munggèng soré ngaras kursi/ mangka pasimpênanira/ nyawa sagunging dumadi/ upamanira kadi/ érnawaning samodra gung/ lumunturing ngaranan/ bêngawan	iku gumantung sêdaya/ munggèng soré ngaras kursi/ mangka pasimpênanira/ nyawa sagunging dumadi/ upamanira kadi/ érnawaning samodra gung/ lumunturing ngaranan/ bêngawan

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	myang kali-kali/ joring tirtå tan liyå marang samodrå//	myang kali-kali/ joring tirtå tan liyå marang samodrå//
23	ananging amarganirå/ tan pådå nadya{kåcå 21}n sujalmi/ nyawanyå èstu tan samyå/ èstuning ing jagad nguni/ kang sangking ngaras kursi/ tinitah jiwaning ratu/ yêkti pinintå-pintå/ pêpêsthèn inguni-uni/ jêr sangkannya alusé binéda-béda//	ananging amarganirå/ tan pådå nadya{kåcå 21}n sujalmi/ nyawanyå èstu tan samyå/ èstuning ing jagad nguni/ kang sangking ngaras kursi/ tinitah jiwaning ratu/ yêkti pinintå-pintå/ pêpêsthèn inguni-uni/ jêr sangkannya alusé binéda-béda//
24	parantå ngakuå pådå/ nyawaning ratu lan kuli/ sabab nyawané naréndrå/ mijil sangking jagad suci/ dé nyawaning wong cilik/ mijil sangking jagad mumuk/ milaréng tinitah/ nèng donyå akarêm juti/ rèh nyawanyå nguni siking jagad gêlap//	parantå ngakuå pådå/ nyawaning ratu lan kuli/ sabab nyawané naréndrå/ mijil sangking jagad suci/ dé nyawaning wong cilik/ mijil sangking jagad mumuk/ milaréng tinitah/ nèng donyå akarêm juti/ rèh nyawanyå nguni siking jagad gêlap//
25	sékang sangking jagad padhang/ sarêng dadining sujalmi/ karêm marang kabêcikan/ jalmi kalêpasing budi/ dinadar sirå sami/ lêlabuanirå kayun/ milå tumrunèng donyå/ sinungan akal lan budi/ polah tingkah istilah dadining karså//	sékang sangking jagad padhang/ sarêng dadining sujalmi/ karêm marang kabêcikan/ jalmi kalêpasing budi/ dinadar sirå sami/ lêlabuanirå kayun/ milå tumrunèng donyå/ sinungan akal lan budi/ polah tingkah istilah dadining karså//
26	karsaning Ywang mådå mulyå/ nélakên sangkan ingkang wit/ yèn wit saking jagad padhang/ saciptå-ciptanyå rêsik/ yèn jagad pêtêng kawit/ sabarang ciptanyå rusuh/ kisruh sâsrâbêlasar/ wêdharing ciptå pan dadi/{kåcå 22} tindak tanduk iku kênyataanirå//	karsaning Ywang mådå mulyå/ nélakên sangkan ingkang wit/ yèn wit saking jagad padhang/ saciptå-ciptanyå rêsik/ yèn jagad pêtêng kawit/ sabarang ciptanyå rusuh/ kisruh sâsrâbêlasar/ wêdharing ciptå pan dadi/{kåcå 22} tindak tanduk iku kênyataanirå//
27	yèn tindaké karêm sasar/ wus pêsthi alusing uni/ mijil sangking jagad samar/ yèn tindak ngraharjani/ mêtsthi alusnya mijil/ sangking jagad rahayu/ sèstu tan	yèn tindaké karêm sasar/ wus pêsthi alusing uni/ mijil sangking jagad samar/ yèn tindak ngraharjani/ mêtsthi alusnya mijil/ sangking jagad rahayu/ sèstu tan kênå owah/ pinanci

Pådå	Asiling Transliterasi Teks SPW	Suntingan
	kênå owah/ pinanci duk mêksih gâib/ yèn luputé osiking tyas tibang sasar//	duk mêksih gâib/ yèn luputé osiking tyas tibang sasar//
28	sabab iku kang minångkå/ paliwaraning Ywang Widi/ datan kênå ingowahan/ yèn osik karêming silib/ angèl pinriyå mari/ yèn karêm marang rahayu/ wêdi mring tindak nisthå/ karsaning wran datan sami/ wus tinêkdir nèng lokhil mpul brantanyå//	sabab iku kang minångkå/ paliwaraning Ywang Widi/ datan kênå ingowahan/ yèn osik karêming silib/ angèl pinriyå mari/ yèn karêm marang rahayu/ wêdi mring tindak nisthå/ karsaning wran datan sami/ wus tinêkdir nèng lokhil mpul brantanyå//

4. Aparat Kritik

Aparat kritik inggih mênika wujud tanggêljawab ilmiah saking kritik teks ingkang isinipun *kelainan bacaan* ingkang wontên salêbêting *suntingan teks* utawi *penyajian teks* ingkang sampun rêsik saking *korup* (Mulyani, 2005: 28). Dados, isi *aparat kritik* inggih mênika sadâyå éwah-éwahan, ngirangi, nambahi, sâhå nggantos aksårå utawi têmbung ingkang dipuntindakaken dening panaliti. Manawi panaliti ngawontênakên éwah-éwahan sadâyå kasêrat wontên ing *aparat kritik*. *Aparat kritik* dipunsêrat supados pamaos sagêd ngêcèk kadospundi pamaosing teks. Ing ngandhap mênika *aparat kritik* saking teks *Sêrat Puståká Wasiat*.

Tabel 23. *Aparat Kritik Teks SPW*

No	Teks Sêrat Puståká Wasiat	Suntingan	Asil	Pupuh/ Pådå
1	têgêsêna	têgês(ê)nå	têgêsnå	1/2
2	ngucap	(ngucap)	-	1/7
3	pamènipun	pam[i]nipun	paminipun	1/8
4	tênangsupin	t[i]nangsuping	tinangsuping	1/14
5	nglairakên	nglair(a)kên	ngairkên	1/17
6	bajur	ba<n>jur	Banjur	2/3
7	jajênirå	ja<n>jênirå	janjênira	2/7
8	sat	sa[d]	sad	2/12

No	Teks Sêrat Pustakâ Wasiat	Suntingan	Asil	Pupuh/ Pâdâ
9	latip	la<n>tip	lantip	2/15, 2/16
10	wibnyâ	wi[g]nyâ	wignyâ	2/21
11	mupuni	mu<m>puni	mumpuni	2/25
12	dadanan	da<n>danan	dandanan	3/8
13	sampu	sampu<n>	sampun	3/8
14	nurang	nu<n>jang	nunjang	3/8
15	kêlabuhan	[l]êlabuhan	lêlabuhan	3/11
16	têbung	tê<m>bung	têmbung	3/17

Aparat kritik wontên ing panalitèn mênikâ ngêwrat *koreksi* ingkang awujud

nggantos, ngurangi, sâhâ nambah aksârâ, wandâ utawi têmbung ingkang kaanggêp lêpat, botên jumbuh kalihan *konteks*-ipun sâhâ botên jumbuh kalihan paugêraning têmbang mაცპატ. *Teks SPW* wontên 16 *aparât kritik*, jalaran *teks SPW* mênikâ awujud *teks* carik, satêmah wontênipun sêratan ingkang lêpat kathah. Wondéné pirêmbagan *aparât kritik* wontên *suntingan teks SPW* kawahyakakên wontên ing ngandhap mênikâ.

1. têngês(ê)nâ

Têmbung *têngêsênâ* mênikâ dipun-*sunting* adhêdhasar paugêraning têmbang mაცპატ, inggih mênikâ guru wilangan. Guru wilangan têmbang mაცპატ dhandhanggulâ gâtrâ ingkang pungkasan inggih mênikâ 7a. Pramila têmbung *têngêsênâ* dipun-*sunting* kanthi ngirangi aksârâ ê ingkang botên ngéwahi têngêsing têmbung. Wondéné ukaranipun kados ing ngandhap mênikâ.

Teks SPW : .../ têngês(ê)nâ ingkang karya/...

Asiling suntingan : .../ têngêsânâ ingkang karya/...

2. (ngucap)

Têmbung *ngucap* dipun-*sunting* kanthi adhêdhasar paugêraning têngbang maccapat dhandhanggula inggih mênikå guru wilangan. Guru wilangan têngbang dhandhanggula gatrå kaping sangå inggih mênikå 12i. Pramila têngbung *ngucap* dipun-*sunting* kanthi dipunicali ingkang botên ngéwahi makna saking ukaranipun. Wondéné ukaranipun wontên ing ngandhap mênikå.

Teks SPW : .../ (**ngucap**) -ngucapakên badhêg, bangêr, amis, bacin /...

Asiling suntingan : .../ ngucapakên badhêg, bangêr, amis, bacin/ ...

3. pam[i]nipun

Têngbung *pamènipun* botên kapanggihakên têngsipun sårå botên jumbuh kalihan *konteks* ukaranipun. Pramila têngbung *pamènipun* dipun-*sunting* kanthi nggantos aksårå è dados aksårå i, satêmah dados têngbung *paminipun*. Têngbung *paminipun* saking têngbung linggå upami ingkang têngsipun kadostå (Poerwadarminta, 1939: 763). Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênikå.

glis jiratên pamikir kadyèki / supåyå nir sudarganirå tyas / lir tårå sêdhêng
mangsané / kêtigå **pam[i]nipun/**

Terjemahan: Segera hitunglah pemikiran seperti ini, supaya terhindar dari
hati kotor, seperti hari di musim kemarau ...

4. t[i]nangsuping

Têngbung *tênangsuping* mênikå botên dipunpanggihakên têngsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênikå

kanthi nggantos aksâra ê dados aksâra i, satêmah dados têngbung *tinangsuping*. Têngbung *tinangsuping* saking têngbung linggâ *angsup* têngsipun angslup utawi mlêbêt (Poerwadarminta, 1939: 19). Wondéné konteks ukaranipun kados ing ngandhap mênikâ.

manêbutâ asmaning Ywang Widi / pan Lakaholawalakuwata /
 Ilabilahilngalamé / lan astagpirolâhu / subkanalâh kamdulilahi / jroning tyas tok
 idênâ / **t[i]nangsuping** kawruh / kawruh kang mêsthi utâmâ / utamèng trusing
 urip praptâ ing pati / pati-patitis mriyâ//

Terjemahan: *Menyebutlah nama Tuhan dengan Laqaullawalaquata
 illabilahialiuazim, astagfirullah, subhanallah dan
 alhamdulillah. Dalam hati mengijinkan untuk menerima ilmu
 yang baik, baik untuk dunia sampai akhirat.*

5. nglair(a)kên

Têngbung *nglairakên* mênikâ dipun-*sunting* adhêdhasar paugêraning têngbang mაცაპა, inggih mênikâ guru wilangan. Guru wilangan têngbang mაცაპა dhandhanggulâ gâtrâ ingkang kaping gangsal inggih mênikâ 9i. Pramila têngbung *nglairakên* dipun-*sunting* kanthi ngirangi aksâra *a* ingkang botên ngéwahi têngsinging têngbung. Wondéné ukaranipun kados ing ngandhap mênikâ.

Teks SPW : .../ kang **nglair(a)kên** bêjaning jalmi/...

Asiling suntingan : .../ kang **nglairkên** bêjaning jalmi/...

6. ba<n>jur

Têmbung *bajur* mênika botên dipunpanggihakên têngêsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi nambah aksara *n* wontên ing têngbung *bajur*, satêmah dados têngbung *banjur*. Miturut Poerwadarminta (1939: 33), têngbung *banjur* têngêsipun lajêng. Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênika.

êndi kang mêtuki kayun/ wruh sêmu **ba<n>jur** ngèsêmi/...

Terjemahan: *Baik yang menggapai cita-cita melihat yang menyenangkan lalu tersenyum ...*

7. ja<n>jènirå

Têngbung *jajènirå* mênika botên dipunpanggihakên têngêsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi nambah aksara *n* wontên ing têngbung *jajènirå*, satêmah dados têngbung *janjènirå*. Têngbung *janjènirå* kasusun saking kalih têngbung, inggih mênika têngbung janji sårå têngbung sirå. Têngbung janji têngêsipun kasagahan (Poerwadarminta, 1939: 218). Wondéné têngbung sirå têngêsipun panjênêngan (Poerwadarminta, 1939: 678). Pramila têngbung *janjènirå* mêngku têngês kasagahan panjênêngan. *Konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênika.

ja<n>jènirå gung tumuwuh/ wangrus-winangrus agênti/ utang isinnyå tur wirang/ utang lårå nyaur sakit/ utang pati nyaur pêjah/ lamun tan mangkono pasthi//

Terjemahan: *Janjinya akan kenyataan semua akan bergantian. Hutang malu akan dibayar malu, hutang sakit akan dibalas dengan sakit, hutang nyawa akan dibayar dengan kematian, semua itu sudah pasti.*

8. sa[d]

Têmbung *sat* botên kapanggihakên têngesipun sâhâ botên jumbuh kalihan konteks ukaranipun. Pramila têmbung *sat* dipun-sunting kanthi nggantos aksârâ *t* dados aksârâ *d*, satêmah dados têmbung *sad*. Têmbung *sad* saking ingkang têngesipun ênêm (Poerwadarminta, 1939: 645). Wondéné konteks ukaranipun kados ing ngandhap mênikâ.

marmâ dèn waspâ dèn dunung/ dununging sangang pêrkawis/ ing rêh ngaranan satriyâ/ bâsâ **sa[d]** nênêm kang ngarti/ tri têtêlu têngesirâ/ sayêkti sampun nglênggahi//

Terjemahan: *Oleh karenanya resapi dan pahami tentang sembilan perkara untuk menyebut 'Orang Luhur'. Bahasanya ada enam yang berarti, dengan tiga penuh makna. Sungguh perlu dilaksanakan dengan baik.*

9. la<n>tip

Têmbung *latip* mênikâ têngesipun *ringkih* manawi dipunjumbuhakên kalihan konteks ukaranipun ingkang trêp inggih mênikâ kanthi nambah aksârâ *n* wontên ing têmbung *latip*, satêmah dados têmbung *lantip*. Miturut Poerwadarminta (1939: 338), têmbung *lantip* têngesipun landhêp pikiranipun. Wondéné konteks ukaranipun kados ing ngandhap mênikâ.

jagad akir jroning kalbu/ iku kêkêjabing urip/ urip kang tan kêna pêjah/ wêwakiling Mâhâ Suci/ kang mêngku saguning ngalam/ murtining paningal **la<n>tip**//

Terjemahan: *Dunia akhir yang berada dalam hati adalah kehidupan yang bersifat kekal. Itulah yang mewakili sifat Yang Maha Suci, penguasa seluruh alam. Badan penglihatan yang tajam.*

10. wi[g]nyå

Têmbung *wibnyå* ing pupuh kalih botên kapanggihakên têngêsipun sâhå botên jumbuh kalihan *konteks* ukaranipun. Pramila têmbung *wibnyå* dipun-sunting kanthi nggantos aksârå *b* dados aksârå *g*, satêmah dados têmbung *wignyå*. Têmbung *wignyå* têngêsipun pintêr utawi wasis (Poerwadarminta, 1939: 783). Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênikå.

Pupuh 2 Pâdå 21

katri kang **wi[g]nya** ing tangguh/ irêng curigå prayogi/ tyas tajêm kadyå
bramastrå/...

Terjemahan: *Yang ketiga pintar dalam melihat situasi, hitam baik untuk dicurigai dengan hati yang tajam seperti nafsu*

11. mu<m>puni

Têmbung *mumpuni* mênikå botên dipunpanggihakên têngêsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênikå kanthi nambah aksârå *m* wontên ing têmbung *mupuni*, satêmah dados têmbung *mumpuni*. Miturut Poerwadarminta (1939: 414), têmbung *mumpuni* têngêsipun pintêr ing sakèhing kawruh. Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênikå.

artênirå nyamut-nyamut/ lêpas jêmbar alus wêlik/ **mu<m>puni** saliring
karså/ witi-rêng alam udani/ witing urip wus waskithå/ witi-rêng råså kapusthi//

Terjemahan: Artinya samar-samar, lepas jembar alus welik yang menguasai semua niat. Dimulai dari melihat alam, dimulai hidup yang awas, dimulai rasa yang pasti.

12. da<n>dan

Têmbung *dadanan* mênika botên dipunpanggihakên têngesipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi nambah aksara *n* wontên ing têmbung *dadanan*, satêmah dados têmbung *dandanan*. Têmbung *dandanan* saking têmbung linggâ *dandan* ingkang têngesipun tata-tata ngêtrapakên panganggé (Poerwadarminta, 1939: 108). Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênika.

mungguh rupaning **da<n>dan**/ bêgja kang wignya nglakoni/ ananging satêmênira/{**kaca 17**} nora kênâ dèn gêngampil/ ywa dumèh **sampu<n>** ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak barang mangêpak/ sok ênakâ ingkang galih/ **nu<n>jang** palang ngèlmuné pinasang pasang//

Terjemahan: Bagi pakaian, pintar yang melakukannya tetapi sebenarnya tidak bisa dibuat muda, jangan karena sudah berilmu memamerkan kekayaan, berbuat seenaknya saja, nunjang palang dalam menggunakan ilmunya.

13. sampu<n>

Têmbung *sampu* mênika botên dipunpanggihakên têngesipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi nambah aksara *n* wontên ing têmbung *sampu*, satêmah dados têmbung *sampun*.

Têmbung *sampun* têngêsipun uwis (Poerwadarminta, 1939: 651). Wondéné *konteks* ukaranipun sampun kaandharaken ing nomêr 20.

14. nu<n>jang

Têmbung *nujang* mênika botên dipunpangguhakên têngêsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi nambah aksara *n* wontên ing têmbung *nujang*, satêmah dados têmbung *nunjang*. Têmbung *nunjang* têngêsipun nrajang (Poerwadarminta, 1939: 441). Wondéné *konteks* ukaranipun sampun kaandharaken ing nomêr 20.

15. [l]êlabuhan

Têmbung *kêlabuhan* botên kapangguhakên têngêsipun sâha botên jumbuh kalihan *konteks* ukaranipun. Pramila têmbung *kêlabuhan* dipun-sunting kanthi nggantos aksara *k* dados aksara *l*, satêmah dados têmbung *lêlabuhan*. Têmbung *lêlabuhan* têngêsipun damêl jâsa karanâ ndhèrèk nandhang lara lapa (Poerwadarminta, 1939: 331). Wondéné *konteks* ukaranipun kados ing ngandhap mênika.

iku alané wran tunâ/ dukâ uripé cupêt budi/ ngêdohi pakaryan tãpã/
miwah [k]êlabuhan bêcik/...

Terjemahan: Itu buruknya orang yang kurang, hidupnya yang tidak berbudi,
tidak menahan hawa nafsu dan perbuatan baik...

16. tê<m>bung

Têmbung *têbung* mênika botên dipunpangguhakên têngêsipun, manawi dipunjumbuhakên kalihan *konteks* ukaranipun ingkang trêp inggih mênika kanthi

nambah aksârâ *m* wontên ing têmbung *têbung*, satêmah dados têmbung *têmbung*. Têmbung *têmbung* têngêsipun wêdharaning karêp sârânâ gunêm (Poerwadarminta, 1939: 721). Wondéné *konteks* ukaranipun ing ngandhap mênikâ.

karêpé iku pan ora/ pathokannyâ mung gêng ati/ sayêkti nora katingal/
tan wontên wignyâ nututi/ tandhané wong linuwih/ kyèh jalmâ pating palinguk/
licênguk ngungak-ungak/ maringis tan wignyâ muni/ dèn uculi **tê<m>bung**
ngèlmu kirâtâ//

Terjemahan: *Yang dimaksud itu tidak, dasarnya hanya besar hati. Jelasnya tidak terlihat, tidak ada orang yang lebih. Banyak orang bingung, melihat kesana-kesini, mringis tidak pintar berbicara dilepas kata-kata ilmu kirata.*

Adhêdhasar asiling *transliterasi*, asiling *suntingan*, sâhâ aparat kritik teks SPW kapanggihakên têmbung-têmbung ingkang nêdahakên wontênipun *ciri khas* sêrataning teks SPW. Têmbung-têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning teks SPW inggih mênikâ bajur, jajênirâ, mupuni, nujang, sâhâ *têbung*. Têmbung-têmbung mênikâ ical aksârâ *nasal*-ipun, miturut Behrend (lumantar Ekowati, 2006:25) ngandharakên bilih ngirangi aksârâ *nasal* inggih mênikâ minangkâ salah satunggaling *ciri* ngginakakên *ejaan* utawi sêratan jining Pesisir. Ngginakakên *ejaan* utawi sêratan jinis Pesisir ingkang asring dipunsêbut *ortografik* pelo pilêg, inggih mênikâ bâsâ Jawi ingkang dipunsêrat kanthi ngicali aksârâ aksârâ *sengau* satêmah uninipun botên sampurnâ, kados tiyang pilêk.

C. Terjemahan sâhâ Cathêtan Terjemahan Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat

1. Terjemahan Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat

Terjemahan ingkang dipuntindakakên wontên panalitên mênikâ inggih *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sâhâ *terjemahan bebas*.

Terjemahan harfiah dipuntindakakên kanthi cârâ nêgêsi têmbung bâkâ têmbung saking bâsâ Jawi dhatêng bâsâ Indonésia. Ananging, *terjemahan harfiah* mênikâ botên salawasé sagêd dipunjumbuhakên kanthi *konsisten*, amargi pintên-pintên têmbung tartamtu ingkang awrat dipun-*terjemah*-akên mawi *harfiah*, milâ kêdah dipuntindakakên *terjemahan isi* utawi *makna sâhâ terjemahan bebas*.

Proses terjemahan ing panalitèn mênikâ bâsâ sasaranipun bâsâ Indonésia. Ka-*terjemah*-akên ing bâsâ Indonésia supados pârâ pamaos sâhâ panaliti sanès ingkang sanès pamaos sâhâ panaliti abâsâ Jawi sagêd ngginakakên panalitèn mênikâ kanggé *referensi*-nipun. Wondéné asiling *terjemahan teks SPW* menikâ kaandharakên wontên ing kâcâ candhakistan.

Tabel 24. Asiling Suntingan sâhâ Terjemahan Teks SPW

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
1	{kåcå 1}// Pamrêsing tyas sinawung mêmânis / yun manêdhak Puståkå Wasiat / ing Radyan Natatmajané/ kinon nganggyå pråsunu / kang dèrèng wrin rahsyèng kintèki / samyå amêrsudyåå / aywå tyas balilu / lukitaning kang puståkå / bângsâ râhså supadyå ngrunyêp tyas pèni / aywå keh nrang druåkå//	Mikir kanthi tumêmên lumantar sêkar Dhandhanggulå kanggè nêdhåk Puståkå Wasiat ingkang dipunsêrat déning Radén Mas Nåtå Atmâjå. Kanthi ancas supados pârå putrâ ingkang dèrèng mangêrtos sêrat mênikå sami mêrsudi, lan botên bodho. Isining puståkå mênikå supados rumasuk dhatêng manah.	Mengerahkan segala kekuatan melalui tembang dhandhanggula, saya menyalin <u>Pustaka Wasiat</u> ³ yang ditulis oleh Raden Nata Atmaja untuk anak-anak yang belum mengerti isi surat ini. Maka belajarlâh, jangan memiliki hati bodoh. Isi dari pustaka ini supaya merasuk dalam hati yang baik dan jangan melakukan perbuatan dosa.
2	sasmitèng rèh lamun adêdasih / asiyå mring sagung kancanirå / rakêtên ing sabdå sumèh / sumarah rèh rahayu / ywa ngu{kåcå 2}cirå mring rowang iring / ngruruhå ruming tingkah / kahananing laku / kumêndêlå ing ywang sukma / narimåå yen bejå durung tumitis / têngêsna ingkang karyå//	Pratåndhå tumindak bêcik nalika srawung inggih kanthi trêсна marang tiyang sanès kanthi ngginakakên baså ingkang alus sâhå èsêm. Tumindak kanthi sabar ampun ngantos nguciwani tiyang sanès ingkang sampun mbiyantu sâhå kapadosânå tumindak ingkang bêcik. Kawontênan ingkang kadospundi kémawon têtêp pitados ing Ywang Sukma kanthi nampi manawi bêngjå dèrèng tumitis sâhå tumêmên anggènipun makaryå.	Pertanda tingkah laku baik pada orang lain dengan cara cinta kepada sesama teman, dekatilah dengan tutur kata baik, senyuman, sabar, dan jangan mengecewakan kepada orang yang telah membantumu. Dalam keadaan seperti apapun tetap percaya kepada <u>Ywang Sukma</u> ¹ jika keberuntungan belum berpihak dengan tetap rajin bekerja.

Påda	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
3	bumi langit miwah mati urip / parapunên tyas kèng mrih tan arså / yåiku kang mêmurung rèh / rèhing kalbu puniku / wawasên sing paningal lantip / lantip saèstu nyåtå / bingal jroning kalbu / dudu nétrå kang nèng mukå / tingal batin dunungé nèng sanusari / wawasên diwaskithå//	Pêjah gêsangipun manungså dipunlêjari kanthi ati ingkang botên sagêd mbatalakên niyatipun manungså. Isining atinipun manungså katingali kanthi paningal ingkang lantip sanès nétrå ingkang wontên pasuryan ananging paningal batin ingkang wontên ing sanusari kanthi waskithå.	<i>Hidup mati manusia dapat dihibur dengan hati yang tidak dapat membatalkan niyat manusia. Isi hati manungsa harus dilihat dengan mata yang tajam, bukan dengan mata yang ada pada wajah tetapi mata batin yang berada di sanubari.</i>
4	{kåcå 3} kanthanira kang kongsi malithit / pêpathêtên kêplaséng panéndrå / ing kono padunungané / rukya ing kadulu / gumilar wus ilang gung kumlip / barang kang katingalan / sasmitå satuhu / nora milir lan tan milar / yekti têmên tètès sakujaring gåib / gaibe kang minulyå//	Wêwujudanipun manungså ingkang sarwi bêcik, dipunpênggak nêpsu ingkang wontên ing panéndrå. Wontên ing mriku papanipun rukya ingkang katingal. Barang ingkang katingalan mênikå minangka sasmitå ingkang botên nyimpang. Sayêkti nyåtå ujaring gåib, gaibipun kang Måhå Mulyå.	<i>Perwujudan manusia yang serba baik, jangan dituruti nafsu untuk tidur. Disitulah tempatnyanya rukyat yang terlihat lalu menghilang. Barang yang terlihat, (menjadi) pertanda yang sebenarnya yang tidak menyimpang. Benar-benar nyata ilmu yang ghaib, Ghaib-Nya yang Maha Mulya.</i>
5	mulyakêna gung urip puniki / aywå ngantyå kasasaring salah / palangana mrih wurungé / rungunên gung pitutur / tampanånå cathêtên ngati / têtat kang pasang sétå / susêtyèng silarju / jaganên jêjêging karså / byati darmå	Manungså kédah mulyakakên gêsangipun supados botên kasasar ing margi ingkang lêpat. Kapalangånå amrih wurungipun kanthi mirêngakên pitutur sårå dipuncathêt wontên ing ati. Manungså ugi njagi jêjêging karså supados botên ngaboti nêpsuning jiwå, inggih nêpsu ingkang murungakên ati ingkang rêsik.	<i>Manusia harus memperbaiki hidupnya supaya tidak terjerumus pada jalan yang salah. Hindarilah agar tidak terjerumus dengan cara mendengarkan nasehat dan mencatatnya dalam hati. Manusia juga menjaga tegaknya niat supaya tidak</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	napsu kang pinoting jisim / pamurunging tyas arjå//		<i>terbebani nafsu dalam jiwa, yaitu nafsu yang membatalkan untuk kebersihan hati.</i>
6	marmå sirå ingkang ngati-ati / tindak tanduk tatanên ing nålå / nalikå lumêksanané / wali-wali ing ayun / wêwulangé pårå binangkit / tan ånå ingkang salah / bënêr tur saèstu / wênèh jalmå ta{kacå 4}n rinåså / yèn kasusu sêngguh piyangkuh andadi / bêging tyas wus sujånå//	Manungså kêdah ngatos-atos anggènipun tumindak dipuntata sajroning manah nalikå badhé nindakakên. Wola-wali sampun dipunandharakên bilih wêwulangipun pårå tiyang binangkit botên wontên ingkang lêpat kêpårå saèstu lêrês, kajawi tiyang ingkang botên kraos. Manawi manungså kêsêså ing sajroning manah sampun rumaos pintêr.	<i>Maka kamu berhati-hati, tingkah laku harus ditata di dalam hati sebelum melakukannya. Berulang kali sudah diutarakan, pesan dari para orang pintar itu tidak ada yang salah, semuanya benar, kecuali orang yang tidak merasa benar. Jika terburu-buru sombong hati sudah merasa orang pintar.</i>
7	malah-malah amrih mijanani / mring wulangé pårå tuwå-tuwå / ing kunå-kunå winaon / tur iku jatènipun / yèn kawuwus ing wuwus lungit / samångså dipunlatap ngêpus mêtu êntut / saé-saéné mangucap / ngucapakên badhêg, bangêr, amis bacin / cênthulå ngåmbra-åmbra//	Kêpårå amrih manitis dhatêng manungså wêwulangipun pårå sêsêpuh ingkang minångkå sêjatining ngèlmu. Manawi ngèlmunipun dipunandharakên dhatêng priyantun ingkang langkung mangêrtos, andharanipun namung kados êntut. Rêmên ngucap ingkang botên saé. Andharanipun tiyang mênikå botên wontên ginanipun.	<i>Lebih-lebih supaya menitis pada manusia ajaran yang telah disampaikan oleh para tetua itulah sejatinya (ilmu). Jika ilmunya disampaikan pada orang yang lebih ngerti, omongannya hanya seperti kentut. Senang berbicara yang tidak baik. Perilakunya tidak ada gunanya sama sekali.</i>
8	glis jiratên pamikir kadyèki / supåyå nir sudarganirå tyas / lir târå sêdhêng mangsané / kêtigå paminipun / rêsik ingkang budyamrik / milålå sukaning lyan / nirdéyå tan kêtung / kang	Gêlis dipunjirêt pamikiripun manungså supados botên awon manahipun kados mångså kêtigå. Rêsik budi pakartinipun, kurmat dhatêng tiyang sanès, mbiyantu kanthi botên ngêtang, ingkang tanggap kaliyan omongan,	<i>Cepatlah mengencangkan pikiran manusia supaya tidak ada kejelekan dalam hati seperti musim panas. Bersih budi pekertinya menghormati orang lain, membantu tidak terhitung, yang tanggap</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	tanggap tampiling sabdå / ing ywå lancang tumloncong sêbarang angling / pingitên aywå kongas//	såhå ampun lancang anggènipun ngucap supados dados tiyang ingkang kajèn.	<i>dengan perkataan, dan jangan lancang dalam berbicara supaya menjadi orang yang terhormat.</i>
9	mangéstoknå kaujaring tulis / têtilasé gung pårå sujånå / ing nguni kang wus kinaot / têpå tuladhanipun / datan kurang wulang jro tamsil /{kåcå 5} agal alusing tindak / tindak kang rahayu / yuwananing wranèng donya / myang basuki sujalma suwitèng Gusti / têtêpå susêlarjå//	Katindaknå mênapa ingkang sampun tinulis minångkå pêsênipun priyantun luhur ingkang dados tulådhånipun. Botên kirang-kirang malih ingkang minångkå tulådhå saé alaning tumindakipun manungså. Tumindak ingkang saé kanggé manggih rahayu donyå tumêkèng ngadhêp mring Gusti kanthi têtêp susilå lan raharjå.	<i>Patuhilah apa yang telah dituliskan yang menjadi pesan dari orang hebat yang telah lebih (dan) menjadi contoh. Sudah banyak yang menjadi contoh baik buruknya perilaku manusia. Perilaku yang baik untuk keselamatan dunia akhirat.</i>
10	jalarané bêjå sugih singgih / gagah saguh mring tindak utåmå / tumanên mring tyas tēmēné / tinēmēnan katēmu / yèn tan tahan tyasnya tanpå ris / maras-maras kawawas / mring darbèking lyan mangungkih / kyating caku mangangkah//	Jalaranipun bêgjå såhå sugih inggih mênika kanthi wani såhå purun tumindak utami ingkang tinata ing salêbêting ati. Manawi botên tahan, atinipun botên sabar såhå kawatir marang kagunganipun priyantun sanès. Milå énggal sigrå jumangkah amlangkah.	<i>Sebab manusia mendapat keberuntungan dan kaya adalah dengan berani (dan) mau berperilaku baik yang tertata dalam hati. Jika tidak tahan, hatinya tidak sabar dan iri dengan miliknya orang lain. Segera bergegas melangkah untuk kebaikan.</i>
11	gagah guyub agahaning budi / dadyå ilang wahyonirå oncat / pinuncat méncok liyané / nêrajang kang budyarum / rumangsannyå si ardå dupi / pinukul adil samar / marmå	Manawi manungså kêsusu anggènipun tumindak sagêd ndadosakên icalipun wahyu dhatêng tiyang sanès kanthi nrajang sadåyå ingkang sampun dipunupåyå. Miturut si murkå tumindak botên adil, milå kêdah dipunémut	<i>Terburu-buru dalam bertindak, menjadikan hilangnya wahyu yang telah didapatkan, kepada orang lain. Menerjang semua yang telah diupayakan. Menurutny si murka bersikap tidak adil, maka harus diingat</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	dipunémut / mêngêti tingkahé jalmå / myang sêbarang kang gumêrmêt kang kumêlip / kapyå dadyå wêwulang//	bilih sadâyå tumindakipun manungså ingkang amung nêngênakên kaendahaning donyå dados piwulangipun.	semua tingkah polah manusia yang hanya mementingkan keindahan duniawi seperti menjadi pelajaran.
12	nganglangånå pakèwuhing jalmi / aywå dupi jalmå sudrå pâpå / ngruthêk nisthå panganggéné / awasêna ka{kåcå 6}ruwun / pangikêté sajroning ati / tan kênå ginêgampang / titahing Ywang Agung / samyå darbèni kapêsan / datan langgêng lêlakoning donyå iki / sor unggul kalah mênang//	Manungså kêdah ningali nalikå piyambakipun nêmbé wontên ing ngandhap lan kanisthan. Nalikå sadâyå agêmanipun nisthå, manungså kêdah mawas dhiri sâhå botên dipundamêl gampil. Pitados bilih umating Ywang Agung darbé kapêsan ingkang botên langgêng wontên ing alam donyå. Mêsthinipun asor unggul kalah sâhå mênang.	Lihatlah pada saat manusia berada dibawah dan nista. Semua nista pakaianya, lihatlah dengan hati dan jangan menganggap mudah. Umat-Nya <u>Ywang Agung¹</u> pasti memiliki kesialan yang tidak akan seterusnya sial didunia ini. Pastilah roda kehidupan ini berputar.
13	yèn pinaring lêlakoning Widi / lagyå asor sudrå pâpå nisthå / kalah lan sapêpadhané / kasurang sruka surung / kasangsaran sinarang maring / sagungé sanak kadang / kadyå samyå ngriwuk / ananging wis adatirå / sok si åjå mãhå-måhå laku sisip / amung ngusap jåjå//	Manawi manungså pinaringan lêlakoning Hyang Widi nêmbé asor, nisthå, sâhå kawon gêsangipun kalihan sapêpadhanipun. Dados tiyang ingkang cilåkå sâhå sangsårå gêsangipun. Sadâyå sanak kadang ingkang namung nggatosakên. Ampun ngantos ngunggul-ngunggulakên tumindak botên lêrês, langkung prayogi dipunlampahi kanthi sabar.	Jika memperoleh cobaan dari <u>Hyang Widi¹</u> menjadi orang sudra dan kalah dengan orang lain. Menjadi orang yang celaka dan sengsara hidupnya. Semua keluarga seperti hanya memperhatikan saja. Janganlah mengunggul-unggulkan dengan perilaku yang tidak baik, lebih baik dengan bersabar.
14	manêbutå asmaning Ywang Widi / pan Lakaholawalakuwata / Ilabilahilngalamé / lan astagpirolåhu / subkanalåh kamdulilahi / jroning tyas	Manêbutå asmaning Hyang Widi kanthi ngucap <i>Laqaullawalaquata illabilahialiuazim, astagfirullah, subhanallah</i> sâhå alhamdulillah. Jroning manahipun manungså sampun	Menyebutlah nama Ywang Widi dengan <u><i>Laqaullawalaquata illabilahialiuazim, astagfirullah, subhanallah dan alhamdulillah²</i></u> . Dalam hati mengijinkan

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	tokidênå / tinangsuping kawruh / kawruh kang mēsthi utāmå / utamèng trusing urip praptå ing pati / pati pati-patitis mriyå//	angidini kanggé nampi kawruh kang utami, utami kanggé donya tumêkèng akir.	untuk menerima ilmu yang baik, baik untuk dunia sampai akhirat.
15	dèn narimå pintanên ing batin / aywå kongsi batal niyatirå / ywå susah sinung lêlakon / laku{kåcå 7} kang nora jujur / jêr jinajal atêping ati / déning Ywang Måhå Mulyå / yèn nyåtå pinujul / kari nampani nugråhå / bêjå iku tan kêna kikiréng jalmi / yèn adoh ingkang karya//	Manungså kêdah nampi kanthi tulusing manah supados botên batal niyatipun. Nalikå nandhang lêlakon ampun ngantos tumindak ingkang botên jujur. Manungså ingkang sagêd nglampahi pacoban kanthi sabar samangké pikantuk kanugrahan. Kanugrahan ingkang wujud kabêgjan, bêgjå mênikå botên badhé nitis manawi manungså mênikå botên ngupåyå.	Terimalah (cobaan) dengan tulus hati jangan sampai batal niatmu. Jangan bersedih dengan cobaan dan jangan sampai bertindak yang tidak jujur pada saat diuji ketulusan hati oleh <u>Yhang Maha Mulya</u> ¹ . Jika dapat melewati cobaan akan mendapatkan anugerah. Keberuntungan itu tidak akan pergi jika manusia itu tidak berhenti untuk berusaha.
16	nora angèl yêkti langkung gampil / ngingir mring wibawaning / kang luhur kinaryå asor / asor kinaryå luhur / sårå ingkang malang-malangi / mukaråbin malekat / tan wignyå tumanggung / yèn mirawus tan narimå / déra ngingkit sasmitå kang karya urip / pêsthi mangkono ugå//	Botên angèl ananging langkung gampil kanggé ngingir wibawaning manungsa. Ingkang luhur kadamêl asor, ingkang asor kadamêl luhur. Sintên ingkang mêpalangi kapintêran botên badhé tumitis marang manungså mênikå. Manawi botên nampi kodrating gêsangipun, kados mênikå pêsthinipun.	Tidaklah susah akan tetapi mudah untuk memperlihatkan kewibawaan manusia. Yang luhur dibuat rendah, yang rendah dibuat luhur. Siapa yang ingin menghalang-halangi maka keberuntungan tidak berpihak kepadanya. Jika tidak menerima (keberuntungan) maka seperti itulah kodratnya.
17	lair nêrpati kang nêbadani / ing sapangrèh tan gèsèh ing karså / rèh	Pêjah gêsangipun manungså badhé santoså kanggé ingkang tumindak wicaksånå.	Hidup dan matinya manusia akan santosa bagi orang yang bersikap bijaksana.

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	karyå mångkå gantiné / déné Ywang Måhå Luhur / kang nglairkên bêjaning jalmi / minångkå lantaranña / Ywang subkinalåhu / Sang Sri saèstu yèn darmå / lårå wiryå atas karsaning Hyang Widi / iku sêjatènirå//	Tumindak kålå wau badhé pikantuk gantosipun saking Ywang Måhå Luhur ingkang maringakên bêgjaning manungså. Lumantar Ywang Subkinallahu, gêrah warasipun manungså amung karsaning Hyang Widi mênikå kang sêjatinipun.	Perilaku tersebut akan mendapat gantinya dari <u>Ywang Maha Luhur</u> ¹ yang memberikan keberuntungan manusia. <u>Sang Sri</u> ¹ benar jika Maha Murah karena sakit (dan) sehatnya manusia atas kehendak <u>Hyang Widi</u> ¹ .
18	marmå sirå ingkang ngati-ati / pêsudinên patraping utåmå / tåmå tinanêm jro tyasé / tyas kang panggah mrih hayu / yuwananing suwitèng Gusti / kang titi barêng karså / wohé nålå kudur / ing wrin mring lakutåmå / utamèng trus dandani méndahing budi /{kåcå 8} budi pusakèng badan//	Manungså kêdah ingkang ngati-ati anggènipun mêrsudi tumindak utami, inggih tumindak ingkang tinanêm sajroning manahipun. Katindakên supados manggih rahayu nalikå suwitå marang Gusti. Manungså ugi ingkang ngatos-atos sadåyå karså. Tiyang ingkang tumindak utami badhé ndandosi murih èndahing budi, budi ingkang minångkå pusakaning badan.	Manusia harus berhati-hati dalam belajar perilaku yang utama, yaitu perilaku yang tertanam dalam hatinya. Perilaku tersebut dilakukan untuk keselamatan, selamat mengabdikan pada <u>Gusti</u> ⁵ . Manusia juga berhati-hati dalam semua keinginan. Orang yang berbuat kebaikan akan memperbaiki indahny jiwa dalam diri manusia..
19	dandanirå ingkang nêbadani / nêmbadani laku kang raharjå / jêr tapanirèng jisimé / manyêgah dhahar nginum / tapaning roh pan ora guling / tapèng tyas èstu sabar / sabar barang kayun / mung sawiji ingkang mêdal / sing tapèng tyas barang karså nêngêr jati / mêsthi glis linampahan//	Tiyang gêsang mênikå kêdah sagêd ndandosi tumindakipun ingkang langkung saé kanthi cârå nyêgah håwå nêpsu sajroning badan. Kanthi yêgah dhahar nginum, saré såhå sabar. Manungså ingkang rêmên laku prihatin sadåyå mênikå mêsthi badhé ginayuh samudayanipun.	Perbaikilah perbuatanmu yang lebih baik. Dengan cara mencegah hawa napsu dalam badan, seperti mencegah makan minum dan tidur. Mencegah napsu hati dengan bersabar. Dengan semua itu pasti akan tercapai semua yang diinginkan manusia.

Påda	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
20	datan kêna lamun dèn sabari / bok mênawâ nyupêt lêlampahan / tapaning urip yêktiné / jroning tyas kédah émut / datan kêna lali sakmênit / yèn sirâ sêdyâ mâhâ / lali karya luput / gigang sihirâ Ywang Sukmâ / kaping kalih sihirâ Sri Nârâ Pati / marmâ tan kêna gampang//	Botên sagêd malih dipunsabari manungsâ ingkang cupêt pikiranipun. Manungsâ kédah mangêrtos laku prihatin ingkang wontên ing atinipun botên sagêd dipunlirwakakên. Manawi manungsâ gadhah niat âlâ, nglirwakakên laku prihatin nêmahî kaluputan ingkang anjalari rênggang trêsnanipun marang Ywang Sukmâ. Milâ botên sagêd dipunanggêp gampang.	Tidak dapat diberi sabar untuk manusia yang sempit pemikiran hidupnya. Manusia harus mengerti laku prihatin, dalam hatinya tidak boleh dilupakan. Jika manusia memiliki sikap jahat untuk melupakan perilaku prihatin maka menyebabkan renggang kecintaan <u>Ywang Sukma</u> ¹ , kedua kecintaan <u>Sri Nara Pati</u> ¹ . Maka tidak bisa dibuat mudah.
21	laku-lakuning urip puniki / nadyan praptèng ing jaman kasidan /yèn sujalmâ nir élingé / rusak ing patènipun / uripirâ dadi jinis jim / kagédang marang hâwâ / nêsonirâ catur / sêbab pisahé lan jasad / langkung awrat dahat dênirâ tanapti / milâ gung anggêgodhâ//	Pacobaning gêsang mênikâ sanadyan ngantos manungsâ sédâ manawi botên émut milâ badhé risak aggènipun sédâ. Gêsangipun dados jinising jin ingkang namung nguja hâwâ nêpsu. Sâbâb pisahipun kaliyan râgâ manungsâ nalikâ sédâ langkung awrat manawi hâwâ nêpsu mênikâ taksih anggêgodhâ.	Cobaan yang dihadapi manusia walaupun sampai mati jika manusia tidak ingat maka akan susah dalam meninggalnya. Hidupnya hanya seperti jin yang hanya menuruti hawa nafsu. Sebab pisahnya roh dan jiwa manusia saat mati itu sangat sulit jika hawa nafsu itu masih menggodanya.
22	duking urip ngantya praptèng pati / marmâ aywâ sirâ pègat-pègat /{kâcâ 9} manrang budi sadinané / mamrih raharjèng laku / samubarang kang dén lampahi / kang éling trusing manah / jêr sagung tumuwuh / datan sapraptèng	Salamining gêsang ngantos sédâ manungsâ ampun ngantos pègat anggènipun njagi dhiri sabên dintènipun supados slamêt lakunipun. Samubarang ingkang dipunlampahi manungsâ kédah éling ampun ngantos supé bilih sadâyâ	Selama hidup sampai mati janganlah kamu berhenti untuk menjaga diri supaya selamat di dunia. Setiap yang dijalani oleh manusia harus tetap ingat dalam hati bahwa semua umat pasti akan meninggal, meskipun itu utusan Tuhan.

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	lénå / gunging umat pêsthi lamun nganggyå mati / nadyan jêng dutaning Ywang//	umat mênikå nêmahî sêdå, sanadyan mênikå utusaning Ywang.	
23	Nabi Mukhamad Rasulolåhi / awêrana lêlantaran sêda / tur Nabi nujul dhéwé / babuning roh sédarum / pitung langit lan pitung bumi / datan lyan jêng Mukhamad / purwå-purwanipun / turing ngakên bahsaning Hyang / suprandéné mêkså angagêm kêkêlir / jati Walåhuanglim//	Nabi Muhammad Rasullallah ugi sêdå, kamångkå panjênêngangipun Nabi ingkang nujul piyambak. Inggang dados panutaning sadâyå kawula pitung donyå pitung langit, botên sanès inggih mênikå Nabi Muhammad. Panjênênganipun dipunparéntah déning Hyang sênadyan ngginakakên kêkêlir. Wallahualam	<i>Nabi Muhammad Rasullallah juga meninggal. Padahal beliau seorang nabi yang unggul. Nabi yang menjadi panutan semua makhluk di bumi maupun di langit, tidak lain adalah Nabi Muhammad. Beliau memerintahkan karena Allah. Wallahualam</i>
24	mångså borong ingkang manampani / kang minångkå pangêngêting driyå / aywå lali sadinané / mêrsudi ing laku / kêlakuan alusing budi / dohnå dirgungi sabdå / kumintêr kumingsun / ambêg wignyå mutêr jagad / sênandyan séstu lamun binangkit / akaryå nèking driyå//	Mångså borong manungså ingkang badhé narimå pratåndhå kanggé pangêgêt-êngêt nalika tumindak sabên dintênipun. Kanthi mêrsudi ing laku utami sårå nebihi saking pitutur ingkang awon. Manungså botên kénging ngagung-agungakên dhirinipun pribadi. Sanadyan tiyang pintêr ananging kédah andhap asor.	<i>Terserah manusia yang menerima pertanda sebagai pengingat berperilaku setiap hari. Belajar berperilaku baik, menjauhkan diri dari perkataan yang tidak baik, yang membanggakan diri sendiri. Walaupun orang pintar harus selalu berusaha merendahkan hati.</i>
25	sagunging kang tumingal miyarsi / mêngå mênjêp trus pardâyå / iku wran lancang kalané /{kåcå 10} cumongol mrih kadulu / sirnakêna pikir kadyèki /	Sadâyå tiyang ingkang mirsani badhé botên rêmên kaliyan kêkiyatanipun. Tiyang ingkang tumindak nilar paugêran kédah ningali manahipun bilih mênikå botên kalêbêt	<i>Semua yang melihat akan tidak senang dengan kelakuan orang yang lancang. Orang yang suka melanggar peraturan harus melihat introspeksi diri bahwa itu</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	dudu watêk umlâmâ / nanging âjâ milu ewa aling-alingânâ / sawêntârâ sêdanyâ kang wus mawijil / yèn mirêng ywâ dèn pyarsâ //	wataking ulâmâ. Ampun ngantos tumindak ingkang nilar paugêran, ananging kêdah dipunsingkiri sapêrangan ngantos sadayanipun ingkang sampun dipunmirêngakên sâhâ ingkang sampun dipunpirsani.	<i>tidak termasuk watak seorang ulama. Jangan sampai berperilaku yang melanggar peraturan, akan tetapi harus berusaha menyingkiri sebagian (perilaku tidak baik) sampai semuanya yang telah didengar maupun yang dilihat.</i>
1	// //Kinanthi// // kinanthi kêlamun ngrungu/ jalmâ rêrasan ngrasani/ gêdhé sirâ wani ngajak/ manggunêm alaning jalmi/ mirêngnâ apitanânâ/ aywâ milu angudhoni//	Manungsâ manawi mirêng wontên ingkang rêrasan angrasani alanipun tiyang sanès. Lamun panjênêngan ngajak kanggé ngrasani alanipun tiyang sanès, dipunmirêngakên sâhâ gatosakên ampun ngantos ndhèrèk ngudoni alanipun tiyang sanès.	<i>Manusia jika mendengar orang lain saling membincangkan keburukan (manusia lain). Begitu berani hingga mengajak untuk mengurus keburukan orang lain. Dengarlah dan perhatikanlah bahwa jangan ada yang ikut melucuti (keburukan mereka).</i>
2	malah pêdhotên kang wuwus/ sagung rapêtnyâ kang manis/ lawan kang lagyâ ing ngucap/ ywâ kêbanjur mangrasani/ nanging âjâ sirâ mênggak/ bok mênâwâ dadi ati//	Kêpârâ pêdhotên ingkang rêrasan sâhâ ngupâyâ nutupi ingkang rapêt. Manawi sampun kabanjur ngrasani, ampun ngantos mênggak mbok mênawi damêl kirang rênaning pênggalih.	<i>Justru putusan kegiatan itu dan berusahalah menutupinya serapat mungkin. Apabila sudah terlanjur dibicarakan tetap jangan ikut menjelek-jelekkan. Siapa tahu menyakitkan hati.</i>
3	êndi kang mêthuki kayun/ wruh sêmu banjur ngèsêmi/ lumyat patrap kang mangkono/ lan yâ rêmên miyak wadi/	Pundi ingkang nguja pêpénginanipun mangêrtos lajêng paring èsêman, botên pantês patrap ingkang makatên mênikâ. Ampun	<i>Barangsiapa yang mengikuti keinginan lalu melihat lantas memberikan senyum, tidak pantas sikap yang demikian. Tidaklah</i>

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	barang wadiné wran liyå/ gung manèh wadiné Gusti//	rêmên miyak wadinipun tiyang sanès, langkung-langkung miyak wadinipun Gusti.	<i>seseorang senang membuka aib milik orang lain, apa lagi aib Gusti.</i>
4	tutupên ingkang barukut/ kang bêcik gyan tanêrtibi/ åjå sirå rêmên mêdhar/ angudhar barang piningit/ tanpå asil tuwas sayah/ awêwah dipungêdhongi//	Dipuntutup ingkang rapêt supados pikantuk kabêcikan. Ampun ngantos rêmên mbikåk mênåpå ingkang <i>rahasia</i> -nipun tiyang sanès. Botên wontên ginanipun sårå namung damêl sayah dhiri pribadi, langkung prayogi dipuntutupi kanthi rapêt.	<i>Jangan sesekali diumbar (aib orang lain) supaya kebaikan terus mengalir. Jangan menjadi seseorang yang senang membuka rahasia orang lain. Tidak berguna dan melelahkan diri sendiri sebaiknya tutupilah rahasia itu dengan sebaik mungkin.</i>
5	dosannya kang dipuncatur/ gêdhong dê{kåcå 11}dosannya pribadi/ durung karuwan yèn kang kat/ pêpékå dadak mangindhit/ marang dosané wong liyå/ dadyå dhemen nèng yumani//	Dosanipun (tiyang sanès) dipunrêmbag wondéné dosanipun pribadi dipuntutupi. Dèrèng tamtu piyambakipun sagêd njunjung doså kados tiyang sanès. Watak ingkang kados makatên kados kêpéngin wontên ing neråå.	<i>Kesalahan mereka (orang lain) dibahas sedang dosa sendiri ditutupi. Belum tentu diri sendiri mampu mengangkat beban layaknya mereka. Sikap ceroboh demikian itu seperti hendak berada di neraka.</i>
6	sèstu yèn yumani bésuk/ datan ånå manêksani/ yèn kêlå sikså nèng donyå/ paran gyanirå ngoncati/ wus dhêndhané kaluputan/ wit saking slirå pribadi//	Saèstu manawi nêråå badhé dados piwalêsipun. Botên wontên ingkang nulungi nalika kasiksa wontên ing donyå. Sanadyan dipunsingkiri ananging sampun pantês piwalês mênikå dipunlampahi karånå tumindakipun pribadi.	<i>Sungguh neraka akan menjadi balasan nanti. Tidak ada yang melindungi saat mendapati siksa dunia. Meskipun dihindari tapi sudah sepantasnya balasan itu dilimpahkan oleh karena perbuatan salah diri sendiri.</i>
7	janjènrå gung tumuwuh/ wangrus-winangrus agênti/ utang isinnya tur wirang/ utang lårå nyaur sakit/ utang	Janjinipun sampun nyåtå lumantar piwalês. Utang isin nyaur wirang, utang lårå nyaur sakit, utang pati nyaur pêjah. Lamun botên kados mênikå pêsthinipun.	<i>Janjinya telah menjadi nyata melalui balasan-balasan. Hutang rasa malu dibayar malu. Hutang sakit pun dibayar</i>

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	pati nyaur pêjah/ lamun tan mangkono pasthi//		<i>dengan sakit. Hutang nyawa lantas dibayar nyawa. Namun tidak sedemikian itu.</i>
8	bumi langit sirnå lêbur/ tan ånå sirå lan mami/ tuwin saguning tumitah/ sirnå luluh tanpå dadi/ bali awang uwungirå/ bubrah kratoning Ywang Widi//	Bumi langit sirnå lêbur botên bédå kaliyan manungså ugi sadåyå ingkang tumitah. Sadåyå ancur wangsul malih dados awang uwungipun sarêng kaliyan bubrahipun kratoning Ywang Widi.	<i>Kemudian didapati bumi langit hilang lebur begitu juga aku dan engkau, juga seluruh ciptaan. Seluruhnya hancur kembali pada ketiadaan bersama hancurnya kerajaan <u>Ywang Widi</u>¹.</i>
9	marmå samyå dipunémot/ lêlabêt ing nguni-uni/ sujalma kang wus utåmå/ amêdhar tatrapan adi/ trapsilèng budyå bêksontå/ asih sêsamèng dumadi//	Milå saking mênikå sami dipunémot kaliyan ngêndikanipun tiyang luhur ing bab tumindak utami. Manungså kêdah njagi wontên dhirinipun pribadi kanthi asih trêsnå klawan sêsaminipun.	<i>Oleh karenanya supaya diingat-ingat. Sejak dahulu manusia yang luhur menyebarkan tingkah laku yang baik dan dipelihara dalam diri mereka. (Mereka pun) mengasihi terhadap sesama makhluk.</i>
10	patitis trus tranging masbun/ marang sasmitaning Widi/ tuwin præ jamhur pukåhå/ wali-wali mratêlani/ dèn émut sêbarang karså/ sakê{kåcå 12}jêp ywå ngantyå lali//	Sampun cêthå wontên ing manahipun manungså sasmitaning Ywang Widi. Sadåyå tiyang pintêr asring ngémutakên sabarang ingkang dipunkarså, sêkêdhik kémawon ampun ngantos manungså supé.	<i>Sangat jelas dalam rasa di hati tentang tanda adanya Widi. Seluruh orang pandai berulang kali selalu mengingat hal itu dalam setiap keinginan. Sedikitpun tidak boleh sampai lupa.</i>
11	lamun lali dadyå luput/ luput sabarang kaptining/ sasêdyannyå nora tåmpå/ kélangan lamun tan éling/ kêlon kaluluning sétan/ tun ajêning ing ngaurip//	Manungså ingkang sampun supé milå badhé lêpat sadåyå niyatipun botên katampi. Manungså badhé kécalan manawi botên éling kados tilêm dipunkeloni sétan. Satêmah botên wontên kajèn gêsangipun.	<i>Ketika sudah lupa (tanda adanya Widi), maka akan menjadi kesalahan kembali. Kehilangan arah saat lupa maka dia sedang tertidur dalam buaian setan. Tiada kehormatan dalam hidup.</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
12	marmå ðèn waspåðèng dunung/ dununging sangang pêrkawis/ ing rèh ngaranan satriyå/ bâså sad nênem kang ngarti/ tri têtêlu têtêsirå/ sayêkti sampun nglênggahi//	Milå saking mênika kêdah dipunpênggalih såhå dipunmangêrtosi ing sangang prakawis supados sagêd dipunsêbut satriya. Wontên ênêm ingkang dipunmangêrtosi, kanthi tigå ingkang gadhah maknå, sayêkti (sangang prakawis) kêdah dipuntindakakên.	Oleh karenanya resapi dan pahami tentang sembilan perkara untuk dapat disebut 'Orang Luhur'. Bahasanya ada enam yang berarti, dengan tiga penuh makna. Sungguh perlu dilaksanakan dengan baik.
13	nênem kêlawan têtêlu/ wus jangkêp sangang pêrkawis/ yé ångkå yaiku sångå/ kadyå sagunging sujalmi/ kanggonan sangang pêrkårå/ jalu sênadyan pawèstri//	Ênem prakawis såhå tigå prakawis sampun jangkêp sangang prakawis. Sangang prakawis mênika kathah ginanipun tumrap priyå utawi wanitå.	Enam dan tiga perkara maka menjadi sembilan. Telah lengkap sembilan perkara. Sembilan perkara itu sebagai bekal manusia yang sangat berguna baik bagi kaum laki-laki maupun kaum perempuan.
14	saèstunyå dipunwêruh/ sangang bab ing lair batin/ yèn tan wikan tinggal nåmå/ kawruhåná ingkang batin/ kadyå sagungé sujalma/ mêngku alam sangå sami//	Saèstunipun prêlu dipunmangêrtosi déning manungså sangang prakawis lair batos. Manawi botên mangêrtos prakawis mênika namung tinggal nami. Milå prêlu dipunsinau kanthi batos kados limrahipun manungså ingkang nguwaosi sangang alam mênika.	Sesungguhnya perlu dilihat kesembilan perkara secara lahir dan batin. Jika tidak mengerti maka hal itu tinggal sebuah nama. Maka perlu diketahui secara batin selayaknya para manusia yang menguasai seluruh sembilan alam.
15	jagad akir jroning kalbu/ iku kêkêjabing urip/ urip kang tan kêna pêjah/ wêwakiling Måhå Suci/ kang mêngku sagunging ngalam/ murtining paningal lantip//	Jagad akir ingkang wontên sajroning manahipun manungså inggih mênika gêsang ingkang langgêng. Gêsang langgêng ingkang tanpå pêjah minångkå sêsulih wataking Ywang Måhå Suci, ingkang nguwaosi sadåyå alam kanthi nétrå ingkang lantip.	Dunia akhir yang berada dalam hati adalah kehidupan yang bersifat kekal. Itulah yang mewakili sifat Yang Maha Suci, penguasa seluruh alam. Badan penglihatan yang tajam.

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
16	Têgêsé lantip puniku/ alus tan å{kåcå 13}nå mamori/ tan kamoran bångså ngaral/ pakaryané jagad kakir/ kang lair ngangdhap punikå/ rèh samyå ing præjådi//	Têgêsipun lantip inggih mênikå manahipun manungså ingkang alus botên kacampur kaliyan ingkang awon. Pakaryanipun manungså ing jagad akir mênikå ingkang kaciptå awujud paréntah supados dipuntindakakên.	<i>Tajam itu memiliki makna bahwa hati yang halus tiada tercampur keburukan. Pekerjaannya dunia terakhir itu, yang tercipta sebagaimana nantinya disebutkan yaitu berupa perintah supaya dilaksanakan.</i>
17	saangsal-angsal kêdah wruh/ bangsanyå sangang pêrkawis/ dhihin wruhå marang sastrå/ kadyi wanitå ping kalih/ katri wêruh ing curigå/ catur kang wignyèng turanggi//	Manungså kêdah mangêrtosi ingkang kagolong sangang prakawis. Satunggal, mangêrtos ing bâså sårå sastrå. Kados wanitå ingkang kaping kalih. Kaping tigå, mangêrtos ing kêris. Kaping sakawan, mangêrtos ing turånggå.	<i>Sangat perlu diketahui yang tergolong dalam sembilan perkara. Pertama, perlu mengerti terhadap bahasa sastra. Layaknya wanita, yang kedua. Ketiga, selalu memiliki pengetahuan keris. Keempat, tau terhadap ilmu kuda.</i>
18	påncå mring gêndhing kang wêruh/ sad apik sabarang kardi/ saptå kang jlimêt prayogå/ saptanyå mêmêt pênggalih/ nyamut-nyamut kaping sångå/ datan kéwran agal alit//	Kaping gangsal mangêrtos gêndhing. Ênêm bêcik tumrap pakaryan. Pitu, jlimêt langkung prayogi ing pamikiripun. Sadåyå mênikå taksih têbih saking prakawis ingkang kaping sångå, namung prælu dipunpakså.	<i>Kelima mengerti selayaknya gending. Enam, bersungguh-sungguh dalam setiap pekerjaan. Tujuh, semakin detail semakin baik dalam pemikiran. Masih jauh jaraknya dengan yang ke sembilan. Tidak masalah, hanya perlu sedikit dipaksakan.</i>
19	lamun tan mêngkono tuhu/ sayêkti taksih kawingkis/ ingkang aran sinatriyå/ durung nêtêpi ing nami/ têngêsé biså ing sastrå/ nganggyå ukårå yèn angling//	Lamun botên mangêrtos ing sangang prakawis dèrèng nêtêpi namining satriyå. Têgêsipun sagêd bâså sårå sastrå inggih mênikå mannungså prælu nggatosakên ukårå ingkang dipunginakakên nalikå gunêman.	<i>Jika tidak demikian maka tidak akan bertemu dengan definisi 'Orang Luhur'. Belum menepati seorang luhur. Maksud dari mampu berbahasa sastra yaitu perlu</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
			<i>memerhatikan kata yang dipakai saat berbicara.</i>
20	nora benyunjuk-benyunjuk/ kudu ganêp angastiti/ têngésé kadyå wanitå/ luwês sasolah ngêrsêpi/ manis kêdaling wacånå/ adoh mring pênggawé sirik//	(Nalikå gunêman) botên bêngyunjuk-bêngyunjuk, kêdah ngatos-atos mangêrtos tåtå kråmå. Liripun kadyå wanitå inggih mênikå alus sasolahipun ngrêrsêpi manah sårå manis angènipun gunêman sartå têbih ing panggawé sirik.	<i>(Saat berbicara) tidak bersikap seperti orang tanpa tahu tata krama, selalu berhati-hati dalam perkataan. Maksud dari seperti wanita adalah halus dalam tindakan dan indah saat dipandang. Manis dalam bertutur kata serta jauh dari perbuatan buruk.</i>
21	katri kang wignyå ing tangguh/ irêng curigå prayogi/ tyas tajêm kadyå bramastrå/ wrin tangguh ing ålå bêcik/ kêdadéaning pêrkårå/ kadyå wus kapu{kåcå 14}sthèng galih//	Kaping tigå supados dados tiyang ingkang sagêd dipunpracåyå. Langkung prayogi kados kêris, mratandhani manah ingkang tajêm kados bramastrå. Waspåðå kanggé pracåyå ala sårå bêcik prakawis kados sampun tinanêm ing manah.	<i>Ketiga supaya menjadi orang yang dapat dipercaya. Sangat baik saat engkau menaruh kecurigaan. Menandakan hati yang tajam layaknya panah api. Waspada untuk percaya pada hal baik dan buruk dari suatu perkara seperti telah tertanam dalam hati.</i>
22	wignyèng kudå têngêsipun/ biså natrapakên kardi/ agal alus sarèh kêras/ pan wus pinasthi pribadi/ kang wrin gêndhing têngêsirå/ nganggyå wiråmå yèn angling//	Pintêr kados kudå liripun sagêd nindakakên pakaryan kanthi bêcik. Dipunpakså kanggé tumindak alus, sarèh sårå kukuh supados tumanêm ing dhiri pribadinipun. Lajêng, liripun mangêrtos ing gêndhing inggih mênikå ngginakakên wiråmå nalikå gunêman.	<i>Pandai seperti kuda maksudnya mampu melaksanakan pekerjaan dengan baik. Dipaksa untuk bertindak halus, sabar dan kukuh agar tertanam pada diri sendiri. Maksud mengerti selayaknya gending adalah memakai jeda saat berbicara.</i>

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
23	tan ninggal pathêtanipun/ larasing yudå nêgari/ apik têngêsirå nyåtå/ nora agawé saksirik/ marang sêsamèng tumitah/ ing lair manrusing batin//	Botên nilar pathêtanipun sâhå jumbuh kaliyan ingkang nêmbé dipunrembag. Bêcik têngêsipun nyåtå, botên damêl siriking liyan lair tumusing batos.	<i>Tanpa meninggalkan inti yang hendak dibicarakan dan sesuai apa yang sedang dibahas. Bagus maksudnya nyata terlihat. Tidak mengadakan sesuatu yang tidak patut pada sesama makhluk baik secara lahir maupun batin.</i>
24	ingkang jlimêt têngêsipun/ sabarang kawruh salêsih/ sungil asungalanê wruhan/ kang mêmêt sayêkti inggil/ inggil panêmon wus wruh marang nuad gâib//	Inkang jlimêt têngêsipun bilih sabarang kawruh taksih samar. Saangèl-angèlipun kawruh sajatosipun ingkang langkung jlimêt sâhå inggil saking kawruh inggih mênikå mangêrtos marang gaib.	<i>Begitu detail maksudnya bahwa setiap pengetahuan masih samar. Sesusah-susahanya pengetahuan sesungguhnya yang paling rumit dan tinggi dari suatu pengetahuan adalah pemahaman terhadap hal gaib.</i>
25	artênirå nyamut-nyamut/ lêpas jêmbar alus wêlik/ mumpuni saliring karså/ witingrèng alam udani/ witing urip wus waskithå/ witingrèng råså kapusthi//	Têngêsipun nyamut-nyamut inggih mênikå taksih lêpas, jêmbar, alus sâhå campur kanggé mujudakên niyatipun manungså. Mulå bukanipun gêsang ing alam prêlu dipunmangêrtosi déning manungså, bilih gêsang mênikå kédah mangêrtos ing samar. Mulå bukanipun saking råså sajroning manah.	<i>Artinya masih jauh jaraknya adalah masih bebas, luas, halus dan tercampur untuk mampu mewujudkan seluruh keinginan. Asal muasal diri di alam ini perlu diketahui bahwa hidup mampu tahu hal yang samar. Ada asal darimana rasa tertangkap (dalam hati).</i>
26	witing ngèlmu wus kacakup/ witing ora wus udani/ witing ånå wus waspådå/ yèku sujalmå linuwih/	Ing pundi ngèlmu sampun dipunkuwaosi manungså ananging asalipun dèrèng dipunmangêrtosi. Wontênipun ngèlmu amargi waspadanipun manungså. Mênikå	<i>Di mana pengetahuan sudah dikuasai, asalnya belum diketahui, mulanya ada karena waspada. Itulah kelebihan manusia melalui tindakan yang penuh pertimbangan</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	bèrbudi tur wijêksânå/ sampurnå purnå mawêning//	kaluwihanipun manungså lumantar tumindak kang wicaksånå, sampurnå tuwin suci.	dan kebijaksanaan. Sudah sempurna juga bersih suci.
27	dudu pêngrasanêngipun/ êningnyå trus tanpå têpi/ jêmbar lênyêp nglangut raras/ wus kadyå sêgârå êning/ êningnyå hamêngku râså/ râså srinatan ing margi//	Sanès pangrasanipun manungså ananging botên wontên watêsipun, satêmah wiyar lajêng ical nêbihi kabêcikan. Milå kados sêgârå ingkang bêning sâhå sagêd nguwaosi râså. Râså kang kuwaos wontên ing margining gêsang.	Bukanlah bagaimana perasaan seseorang terhadap sesuatu. (Namun) kesuciannya berlalu tanpa berujung, sehingga begitu luas lantas hilang menjauhi kebaikan. Maka sudah (selayaknya menjadi) seperti lautan yang bening dan mampu menguasai (berbagai macam) rasa. Rasa yang berkuasa dalam (setiap) perjalanan (hidup).
1	{kåcå 15}// // // //angèl kang nédyå mêmådha/ kêlamun lumrah sujalmi/ yèn tan tuk nugrahaning Ywang/ yêkti tan wignyå nêtêpi/ sangang bab lair batin/ kajawi putraning ratu/ yèku satriyâtåma/ kinaot siniyan Widi/ sukci murbå satriyå radèn mas//	Angèl ingkang nêdyå nyamèkakên limrahipun manungsa. Manawi botên pikantuk nugraha saking Gusti, lèrês botên sagêd nêtêpi sangang prakawis lair batos. Kajawi putranipun ratu inggih mênika satriya, langkung dipuntrêsnani Gusti. Watak suci nguwaosi satriya ingkang ajêjuluk Radèn Mas.	Sulit yang berniat untuk menyamakan manusia. Jika tidak mendapat anugerah (dari) Tuhan berarti tidak pintar menepati kesembilan bab lahir batin. Kecuali putra <u>ratu</u> ⁴ , yaitu seorang satria yang lebih dicintai Tuhan. Watak suci menguasai satria yang berjudul <u>Raden Mas</u> ⁶ .
2	liring têmbung radèn mas/ rohirå kinaryå dhingin/ marmå tan kêna sêmbrånå/ sagung lurining kêrtati/ saèstu tan mêstani/ putrå wayah praptèng buyut/ kang mêksih aran	Têgêsipun têmbung Radèn Mas inggih mênika tiyang ingkang jiwaniipun kadamêl langkung rumiyin, milå botên parêng sêmbrånå. Sadåyå sarasilah lêluhur tinåtå kanthi lèrês nyêbut putra wayah ngantos buyut ingkang maksih	Artinya kata Raden Mas yaitu jiwanya dibuat terlebih dahulu, maka tidak boleh becanda. Semua silsilah leluhur tertata mulai dari anak cucu sampai cicit. Yang masih disebut denmas harus mempelajari

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	dènmas/ yêkti kêdah angawruhi/ lan nindaki lênggahé sangang pêrkârå//	sinêbut dènmas. Sayêkti kêdah sinau sâhå nindakakên sangang prakawis kala wau.	dan melaksanakan kesembilan perkara (tadi).
3	lamun tumbuh tinggalnå ma/ siyå-siyå marang dhiri/ amur jênêng sikå moprå/ kumaprungrêng tunå budi/ wus jaragan wong cilik/ ela-elu tunggak maru/ nora dadi dandanan/ kêjåbå dinggo ngratengi/ iku tamtu bêras pari dadi sêgå//	Manungså ingkang mangêrtos kêdah nilar må, siå-siå dhatêng dhiri. Namung nami pucuk ingkang limrah. Bodho sangêt sâhå kirang pamikiripun. Sampun dipunniati kaliyan tiyang alit namung éla-élu tunggak maru. Botên dados langkung saé, kajawi dipunginakakên ngolah (pikiran), kados bêras sâhå pantun ingkang dados sêkul.	Jika mengerti tinggalkan ma, sia-sia terhadap diri. Hanya pemimpin (yang) bodoh sekali (dan) kurang pemikiran. Dasar orang kecil yang hanya ikut-ikut. Tidak menjadi yang lebih baik kecuali dipakai mengolah (pikiran) seperti (mengolah) beras dan padi menjadi nasi.
4	sok åjå pinangan ngrayap/ gapuk mrêpêl tanpå dadi/ sênadyan bångså satriyå/ yèn cupêt barang pênggalih/ iku wus mratélani/{kåcå 16} yèn alusnyå bångså kumaprungrêng/ sênadyan wong cilikå/ lamun lêpas ing pênggalih/ wus têtélå alusnyå bångså satriyå//	Ampun asring dipunpangan rayap, gapuk mrêpêl tanpå wontên wujudipun, sanadyan bångså satriya manawi cupêt budinipun bångså kumaprungrêng. Sanadyan tiyang alit manawi luhur penggalihipun sampun cêthå budinipun bångså satriyå.	Jangan seperti dimakan rayap yang mrepel. Meskipun bangsa satriya jika sempit pemikirannya sudah menandakan jika budinya bangsa (yang) bodoh. Meskipun orang kecil jika luhur dalam berpikiran sudah jelas budinya bangsa satria.
5	artiné ngaranan lêpas/ wruh osiking lair batin/ tan kéwran sêbarang karså/ karså trus marang angosik/ osik tumêkèng pikir/ yèn bènêr pamikiripun/ yêkti sinung nugråhå/ ing	Têgêsipun luhur, mangêrtos niat lair batos ingkang botên kéwran sabarang karså. Karså ingkang tumuju marang niatipun ingkang ngantos ing pênggalih. Manawi lêrês pamikiripun, cêtha pikantuk nugråhå ing	Artinya luhur adalah melihat niat lahir batin tidak segan (dalam) berbagai keinginan. Keinginan terus tertuju pada niat, niat yang sampai ke pikiran. Jika benar pemikirannya, jelas mendapatkan

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	dunyå tumêkèng pikir/ bâså bènêr puniku têngésé kênå//	donyå tumusing manah, têngêsipun lêrês mênika têngêsipun kênå.	imbalan di dunia sampai akhir, bahasa benar itu artinya kena.
6	kênå barang kang sinêdyå/ tan nêrak babagan sirik/ ingkang sah ingaranan kênå/ kèng anganggyå mêngarahi/ bâså cupêt kang ngêrti/ pêpêt buntêt tan lumêbu/ bégogok kåyå tunggak/ sinêpak datan malati/ sabab bakal dadi pakanané ngrayap//	Kênå mênåpå kémawon ingkang manungså sêdyå, botên nrajang prakawis ingkang botên jumbuh. Inggih ingkang sah dipunsêbut kênå inggih manungså ingkang ngginakakên niyat. Manawi cupêt ingkang dipunmangêrtosi inggih buntêt botên sagêd mlêbêt, bégogok kados tunggak ingkang dipunsêpak botên malati sabab bakal dados pakananipun rayap.	Kena apa saja yang (menjadi) keinginan tidak menerjang bab tidak pantas. Yang sah disebut kena, yang menggunakan niyat. Cupet tidak ada yang diketahui, duduk seperti tunggak yang ditendang tidak membuat kwalat karena akan menjadi makanan rayap.
7	kênå ingaran duråkå/ yèn tan gayuh salah siji/ babagan kang rong pêrkårå/ utåmå wruh bab kang batin/ antuk wahyuning mukmin/ lamun putus batinipun/ ing ngajeng wus jinarwå/ tan susah kinåndhå malih/ kang sayekti kari ngêtrapkên kiwålå//	Sagêd dipunsêbut duråkå manawi botên sagêd nggayuh salah satunggal saking kalih prakawis. Sêpisan mangêrtos prakawis wontên ing manah sårå pikantuk wahyuning mukmin. Manungså ingkang putus batinipun, ing ngajêng sampun dipunandharakên botên susah dipunandharakên malih namung kantun ngêtrapakên kémawon.	Bisa disebut durhaka jika tidak mencapai salah satu bab dari dua perkara. Pertama melihat bab dalam hati dan mendapat wahyu dari mukmin. Jika putus batinnya, didepan telah dijelaskan tidak usah dijelaskan lagi yang jelas tinggal mengerjakan saja.
8	mungguh rupaning dandanan/ bêngjå kang wignyå nglakoni/ ananging satêmênira/{kåcå 17} nora kênå dèn gégampil/ ywa dumèh sampun ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak	Mênggah wujuding dandosan, manungså bêngjå ingkang pintêr nglampahi. Ananging sêjatosipun botên sagêd dipundamêl gampil, ampun dumèh sampun pintêr lajêng sêngguhhipun botên nyêkêcakakên. tumindak	Sudah pantas wujudnya yang lebih baik. Manusia yang beruntung yang bisa melakukan. Akan tetapi, sebenarnya tidak bisa dibuat mudah. Jangan mentang-mentang sudah berilmu dirinya berbuat

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	barang mangêpak/ sok énakå ingkang galih/ nunjang palang ngèlmuné pinasang pasang//	tanpå pranatan nrajang ngèlmunipun dipuntåtå-tåtå.	seenaknya sendiri tanpa aturan, ilmunya digunakan untuk kejahatan.
9	ambêgnyå landhêsan tékad/ tokidé wran kênenèng sarik/ sayêkti tan wurung rusak/ yèn nasak barang pangêrti/ marmå dèn ngati-ati/ åjå kåyå wong kang lacut/ pêngrasané ing manah/ sujalmaå lamun wus ngèlmi/ praptèng pati kapénak manggih sawargå//	Watakipun adhêdhasar tékad, têtêp pitados tiyang ingkang kêtaman sarik mêtthi botên badhé risak. Manawi nrajang mênåpå ingkang sampun pinêsthi kêdah ngatos-atos ampun kados tiyang ingkang sampun nrajang pranatan. Pamikiripun ing manah manawi tiyang sampun pintêr ngantos sédå badhé kêpénak pikantuk swargå.	Wataknnya berdasarkan tekad, yakin bahwa orang yang terkena musibah pasti tidak akan susah. Jika menerjang apa yang telah dipastikan Tuhan, maka manusia harus berhati-hati jangan seperti orang yang terlanjur (menerjang). Pemikirannya dalam hati, manusia jika sudah berilmu sampai mati enak mendapatkan surga.
10	datan nrang sangsåyå békå/ kapapak pêtêng liputi/ tan nganggyå padhang sacêngkang/ pêt purêt datan pawilis/ mêmêlas ingkang kêri/ turunirå datan thukul/ manuh dadi sikumprå/ lêlomprå wusånå ngêmis/ ngêmas-êmas ing sak papak pundhakirå//	Datan nrajang ingkang langkung awrat kados pêtêng tanpå padhang sacêngkang. Manungså botên éwah tanpå wontên ngupåyå mênåpå malih namung mêmêlas wusananipun. Anak turunipun botên thukul amargi sampun kabanjur dados tiyang nisthå wusananipun ngêmis kanthi papak pundhakistanipun (tiyang sanès).	Tidak menerjang untuk hidup yang lebih susah seperti kegelapan tanpa penerangan. Manusia tidak akan berubah tanpa ada usaha apalagi meminta belas kasih orang lain. Keturunannya tidak berkembang jika sudah terlanjur menjadi orang nista. Akhirnya hanya mengemis, meminta-minta dengan menepuk pundak orang lain.
11	iku alané wran tunå/ dukå uripé cupêt budi/ ngêdohi pakaryan tåpå/ miwah lêlabuhan bêcik/ têladan nguni-uni/ ingkang samyå tuwuh luhur/ tan pisah	Alanipun tiyang ingkang kêkurangan amargi cupêt bêbudènipun. Asring nêbihi laku prihatin sårå pakaryan ingkang botên lèrês. Tuladhanipun kados tiyang luhur ingkang	Itu buruknya orang (yang) kekurangan karena sempit (dalam) berpikir. Suka menjauhi sikap prihatin dan pekerjaan yang baik. Contoh yang sudah-sudah yang

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	sanging tåpå/{kåcå 18} kang awas kang gawé urip/ yèn wus pasah sinêmbah samèng manungså//	botên têbih saking laku prihatin satêmah awas gêsangipun. Manawi sampun pasah ngèlmunipun badhé dipunpadosi déning sadâyå manungså.	<i>menjadi orang luhur pasti tidak jauh dari perbuatan prihatin dan awas dalam hidupnya. Jika sudah fasih akan dicari oleh semua manusia.</i>
12	lumrah sagunging manungså/ kang samyå dipunulati/ énak kêlawan kapénak/ sêbarangé nêdyå luwih/ nanging datan pinikir/ witirèng margå pinujul/ sênadyan amikirå/ kêcangkol wêgah nglakoni/ barang ciptå kandhêk kapéngin kéwala//	Limrahipun sagunging manungså ingkang dipuntingali namung sarwi énak kalawan kêpénak. Namung gadhah niat ingkang linuwih ananging botên dipunpikir langkung rumiyin. Sanadyan dipunpikir ananging botên purun tumindak ingkang dados gêgayuhanipun botên ginayuh namung dados pèpènginan kémawon.	<i>Umumnya setiap manusia yang dilihat hanya enak dan enak, apa-apa berniat yang lebih akan tetapi tidak dipikir. Meskipun berfikir tetapi tidak mau berbuat, yang diinginkan tidak terwujud hanya menjadi keinginannya saja.</i>
13	tan kadyå sujalma kunå/ lamun lêkas darbé kapti/ têmên-têmên norå ginggang/ rinéwang luwé lan arip/ éling trus marang gåib/ laku lilå sabar maklum/ marmantuk kang sinêdyå/ ing saciptanirå dadi/ rèh wus awas ring ngupiting kêdadéyan//	Botên kados manungså jaman rumiyin manawi miwiti nggayuh kêkarêpanipun têmên-têmên botên ginggang kanthi dipunbiyantu luwé raos ngantuk sårå éling dhumatêng Gusti. Botên ugi nilar laku lilå sarèh satêmah pikantuk mênåpå ingkang dados gêgayuhanipun. Manungså ingkang srêgêp laku prihatin manahipun ugi sampun awas marang sadâyå kadadosan.	<i>Tidak seperti orang kuna, jika memulai suatu keinginan pasti rajin tidak renggang dengan dibantu lapar dan rasa kantuk dan selalu ingat terhadap Tuhan. Berlaku ikhlas sabar dan maklum. Maka mendapat yang diinginkan pada keinginannya yang tercapai. Hati sudah awas terhadap semua kejadian.</i>
14	nanging wêktu sapunikå/ kang mupakat gunging jalmi/ wignyaå	Ananging wêkdal samênika botên jumbuh kaliyan wêkdal rumiyin. Sadâyå tiyang	<i>Tetapi jaman sekarang semua orang pintar berolah bahasa. Semua orang dikira petani</i>

Påda	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	ngathik-athik bâsâ/ sêbarang dèn kirâ tani/ tur ninggal saking uwit/ uwit pêpathokanipun/ têngésé kang ingaran/ pathokan yèn tanah Jawi/ datan sanès layang atênapi kitab//	ing kang wasis angolah bâsâ sadâyâ dipunanggêp tiyang tani ananging nilarakên saking wit dados pathokanipun. Têngesipun ing kang winastan pathokan tanah Jawi botên sanès sêrat utawi kitab.	<i>tetapi tidak merawat tanamannya yang menjadi dasarnya. Artinya yang disebut dasar di tanah Jawa tidak lain surat atau kitab.</i>
15	yèn patrapé pêngadilan/ tinêngahan yudâ nagri/ liré ran yudanégârâ/ dupi kêlawan prayogi/{kâcâ 19} kalih-kalih ingambil/ têtâ tuladhaning laku/ amrih samyâ kelarnyâ/ ing tanah dipuloni/ norâ liwat yêkti mung amrih raharjâ//	Patrapipun pêngadilan ing kang dipuntêngahi kanthi tâtâ trapsilâ. Liripun ing kang prayogi, kêkalihipun dipunpêndhêt tulâdhâ supados sadayanipun kêlar kanthi raharja ing papan ing kang dipunpanggèni..	<i>Jika tingkahnya pengadilan ditengahi dengan tata susila. Maksudnya dengan pertimbangan yang baik. Dua-duanya diambil contoh, supaya semuanya selesai dengan selamat di tempat yang ditinggali.</i>
16	nanging wran karêm kiratâ/ tan doyan kalih pêrkawis/ rêh mêksah nganggyâ pathokan/ tan kadyâ wong ngathik-athik/ pathokané nèng ngati/ tândhâ sujalma pinujul/ lumrah wran niru bâsâ/ bisâ wasis anèng tulis/ tulis iku tilasané wran kang karya//	Tiyang ing kang rêmên ngolah têtumbung botên rêmên kalih prakawis. Tumindak mêksâ ing kang dipunginakakên minangkâ pahokanipun botên kados tiyang ngathik-athik kanthi pathokaning manah. Pratandha priyantun kang pinunjul limrahipun ing kang nulad bâsâ sagêd wasis nyêrat.	<i>Tetapi orang yang senang mengolah kata tidak suka dua perkara. Tingkah memaksa yang digunakan sebagai dasar. Tidak seperti orang mengolah bahasa yang berdasar pada pemikiran. Pertanda orang yang unggul adalah orang bisa berbahasa, pintar dalam menulis.</i>
17	karêpé iku pan ora/ pathokannyâ mung gêng ati/ sayêkti nora katingal/ tan wontên wignyâ nututi/ tandhané wong linuwih/ kyèh jalmâ pating palinguk/ licênguk ngungak-ungak/ maringis tan	Ing kang dipunkarêpakên pathokanipun namung agênging manah. Sayêkti botên kêtêngal sâhâ botên wontên tiyang ing kang pinunjul. Kathah tiyang bingung ing kang ningali kanthi ngungak-ungak mringis tanpa	<i>Dasarnya (orang berolah bahasa) hanya besar hati yang tidak terlihat. Banyak orang bingung yang melihat dengan bingung tanpa berkata apapun. Jika diberi</i>

Påda	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	wignyå muni/ dèn uculi têmbung ngèlmu kiråtå//	uni. Manawi dipunsukani têmbung lajêng dipunothak-athik ngginakakên ngèlmu kiråtå.	kata kemudian dirakit menggunakan ilmu <u>kirata</u> ⁷ .
18	iku ambêkahing manah/ sujalma wêktu saiki/ barang karsanyå kaliwat/ malumpat nyabal saking wit/ jubriyanirå dadi/ gêndhung sing ngunge kumlungkung/ dir ladak kangak-kangak/ lir gawéå bumi langit/ bol kêcêndhul yèn bisåå gawé jagad//	Wataking tiyang jaman samênika sabarang karsanipun kaliwat nyabal saking wiwitanipun. Manungså cubriyanipun tansah rumaos kumalungkung kados sagêd damêl bumi langit sâhå kados pintêr-pintêrå damêl jagad.	Itu watak hati orang jaman sekarang. Apa-apa keinginannya terlalu tinggi dan menyimpang dari niyatnya. Watak sombongnya mulai terwujud dan angkuh. Seperti bisa membuat bumi langit dan merasa bisa membuat dunia.
19	{ kacå 20 }sênadyan bisåå karyaå jagad pêtêng kang pinanggih/ jêr jatiné wong agêsang/ lamun tumêkå ing pati/ råså mêksih darbèni/ kadyå suking nguripipun/ iku durung utâmå/ kang wus Muhamat linuwih/ datan mati malih gon boyong kasatyan//	Sanadyan manungså sagêda makaryaå jagad pêtêng ingkang pinanggih. Sajatosipun tiyang gêsang manawi sampun ngantos sédanipun gadhah raos kados gêsangipun bénjang dèrèng utâmå. Tuladhanipun Nabi Muhammad botên sédå ananging namung pindhah papan ingkang dipunboyong dhatêng papan kalanggêngan.	Meskipun manusia dapat bekerja, dunia hitam yang ketemu. Orang hidup sampai pada kematiannya merasa seperti besok kehidupannya itu belum utama. Yang sudah mengalami adalah Nabi Muhammad, tidak meninggal (tetapi) berpindah tempat, dibawa (pada tempat) keabadian.
20	ngalimé rang jagad liyå/ åpå pêparênging Widi/ paran paningkêding manah/ ing nguni duk mêksih urip/ sayêkti yèn pinanggih/ kang wus dênnya atêpipun/ rahsannyå iku mångkå/ ngêngrêngan wus ginabab/	Ngalih wontên donyå sanèsipun (akérat) sadåyå dipunkêparêngakên Ywang Widi mênåpå malih ingkang dipunsingkiri nalikå taksih gêsang. Nyatanipun manawi pinanggih ingkang dados mantêb rasanipun ingkang dados donganipun katêrasakên dhatêng Gusti ingkang murbèng jagad.	Pindah pada dunia lain (akhirat) semua diperbolehkan Tuhan apalagi yang disingkiri saat masih hidup. Nyatanya jika bertemu yang sudah menjadi kemantapan rasanya itu yang menjadi doanya diteruskan pada Tuhan yang menguasai dunia.

Pådå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	tinêrusan déné Ywang kang murbèng jagad//		
21	yèn tandhês tindak niyâyâ/ jagad niyâyâ pinanggih/ yèn karêm tindak kanisthan/ jagad nisthâ kang dèn goni/ yèn karêm ing utami/ tumibèng jagad rahayu/ milâ awarnâ-warnâ/ critâ ing kitap nasiri/ kyèhing jagad saptâ dâsâ èwu jagad//	Manungsâ ingkang tumindak niyâyâ, jagad aniyâyâ ingkang pinanggih. Manawi rêmên tumindak nisthâ jagad nisthâ ingkang dipunpanggèni, manawi rêmên tumindak kasaénan dhumawah wontên ing jagading kasalamêtan. Milâ warnâ-warni cariyos ing Kitab Nasiri kathahing jagad wontên pitung dâsâ èwu.	<i>Manusia yang berperilaku aniyaya, dunia aniyaya bertemu, Jika senang perilaku nista dunia nista yang ditempati. Jika senang kebaikan terjatuh (pada) dunia keselamatan. Maka berwarna-warna cerita di kitab nasiri banyaknya dunia (ada) tujuh puluh ribu dunia.</i>
22	iku gumantung sêdâyâ/ munggèng soré ngaras kursi/ mângkâ pasimpênanirâ/ nyâwâ saguning dumadi/ upamanirâ kadi/ érnawaning samodrâ gung/ lumunturing ngaranan/ bêngawan myang kali-kali/ joring tirtâ tan liyâ marang samodrâ//	Mênikâ gumantung sadâyâ mungguh anggènipun ngibadah mring Gusti kang anyiptâ gêsang ing wanci sontên. Kados déné sêgârâ samodrâ agêng, turunanipun namanipun bêngawan sâhâ kali-kali, ilining toyâ amung dhatêng samodrâ.	<i>Itu tergantung semua ada pada sore hari yang mau menyembah Tuhan sebagai pencipta nyawa semua manusia. Seperti lautnya samudra besar, turunannya bernama bengawan dan sungai-sungai yang tujuannya air tidak lain pada samudra.</i>
23	ananging amarganirâ/ tan pådha nadya{kâcâ 21}n sujalmi/ nyawanyâ èstu tan samyâ/ èstuning ing jagad nguni/ kang sangking ngaras kursi/ tinitah jiwaning ratu/ yêkti pinintâ-	Ananging marginipun botên sami. Sanadyan tiyang nyawanipun lêtês botên sadâyâ lêtês. Wontên jaman rumiyin ingkang asrig ngibadah tinitah jiwaning ratu ingkang yêkti dipunpintâ-pintâ. Pêpêsthèn sâhâ mulanipun jiwâ botên sami.	<i>Tetapi jalannya tidak sama. Meskipun orang benar, tidak semua benar. Pada zaman dahulu yang rutin berbadah tercipta jiwanya raja yang diminta-minta. Kodrat dan kenyataan asal jiwanya manusia berbeda-beda.</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	pintå/ pèpèsthèn inguni-uni/ jêr sangkannya alusé binéda-béda//		
24	parantå ngakuå pådhå/ nyawaning ratu lan kuli/ sabab nyawané naréndrå/ mijil sangking jagad suci/ dé nyawaning wong cilik/ mijil sangking jagad mumuk/ milaréng tinitah/ nèng donyå akarêm juti/ rèh nyawanyå nguni siking jagad gêlap//	Ngakuå bilih nyawanipun kalêbêt ratu mênåpå kuli. Sabab nyawanipun naréndrå asalipun saking jagad suci, wondéné nyawaning kawula saking jagad mumuk. Gusti paring pacoban dhatêng manungså ing alam donyå ingkang rêmên tumindak ålå, nyawanipun rumiyin saking jagad pêtêng.	<i>Akuilah bahwa nyawanya termasuk nyawa ratu atau kuli. Sebab nyawanya raja berasal dari dunia suci. Sedangkan nyawanya orang kecil, berasal dari dunia (yang) bodoh. Tuhan menguji umat manusia di dunia yang senang (berbuat) jahat, nyawanya dahulu dari dunia gelap.</i>
25	sékang sangking jagad padhang/ sarêng dadining sujalmi/ karêm marang kabêcikan/ jalmi kalêpasing budi/ dinadar sirå sami/ lêlabuanirå kayun/ milå tumrunèng donyå/ sinungan akal lan budi/ polah tingkah istilah dadining karså//	Manungså ingkang asalipun saking jagad padhang, salajêngipun dados manungså ingkang rêmên tumindak bêcik. Wondéné manungså kalêpasing budi dipuncobi lêlabuhanipun dipunandhapakên wontên ing donyå kanthi akal sårå budi, tumindak kanggé dadining karså.	<i>Berasal dari dunia terang akan menjadi manusia yang senang dengan kebaikan. Manusia tidak terlepas dari penggunaan pikiran untuk berbuat. Maka diturunkan di dunia dengan akal pikiran dan tingkah polah yang menjadikan keinginan.</i>
26	karsaning Ywang måhå mulyå/ nélakên sangkan ingkang wit/ yèn wit saking jagad padhang/ saciptå-ciptanyå rêsik/ yèn jagad pêtêng kawit/ sabarang ciptanyå rusuh/ kisruh såråbêlasar/ wêdharing ciptå pan	Karsaning Ywang Måhå Mulyå mratandhani asal mulanipun. Manawi mulanipun saking jagad padhang gêgayuhanipun saé. Wondéné jagad pêtêng mulanipun sadåyå gêgayuhanipun rusuh sårå kisruh. Gêgayuhanipun botên ginayuh kados mêkatên mênikå kawontênanipun.	<i>Kemauan Ywang Maha mulya menandakan asal mulanya. Jika mulanya dari dunia terang tercipta bersih. Jika dunia gelap mulanya, semuanya tercipta rusuh kisruh seribu kenakalan. Kelakuan seperti itu cita-citanya tidak tercapai dan itulah kenyataannya.</i>

Påðå	Asiling Suntingan Teks SPW	Parafrase	Terjemahan
	dadi/{kåcå 22} tindak tanduk iku kênnyataanirå//		
27	yèn tindaké karêm sasar/ wus pêsthi alusing uni/ mijil sangking jagad samar/ yèn tindak ngraharjani/ mêsthi alusnya mijil/ sangking jagad rahayu/ sèstu tan kêna owah/ pinanci duk mêksih gaib/ yèn luputé osiking tyas tibang sasar//	Manungså ingkang tindakipun sasar sampun mêsthi jiwani pun mêdal saking jagad samar. Wondéné manungså ingkang tumindakipun ngraharjani jiwani pun mêdal saking jagad rahayu. Sampun botên sagêd malih dipunéwahi kodratipun Gusti. Manawi kaluputanipun mêdal saking manah dhawah ing sasar.	<i>Jika perilakunya senang salah, sudah pasti jiwanya dahulu keluar dari dunia samar. Jika perilaku (yang) menyelamatkan, pasti jiwanya keluar dari dunia selamat. Sudah tidak bisa diubah sejak masih gaib. Jika salahnya keluar dari hati jatuh pada kesalahan.</i>
28	sabab iku kang minangkå/ paliwaraning Ywang Widi/ datan kêna ingowahan/ yèn osik karêming silib/ angèl pinriyå mari/ yèn karêm marang rahayu/ wêdi mring tindak nisthå/ karsaning wran datan sami/ wus tinêkdir nèng lokhil mpul brantanyå//	Utusaning Ywang Widi botên sagêd malih dipunéwahi. Manawi niyatipun rêmên tumindak sisip botên gampang kanggé mantun. Manawi rêmên ing rêh kautaman milå manungså ajrih ing kanisthan. Karsaning manungså botên sami sadâyå kala wau sampun tinakdir ing lauhul mahfudz.	<i>Sebab itu yang menjadi utusan Ywang Widi tidak bisa dirubah. Jika niat senang dalam umpatan susah untuk sembuh. Jika senang dalam kebaikan takut pada perbuatan nista. Perilaku orang tidak sama dan semuanya sudah tertakdir dalam lauhul mahfudz.</i>

2. Cathêtan *Terjemahan Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*

Wontên ing *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ wontên cathêtan *terjemahan*-ipun. Cathêtan *terjemahan* dipundamêl amargi wontên têmbung-têmbung tartamtu ingkang angèl dipuntêgêsi ing bâsâ Indonésia sâhâ botên trêp kaliyan *konteks* ukaranipun. Wondene pirêmbagan bab cathêthan *terjemahan teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

1. Sêsêbataning Gusti Allah (Hyang Widi, Hyang Mâhâ Mulyâ, Sri Nârâ Pati)

Wontên ing *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ dipunsêbatakên têtêmbungan ingkang ngêmu têngês Gusti Allah utawi panguwasaning jagad miwah isinipun. Sêsêbutan mênikâ kanggé jumbuhakên paugêran sêkaripun. Wontên ing *terjemahan*, sêsêbatan mênikâ botên dipuntêgêsi, amargi têmbung-têmbung mênikâ dados ciri khas saking *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

2. Têtêmbungan ingkang kapêndhêt saking *Al Quran*

Wontên ing *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* dipunsêbatakên têtêmbungan ingkang kapêndhêt saking *Al-Quran*. Têtêmbungan mênikâ antawisipun *Laqaula walaquata illabillahialamin, astagfirullahu, subkhanallah*, lan *alhamdulillah*. Ing *terjemahan*, têtêmbungan mênikâ botên dipuntêgêsi supados jumbuh kaliyan *konteks* agami Islam ingkang kawrat ing *Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

3. Pustâkâ Wasiat

Têmbung *Pustâkâ Wasiat* ingkang wontên ing *terjemahan* mênika botên dipuntêgêsi. Awit saking têmbung mênikâ nêdahakên namaning *teks* utawi irah-

irahaning *teks* supados sagêd jumbuh kalihan *konteks*-ipun ingkang nyariosakên *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*.

4. Ratu

Têmbung *ratu* ing salêbêting *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* ‘nyawaning ratu lan kuli’ botên dipun-*terjemah*-akên. Têmbung *ratu* ingkang dikarêpakên wontên ing *konteks* mênikâ têngesipun rājā. Manawi dipun-*terjemah*-akên ing bâsâ Indonésia têmbung *ratu* têngesipun *raja wanita* utawi *istri permaisuri raja*. Milå saking mênikâ têmbung *ratu* botên dipun-*terjemah*-akên kanggé nggayutakên *konteks* ukaranipun.

5. Gusti

Têmbung *gusti* ing salêbêting *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* botên dipun-*terjemah*-akên. Têmbung *gusti* ingkang dikarêpakên wontên ing *konteks* mênikâ têngesipun bēndārā. Manawi dipun-*terjemah*-akên ing bâsâ Indonésia têmbung *gusti* têngesipun *Tuhan*. Milå saking mênikâ têmbung *gusti* botên dipun-*terjemah*-akên kanggé nggayutakên *konteks* ukaranipun.

6. Radèn Mas

Wontên ing *teks Serat Pustâkâ Wasiat* dipunpangihakên têmbung *Raden Mas*. Têmbung *Raden Mas* bontên dipun-*terjemah*-akên amargi têmbung mênikâ nêdahakê gêlar utawi sêsêbatan priyantun kakung ingkang taksih wontên turunan ratu ingkang nembe jumeneng nātå utawi ingkang naté jumênêng nātå. Kanggé njumbuhakên kaliyan *konteks* ukaranipun ingkang nyariosakên satriyå, milå têmbung *Raden Mas* botên dipun-*terjemah*-akên.

7. Kiråtå

Têmbung kiråtå wontên salêbêting teks *Sêrat Puståkå Wasiat* botên dipun-*terjemah*-akên. Têmbung kiråtå namaning ngilmu babagan têmbung ing bâså Jawi. Ingkang dipunrêmbag wontên ing ngilmu kiråtå mênikå asal-asaling têngêsing têmbung. Kanggé njumbuhakên kaliyan *konteks* ukaranipun ingkang nyariosakên tiyang ingkang wasis ngudhal têmbung, milå têmbung kiråtå botên dipun-*terjemah*-akên.

D. Etika Moral Salêbêting Teks *Sêrat Puståkå Wasiat*

Etika moral ingkang kapanggihakên ing salêbêting teks *Sêrat Puståkå Wasiat* wontên 8 wujud *etika moral*. Wondéné wujudipun kaandharakên kanthi *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 25. *Data Etika Moral Salêbêting Teks SPW*

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
1	Waspådå	1/6	marmå sirå ingkang ngati-ati/ tindak tanduk tatanên ing nålå/ nalikå lumêksanané/ wali- wali ingayun/ wêwulangé pårå binangkit/ tan ånå ingkang salah/ bônêr tur saèstu/ wênêh jalmå tan rinåså/ yèn kasusu sêngguh piyangkuh andadi/ bêging tyas wus sujånå//	<i>Maka kamu berhati- hati, tingkah laku harus ditata didalam hati pada saat melakukannya.</i> <i>Berulang kali didepan, pesan dari para orang pintar tidak ada yang salah, semua benar, selain orang yang tidak merasa. Jika terburu- buru (untuk) sombong, susah dalam hati sudah merasa orang pintar.</i>

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
		1/18	marmå sirå ingkang ngati-ati/ pêsudinên patraping utåmå/ tåmå tinanêm jro tyasé/ tyas kang panggah mrih hayu/ yuwananing suwitèng Gusti/...	<i>Maka dari itu berhati-hati, belajarlâh sikap yang utama, utama yang tertanam dalam hatinya, hati yang tetap untuk keselamatan, selamat mengabdikan pada Gusti, ...</i>
		2/11	lamun lali dadyå luput/ luput sabarang kaptining/ sasêdyannyå nora tåmpå/ kèlangan lamun tan éling/ kèlon kaluluning sétan/ tun ajèning ing ngaurip//	<i>Ketika sudah lupa, maka akan menjadi kesalahan kembali. Lagi tidak dapat memahami. Kehilangan arah saat lupa maka dia sedang tertidur dalam buaian setan. Tiada kehormatan dalam hidup.</i>
		3/9	ambêgnyå landhêsan tékad/ tokidé wran kênèng sarik/ sayêkti tan wurung rusak/ yèn nasak barang pangêrti/ marmå dèn ngati-ati/ åjà kåyå wong kang lacut/...	<i>Wataknya berdasarkan tekad, tetap yakin orang yang mengumbar hawa napsu pasti akan rusak jika menerjang apa yang telah dipastikan. Maka harus berhati-hati, jangan seperti orang yang terlanjur (mengumbar hawa napsu)...</i>
		1/11	gagab guyub agahaning budi/ dadyå ilang wahyonirå oncat/ pinuncat méncok liyané/ nêrajang kang budyarum/ ...	<i>Terburu-buru dalam bertindak menjadikan hilangnya wahyu yang telah didapatnya ke orang lain. Menerjang semua yang telah diupayakan.</i>
		2/2	malah pêdhotên kang wuwus/ sagung rapêtnyå kang manis/	<i>Justru putuskan kegiatan itu dan berusahalah</i>

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
			lawan kang lagyå ingucap/ ywå kêbanjur mangrasani/ nanging åjå sirå mênggak/ bok mênåwå dadi ati//	menutupinya serapat mungkin. Apabila sudah terlanjur dibicarakan tetap jangan ikut menjelek- jelekkan. Siapa tau menyakitkan hati.
		3/8	...ywa dumèh sampun ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak barang mangêpak/ sok énakå ingkang galih/ nunjang palang ngèlmuné pinasang pasang//	...jangan mentang- mentang sudah berilmu dirinya tidak mengenakkan, berbuat seenaknya sendiri tanpa aturan, menerjang ilmunya ditata-tata.
2	Ngati-ati anggènipun mangucap	2/19	...têgêsé biså ing sastrå/ nganggyå ukårå yèn angling//	...Maksud dari mampu berbahasa sastra yaitu perlu memerhatikan kata yang dipakai saat berbicara.
		2/20	nora benyunjuk- benyunjuk/ kudu ganêp angastiti/ têgêsé kadyå wanitå/ luwês sasolah ngêrsêpi/ manis kêdaling wacånå/ adoh mring pênggawé sirik//	(Saat berbicara) tidak bersikap seperti orang tanpa tahu tata krama, selalu berhati-hati dalam perkataan. Maksud dari seperti wanita adalah halus dalam tindakan dan indah saat dipandang. Manis dalam bertutur kata serta jauh dari perbuatan buruk.
3	Nyêgah håwå nêpsu	1/5	...jaganên jêjêging karså/ byati darmå napsu kang pinoting jisim/ pamurunging tyas arjå//	...jagalah tegaknya keinginan untuk menempuh kewajiban napsu didalam jiwa. Napsu yang

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
				<i>menjadikan batalnya menuju hati yang bersih.</i>
		1/19	dandanirå ingkang nêbadani/ nêmbadani laku kang raharjå/ jêr tapanirèng jisimé/ manyêgah dhahar nginum/ tapaning roh pan ora guling / tapèng tyas èstu sabar/ sabar barang kayun / mung sawiji ingkang mêdal/ sing tapèng tyas barang karså nêngêr jati/ mêsthi glis linampahan//	<i>Perbaikilah perbuatanmu yang lebih baik. Dengan cara mencegah hawa napsu dalam badan. Mencegah makan minum dan tidur. Mencegah napsu hati dengan bersabar, dengan semua itu pasti akan tercapai semuanya</i>
		3/11	...têladan nguni-uni/ ingkang samyå tuwuh luhur/ tan pisah sangking tâpå/ kang awas kang gawé urip/ yèn wus pasah sinêmbah samèng manungså//	<i>...Contoh yang sudah-sudah yang menjadi luhur tidak jauh dari perbuatan mencegah hawa nafsu, yang awas dalam hidup. Jika sudah fasih akan dicari oleh semua manusia.</i>
		3/13	...lamun lêkas darbé kapti/ têmên-têmên norå ginggang/ rinéwang luwé lan arip/...	<i>...jika memulai suatu keinginan, rajin tidak renggang dengan dibantu lapar dan rasa kantuk...</i>
4	Sabar	1/12	...titahing Ywang Agung / samyå darbèni kapêsan / datan langgèng lêlakoning donyå iki / sor unggul kalah mênang//	<i>...Umatnya Ywang Agung pasti memiliki kesialan yang tidak akan seterusnya sial didunia ini. Pastilah roda kehidupan ini berputar.</i>
		1/13	yèn pinaring lêlakoning Widi/ lagyå asor sudrå pâpâ nisthå/ kalah lan	<i>Jika memperoleh cobaan dari Tuhan baru dibawah menjadi orang sudra, kalah</i>

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
			sapêpadhané/ kasurang sruka surung/ kasangsaran sinarang maring/ sagungé sanak kadang/ kadyâ samyâ ngriwuk/ ananging wis adatrâ/ sok si âjâ mâhâ-mâhâ laku sisip/ amung ngusap jâjâ//	dengan orang lain. Menjadi orang yang celaka dan sengsara hidupnya. Semua keluarga yang hanya memperhatikan. Janganlah mengungul- unggulkan dengan perilaku yang tidak baik, lebih baik dengan bersabar.
5	Nrimâ	1/2	...kumêndêlâ ing Ywang Sukmâ/ narimâ yen bejâ durung tumitis/ têgêsna ingkang karyâ//	...Berserah dirilah kepada Yang Maha Kuasa. Terimalah jika keberuntungan belum berpihak dengan tetap rajin bekerja.
		1/15	dèn narimâ pintanên ing batin/ aywâ kongsi batal niyatirâ/ ywâ susah sinung lêlakon / laku kang nora jujur/ jêr jinajal atêping ati/ déning Ywang Mâhâ Mulyâ/ yèn nyâtâ pinujul/ kari nampani nugrâhâ/ bêjâ iku tan kênâ kikiréng jalmi/ yèn adoh ingkang karyâ//	Terimalah dengan tulus hati jangan sampai batal niatmu. Jangan bersedih dengan cobaan dan jangan sampai bertindak yang tidak jujur pada saat diuji ketulusan hati oleh Yhang Maha Mulya. Jika dapat melewati cobaan akan mendapatkan anugerah. Keberuntungan itu tidak akan pergi jika manusia itu tidak berhenti untuk berusaha.

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
6	Tumindak Saé	2/22	wignyèng kudå têgêsipun/ biså natrapakên kardi/ agal alus sarèh kêras/ pan wus pinasthi pribadi/ kang wrin gêndhing têgêsirå/ nganggyå wiråmå yèn angling//	<i>Pandai seperti kuda maksudnya mampu melaksanakan pekerjaan dengan baik. Dipaksa untuk bertindak halus, sabar dan kukuh agar tertanam pada diri sendiri. Maksud mengerti selayaknya gending adalah memakai jeda saat berbicara.</i>
7	Adil	1/11	... rumangsannyå si ardå dupi/ pinukul adil samar/ marmå dipunémut/ mêngêti tingkahé jalmå/ myang sêbarang kang gumêrmêt kang kumêlip/ kapyå dadyå wêwulang//	... Menurutnyå si murka bersikap tidak adil, maka harus diingat semua tingkah polah manusia yang hanya mementingkan keindahan duniawi seperti menjadi pelajaran.
		3/15	yèn patrapé pêngadilan/ tinêngahan yudå nagri/ liré ran yudanégårå/ dupi kêlawan prayogi/ kalih-kalih ingambil/ têpå tuladhaning laku/ amrih samyå kelarnyå/ ing tanah dipuloni/ norå liwat yêkti mung amrih raharjå//	<i>Jika tingkahnya pengadilan, ditengahi yudanegara, maksud dari yudanegara bersamaan dengan pertimbangan baik. Dua-duanya diambil contoh, supaya semuanya selesai di tanah yang ditinggali tidak lain hanya supaya selamat.</i>
8	Rumangsan	2/4	tutupên ingkang barukut/ kang bécik	<i>jangan sesekali diumbar (aib orang lain) supaya</i>

NO	WUJUD ETIKA MORAL	PUPUH /PADA	INDIKATOR	
			DATA	TERJEMAHAN
			gyan tanêrtibi/ âjâ sirâ rêmên mêdhar/ angudhar barang piningit/ tanpå asil tuwas sayah/ awêwah dipungêdhongi//	<i>kebaikan terus mengalir. Jangan menjadi seseorang yang senang membuka apa yang orang lain simpan rapat-rapat. Tidak berguna dan melelahkan diri sendiri. Lagi, bungkus rahasia itu dengan sebaik mungkin.</i>
		1/8	... ing ywâ lancang tumloncong sêbarang angling / pingitên aywâ kongas//	<i>... Jangan lancang membicarakan kemana saja. Jagalah supaya menjadi orang yang terhormat.</i>

Tabel ing nginggil ngandharakên wujuding etika moral ingkang wontên ing teks SPW kanthi ringkês, satêmah prêlu kaandharakên satunggal mbâkâ satunggal supados langkung cêthâ. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikâ.

1. Waspådâ

Manungsâ dipuntitahakên Gusti ing alam donyâ mênikâ kêdah waspådâ. Waspådâ kalihan godhâ, tumindak sâhâ nêpsu-nêpsu ingkang sagêd mêpalangi manungsâ tumindak ing margining kasaénan (Hadiatmaja, 2011: 27). Wontên ing *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat*, sampun dipunandharakên tumindak sâhâ prakawis ingkang sagêd dipundadosakên tulâdhâ, kanthi ancas supados pârâ maos sagêd waspådâ kalihan tumindak sâhâ prakawis mênikâ. Waspådâ ingkang dipunrêmbag wontên ing *teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* kapérang dados 2, inggih mênikâ waspådâ

ing tumindak sâhâ waspâdâ ing watak angkârâ. Tulâdhânipun kaandharakên satunggal mbâkâ satunggal ing ngandhap mênikâ.

a. Waspâdâ ing Tumindak

Pupuh 1 pândâ 6

marmâ sirâ ingkang ngati-ati/ tindak tanduk tatanên ing nâlâ/ nalikâ lumêksanané/ wali-wali ingayun/ wêwulangé pârâ binangkit/ tan ânâ ingkang salah/ bènêr tur saèstu/ wênèh jalmâ tan rinâsâ/ yèn kasusu sêngguh piyangkuh andadi/ bêging tyas wus sujânâ//

Terjemahan: Maka kamu berhati-hati, tingkah laku harus ditata didalam hati pada saat melakukannya. Berulang kali didepan, pesan dari para orang pintar tidak ada yang salah, semua benar, selain orang yang tidak merasa. Jika terburu-buru (untuk) sombong, susah dalam hati sudah merasa orang pintar.

Pupuh 1 pândâ 18

marmâ sirâ ingkang ngati-ati/ pêsudinên patraping utâmâ/ tâmâ tinanêm jro tyasé/ tyas kang panggah mrih hayu/ yuwananing suwitèng Gusti/...

Terjemahan: Maka dari itu berhati-hati, belajarlâh sikap yang utama, utama yang tertanam dalam hatinya, hati yang tetap untuk keselamatan, selamat mengabdikan pada Gusti, ...

Saking kalih katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih manungsâ mênikâ kêdah ngatos-atos anggènipun tumindak. Sadèrengipun tumindak manungsâ kêdah dipuntâtâ rumiyin ing sajroning ati. Prakawis mênikâ jumbuh kalihan andharanipun Hudiarini (2017: 6) bilih tiyang ingkang ngginakakên *pikiran*-ipun nalikâ badhê nindakakên sabarang pakaryan mênikâ minangkâ piranti *kontrol* dhiri pribadi manungsâ anggènipun tumindak. Ancasipun supados botên

damêl kuciwaning priyantun sanès sâhâ sagêd nêmahî kaslamêtan anggènipun nindakakên sadâyâ pakaryanipun.

Pupuh 2 pàdå 11

**lamun lali dadyå luput/ luput sabarang kaptining/ sasêdyannyå nora
tåmpå/ kélangan lamun tan éling/ kèlon kaluluning sétan/ tunajêning ing
ngaurip//**

*Terjemahan: Ketika sudah lupa (tanda adanya Widi), maka akan
menjadi kesalahan. Lagi tidak dapat memahami.
Kehilangan arah saat lupa maka dia sedang tertidur dalam
buaian setan. Tiada kehormatan dalam hidup*

Saking katrangan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih manungså kêdah waspådå ing tumindak lali. Tumindak lali sagêd nuwuhakên tumindak ingkang lêpat, tumindak ingkang sakajêngipun piyambak. Amargi tiyang ingkang lali mênikå dipungodhå kalihan sétan ingkang wontên ing pênggalhipun. Gusti Allah sampun ngêndikå wontên ing Al Quran surat Al-Mujadalah ayat kaping 19 ingkang wontên ing bâså Indonésia têngêsipun kados mênikå: “*Setan telah menguasai mereka, lalu menjadikan mereka lupa mengingat Allah*”. Awit saking mênikå manungså kêdah émut dhatêng Gusti supados botên kasasar anggènipun tumindak sâhâ sagêd dados manungså ingkang kajèn gêsangipun.

Pupuh 3 pàdå 9

**ambêgnyå landhêsan tékad/ tokidé wran kênenèng sarik/ sayêkti tan wurung
rusak/ yèn nasak barang pangêrti/ marmå dèn ngati-ati/ åjà kåyå wong
kang lacut/...**

*Terjemahan: Wataknya berdasarkan tekad, tetap yakin orang yang
terkena musibah pasti tidak akan rusak. Jika menerjang*

apa yang telah dipastikan. Maka harus berhati-hati, jangan seperti orang yang terlanjur (menerjang)...

Saking katrangan ing nginggil sagêd dipunpendhêt dudutanipun bilih tiyang gêsang ing ngalam donyå mênikå kêdah ndhèrèk mênåpå ingkang sampun dipungarisakên ing pêpêsthèn. Manawi tiyang mênikå nrajang garising pêpêsthèn kêdah tumindak ngati-ati. Jumbuh kaliyan andharanipun Santosa (2013: 3) bilih kêsandhung ing råtå, kêbêntus ing tawang, marginipun botên namung satunggal. Wiwit rumiyin bènêr dèrèng mêsthi pênêr, salah dèrèng mêsthi kalah, bêcik sagêd kawalik. Tumindak ngatos-atos mênikå dipunkajêngakên supados manungså botên kasasar anggènipun tumindak sårå têtêp tumindak ing margi ingkang lèrês. Milå saking mênikå tiyang gêsang kêdah tumindak ngati-ati supados botên kasasar ing margi ingkang botên lèrês utawi lêpat.

Pupuh 1 pådå 11

**gagab guyub agahaning budi / dadyå ilang wahyonirå oncat / pinuncat
méncok liyané / nêrajang kang budyarum/ ...**

*Terjemahan: Terburu-buru dalam bertindak menjadikan hilangnya
wahyu yang telah didapatnya ke orang lain. Menerjang
semua yang telah diupayakan....*

Saking katrangan ing nginggil sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih manungå tinitah ing alam donyå mênikå kêdah gadhah tumindak ingkang botên kêsusu utawi kêmrungsung. Tumindak ingkang sarwi kêsusu utawi kêmrungsung mênikå sagêd anjalari wahyu utawi nugråhå ingkang sampun dipunparingakên Gusti dhatêng manungså sagêd ical utawi oncat saking badanipun. Trêp kalihan andharanipun Musman (2017: 103) bilih tumindak grusa-grusu namung dipunjalari napsu

ingkang wontên ing badanipun manungså, wasana asilipun kirang prayogi. Awit saking mênikå manungså kêdah tumindak ingkang ngati-ati botên kêsusu anggènipun tumindak.

b. Waspådå ing Watak Angkårå

Pupuh 2 pådå 2

**malah pêdhotên kang wuwus/ sagung rapêtnyå kang manis/ lawan kang
lagyå ingucap/ ywå kêbanjur mangrasani/ nanging åjå sirå mênggak/
bok mênåwå dadi ati//**

Terjemahan: Justru putuskan kegiatan itu dan berusahalah menutupinya serapat mungkin. Apabila sudah terlanjur dibicarakan tetap jangan ikut menjelek-jelekkan. Siapa tau menyakitkan hati.

Saking katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså kêdah nêbihi watak ingkang rêmên nyacad utawi ngrasani tiyang sanès. Watak ingkang rêmên nyacad utawi ngrasani tiyang sanès mênikå sagêd nuwuhakên padudon kalihan tånggå têpalhipun. Jumbuh kalihan andharanipun Endraswara (2003: 31) tiyang ingkang rêmên nyacad utawi ngrasani tiyang sanès badhé nganggêp diri pribadinipun lêrês, wondéné tiyang sanès dipunanggêp lêpat. Awit saking mênikå watak ingkang kados mênikå kêdah dipuntebihi. Manawi wontên tiyang ingkang mangêrtos wontên tiyang ingkang ngrasani utawi nyacad kêdah dipunémutakên supados botên nglarani atinipun tiyang sanès.

Pupuh 3 pàdå 8

...ywa dumèh sampun ngèlmi/ sêngguhé alêngut-lêngut/ mamak barang mangêpak/ sok énakå ingkang galih/ nunjang palang ngèlmuné pinasang pasang//

Terjemahan: ...jangan mentang-mentang sudah berilmu dirinya tidak mengenakan, berbuat seenaknya sendiri tanpa aturan, menerjang ilmunya ditata-tata.

Saking katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih tiyang ingkang sampun pintêr ing babagan ngèlmi gadhah watak ingkang kumalungkung. Tiyang ingkang gadhah watak sombong utawi kumalungkung, amargi rumaos gadhah ngèlmi lajêng tumindak ingkang botên ngginakakên paugêran. Awit saking mênikå manungså kêdah waspådå mring watak kumalungkung. Manungså kêdah éling manawi ingkang kagungan ngèlmi ingkang langkung sampurnå mênikå Gusti Allah. Prakawis mênikå sampun kaandharakên wontên Al Quran surat Yusuf ayat ingkang kaping 76, manawi wontên bâså Indonésia kados mênikå: “*dan tiap-tiap orang yang berpengetahuan itu ada lagi Yang Maha Mengetahui*”. Saking ayat mênikå manungså botên kénging gadhah watak gumêdhé, awit taksih wontên ingkang kagungan ngèlmi ingkang langkung sampurnå, inggih mênikå Gusti Allah. Milå saking mênikå manungså kêdah waspådå ing watak angkårå, mliginipun watak gumêdhé.

2. Ngati-ati Anggènipun Mangucap

Nalikå sêsrawungan kalihan tiyang sanès, manungså ngati-ati sabab ajining dhiri mênikå gumantung saking kêdaling lathi. Ngati-ati anggènipun ngucap supados botên nglarani atinipun tiyang sanès. Wontên ing *teks Sêrat Puståå*

Wasiat sampun dipunandharakên tuladhanipun, mênikå ancasipun supados pårå maos sagêd ngêcakakên nalikå sêsrawungan kalihan tiyang sanès. Wondéné tuladhanipun kados ing ngandhap mênikå.

Pupuh 2 pådå 19

...têgêsé biså ing sastrå/ nganggyå ukårå yèn angling//

Terjemahan: ...Maksud dari mampu berbahasa sastra yaitu perlu memerhatikan kata yang dipakai saat berbicara.

Pupuh 2 pådå 20

**nora benyunyak-benyunyuk/ kudu ganêp angastiti/ têgêsé kadyå wanitå/
luwês sasolah ngêrsêpi/ manis kêdaling wacånå/ adoh mring pênggawé
sirik//**

Terjemahan: (Saat berbicara) tidak bersikap seperti orang tanpa tahu tata krama, selalu berhati-hati dalam perkataan. Maksud dari seperti wanita adalah halus dalam tindakan dan indah saat dipandang. Manis dalam bertutur kata serta jauh dari perbuatan buruk.

Saking katrangan kalih pådå ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså kêdah ngati-ati anggènipun gunêman. Manungså gunêman kêdah ngginakakên tâtå kråmå ingkang lêrês, gunêman kanthi nggatosakên empan papan sårå botên grusa-grusu waton kêsusu. Jumbuh kalihan andharanipun Endraswara (2003: 98) bilih ngucap kêdah dipunatur, dipunpênggalih rumiyin sårå omong ingkang maton, botên namung waton omong. Saking andharan mênikå sampun cêthå bilih manungså mênikå kêdah gunêman kanthi dipunpênggalih rumiyin, ampun ngantos waton gunêman kanthi ancas supados botên damêl kuciwaning

manahipun tiyang sanès. Milå saking mênikå manungså kêdah ngati-ati anggènipun mangucap.

3. Nyêgah Håwå Napsu

Etika moral salajêngipun inggih mênikå nyêgah håwå nêpsu. Nyêgah håwå napsu kalêbêt laku prihatin, manungså ingkang rêmên laku prihatin pinanggih gêsang ingkang mulyå ing têmbénipun. Ing teks *Sêrat Puståå Wasiat* sampun dipunandharakên piwulang ngênani bab laku prihatin mliginipun nyêgah håwå napsu. Wondéné andharanipun kaandharakên ing ngandhap mênikå.

Pupuh 1 pådå 5

...jaganên jêjêging karså/ byati darmå napsu kang pinoting jisim/
pamurunging tyas arjå//

Terjemahan: ...jagalah tegaknya keinginan untuk menempuh kewajiban
napsu didalam jiwa. Napsu yang menjadikan batalnya
menuju hati yang bersih.

Pupuh 1 pådå 19

dandanirå ingkang nêbadani/ nêmbadani laku kang raharjå/ jêr
tapanirèng jisimé/ manyêgah dhahar nginum/ tapaning roh pan ora
guling / tapèng tyas èstu sabar/ sabar barang kayun / mung sawiji ingkang
mêdal/ sing tapèng tyas barang karså nêngêr jati/ mêsthi glis linampahan//

Terjemahan: Perbaikilah perbuatanmu yang lebih baik. Dengan cara
mencegah hawa napsu dalam badan. Mencegah makan
minum dan tidur. Mencegah napsu hati dengan bersabda,
dengan semua itu pasti akan tercapai semuanya.

Pupuh 3 pådå 11

...têladan nguni-uni/ ingkang samyå tuwuh luhur/ tan pisah sangking
tåpå/ kang awas kang gawé urip/ yèn wus pasah sinêmbah samèng
manungså//

Terjemahan: ...Contoh yang sudah-sudah yang menjadi luhur tidak jauh dari perbuatan mencegah hawa nafsu, yang awas dalam hidup. Jika sudah fasih akan dicari oleh semua manusia.

Pupuh 3 pàdå 13

...lamun lêkas darbé kapti/ têmên-têmên norå ginggang/ rinéwang luwé lan arip/...

Terjemahan: ...jika memulai suatu keinginan, rajin tidak renggang dengan dibantu lapar dan rasa kantuk...

Saking katrangan sakawan pàdå têmbang ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså kêdah sagêd nyêgah hâwå napsunipun. Saking katrangan ing nginggil dipunandharakên bilih laku prihatin mênikå kanthi nyêgah hâwå napsu ing badanipun manungså, inggih nyêgah dhahar sâhå saré. Ancasipun supados sagêd kasêmbadan ingkang dipunsêdyå sâhå manggih kamulyan gêsangipun. Sampun dipunandharakên tuladhanipun wontên ing pupuh 3 pàdå 11 bilih manungså jaman rumiyin ingkang luhur mênikå nglampahi laku prihatin. Jumbuh kalihan andharanipun Musman (2017: 29) bilih wataking manungså ingkang rêmên nyêgah saré gadhah patrap ingkang budi luhur, wondéné wataking manungså ingkang rêmên nyêgah dhahar pikantuk kêkiyatan lair batos. Saking andharan mênikå sampun cêthå bilih tiyang gêsang mênikå kêdah nglampahi laku prihatin supados manggih kamulyaning gêsangipun.

4. Sabar

Sabar inggih mênikå tumindak kanthi botên asring dukå dhatêng sintên kémawon. Manungså ingkang tumindak sabar gadhah patrap ingkang lêmbah manah. Wontên ing *teks Sêrat Pustakå Wasiat* dipunandharakên bilih tiyang

ingkang nêmbé nandhang pacoban kêdah sabar. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikå.

Pupuh 1 pådå 12

**...titahing Ywang Agung / samyå darbèni kapêsan / datan langgêng
lêlakoning donyå iki / sor unggul kalah mênang//**

Terjemahan: ...Umatnya Ywang Agung pasti memiliki kesialan yang tidak akan seterusnya sial didunia ini. Pastilah roda kehidupan ini berputar.

Saking katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså ingkang kêdah sabar anggènipun nêmbê nampi kapêsan saking Gusti. Kapêsan mênikå botên salaminipun, ananging kapêsan mênika sagêd ical manawi manungså purun makarya murih sagêd manggih kamulyan. Jumbuh kalihan andharanipun Endraswara (2003: 25) bilih kapêsan mênikå ibaratipun rodhå ingkang mubêng. Saking andharan mênikå manungså kêdah sabar amargi bibar nampi kapêsan manungså badhé nandhang bingah manawi manungså mênikå sabar sårå têtêp ngupâyå.

Pupuh 1 pådå 13

**yèn piningring lêlakoning Widi/ lagyå asor sudrå pårå nisthå/ kalah lan
sapêpadhané/ kasurang sruka surung/ kasangsaran sinarang maring/
sagungé sanak kadang/ kadyå samyå ngriwuk/ ananging wis adatirå/ sok
si åjå måhå-måhå laku sisip/ amung ngusap jåjå//**

Terjemahan: ... Jika memperoleh cobaan dari Tuhan baru dibawah menjadi orang sudra, kalah dengan orang lain. Menjadi orang yang celaka dan sengsara hidupnya. Semua keluarga yang hanya memperhatikan. Janganlah

mengungul-unggulkan dengan perilaku yang tidak baik, lebih baik dengan bersabar.

Saking katrangan kalih pãdã tẽmbang ing nginggil sagẽd dipunpẽndhẽt dudutanipun bilih manungsã kẽdah jẽjẽg niyatipun sanadyan nẽmbẽ pikantuk pacoban. Manawi dipuncobi antẽping ati, manungsã kẽdah sabar sãhã ngupãyã murih sẽmbada ing kamulyan. Susẽtya (2007: 48) ngandharakẽn bilih sadãyã ingkang tumuju dhatẽng kasampurnan gẽsang tẽmtu badhẽ nẽmahi pẽpalang ingkang kẽdah dipunlampahi kanthi *tabah*, *tẽguh*, sãhã *tẽkun*. Sok sintẽnã ingkang nglampahi pacoban mẽnĩkã kanthi *tabah*, *teguh*, sãhã *tekun* sartã tumindakipun saẽ sãhã jujur, sajatosipun badhẽ ginayuh mẽnãpã ingkang dados gẽgayuhanipun. Awit saking mẽnĩkã, manungsã kẽdah sabar sãhã tẽtẽp ngupãyã ing gẽsangipun.

5. Nrimã

Nrimã inggih mẽnĩkã tumindak ingkang saẽ, tumindak mẽnĩkã nrimã mẽnãpã wontẽnipun ingkang dipunparingi saking tiyang sanès mẽnãpã saking Gusti. Nrimã ingkang dipunandharakẽn wontẽn ing *teks Sẽrat Pustãkã Wasiat* inggih mẽnĩkã nrimã mẽnãpã kẽmawon pẽparingipun Gusti. Wondẽné andharanipun wontẽn ing ngandhap mẽnĩkã.

Pupuh 1 pãdã 2

...kumẽndẽlã ing Ywang Sukmã/ **narimãã yen bejã durung tumitis/ tẽgsẽna ingkang karyã//**

Terjemahan: ...Berserah dirilah kepada Yang Maha Kuasa. Terimalah jika keberuntungan belum berpihak dengan tetap rajin bekerja.

Pupuh 1 pãdã 15

dèn narimå pintaanên ing batin/ aywå kongsi batal niyatirå/ ywå susah sinung lêlakon / laku kang nora jujur/ jêr jinajal atêping ati/ déning Ywang Måhå Mulyå/ yèn nyåtå pinujul/ kari nampani nugråhå/ bêjå iku tan kêlå kikiréng jalmi/ yèn adoh ingkang karyå//

Terjemahan: Terimalah dengan tulus hati jangan sampai batal niyatmu. Jangan bersedih dengan cobaan dan jangan sampai bertindak yang tidak jujur pada saat diuji ketulusan hati oleh Yhang Maha Mulya. Jika dapat melewati cobaan akan mendapatkan anugerah. Keberuntungan itu tidak akan pergi jika manusia itu tidak berhenti untuk berusaha.

Saking pêthilan kalih pådå têmbang ing nginggil wosipun inggih mênikå bilih tiyang gêsang ing alam donya mênikå kêdah nrimå mênåpå sadåyå pêparingipun Gusti. Botên namung pêparing ingkang awujud kabêjan ananging ugi pacoban pêparingipun Gusti dhatêng kawulanipun kêdah dipuntampi kanthi saé, lêgåwå, sårå éklas ing salêbêting manah. Ing pagêsangan mênikå asring sangêt mirêng tétêmbungan “*nrimå ing pandum*”, têngêsipun inggih mênikå nrimå mênåpå ingkang dados takdiripun (Hadiatmaja, 2011: 56). Têmbung mênikå gampil sangêt dipunucapakên, ananging awrat kanggé nindakakên. Bab mênikå amargi anggènipun nindakakên nrimå mênikå kêdah linambaran raos éklas utawi lêgåwå nampi mênåpå kémawon. Milå saking mênikå, manungså kêdah gadhah watak nrimå ing gêsangipun. Botên namung nrimå kémawon, ananging ugi dipunsarêngi ngupåyå saèstu supados manungså sagêd dados kawulå ingkang rêmên monjukakên raos sokur.

6. Tumindak Saé

Tumindak saé inggih mênikå tumindak ing margi ingkang lêrês dhatêng dhiri pribadi sâhå tiyang sanès. Tumindak mênikå manawi dipuntindakakên badhé paring *dampak* ingkang badhé wangsul dhatêng dhirinipun piyambak. Wontên ing *teks Sêrat Puståå Wasiat* dipunandharakên sapérangan tulådhå tumindak saé, kanthi ancas supados pårå maos sagêd nulad tumindak alus ingkang wontên *teks Sêrat Puståå Wasiat*. Wondéné andharan bab tulådhå tumindakipun kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

Pupuh 2 pådå 22

**wignyèng kudå têngsipun/ biså natrapakên kardi/ agal alus sarèh
kêras/ pan wus pinasthi pribadi/ kang wrin gêndhing têngsirå/ nganggyå
wiråmå yèn angling//**

Terjemahan: Pandai seperti kuda maksudnya mampu melaksanakan pekerjaan dengan baik. Dipaksa untuk bertindak halus, sabar dan kukuh agar tertanam pada diri sendiri. Maksud mengerti selayaknya gending adalah memakai jeda saat berbicara.

Tumindak bécik ingkang dipunandharakên ing satunggal pådå têngbang ing nginggil inggih mênikå nulad kados déné turånggå. Dipunandharakên bilih turånggå mênikå anggènipun nindakakên pakaryan kanthi bécik sâhå sabar. Nindakakên pakaryan kanthi bécik botên grusa-grusu mênikå kalêbêt tumindak saé. Santosa (2013: 79) ngandharakên manawi grusa-grusu mênikå sagêd pinanggih (kålå) sâhå wisunå (kacilakan). Tumindak mênikå nêdahakên bilih tiyang mênikå sagêd tanggêl jawab tumrap pakaryanipun. Wondéné tumindak sabar ugi kalêbêt tumindak bécik amargi tumindak mênikå badhé nuwuhakên patap ingkang lêmbeh manah tiyang ingkang asring tumindak sabar.

7. Adil

Têmbung adil têngsipun jêjêg anggènipun ndhawahakên pêpancadan utawi botên pilih asih (Poerwadarminta, 1939: 2). Manungså ingkang gadhah watak sâhå tumindak dhatêng dhiri pribadinipun sâhå marang sêsaminipun mênikå manungså ingkang ngginakên akal sâhå pikiranipun kanthi lêrês. Tumindak adil ugi dipunandharakên wontên ing *teks Sêrat Puståå Wasiat*. Tuladhanipun tumindak adil ingkang wontên ing *teks Sêrat Puståå Wasiat* wontên ing ngandhap mênikå.

Pupuh 1 pådå 11

**.... rumangsannyå si ardå dupi / pinukul adil samar / marmå dipunémot /
/ mêngêti tingkahé jalmå/ myang sêbarang kang gumêrmêt kang
kumêlip / kapyå dadyå wêwulang//**

Terjemahan: Menurutnyå si murka bersikap tidak adil, maka harus diingat semua tingkah polah manusia yang hanya mementingkan keindahan duniawi seperti menjadi pelajaran.

Ing pupuh 1 pådå 11 dipunandharakên bilih manungså kêdah tumindak adil. Adil ingkang dipunkajêngakên ing pupuh 1 pådå 11 inggih mênikå adil anggènipun rêmên dhatêng barang ingkang wontên ing gêbyaring jagad sâhå èngêt dhatêng samubarang ingkang nuju marang kasampurnaning agêsang. Awit saking mênikå manungså kêdah sagêd tumindak adil anggènipun nglampahi gêsang. Prakawis mênikå jumbuh kaliyan andharanipun Magnis-Suseno (1987: 216) bilih sintên kémawon tiyang gêsang sagêd tumindak ingkang lêrês, milå badhé rumaos slamêt sâhå pikantuk katêntremaning manah. Tumindak lêrês ingkang dipunandharakên

inggih mênika tumindak adil. Manawi manungså sagêd adil marang samubarang kadonyan sâhå botên nglirwakakên tumindak ingkang nuju marang kasampurnaning gêsang samangké. Manawi manungså sagêd adil milå gêsangipun manggihi slamêt sâhå pikantuk katêntremaning manah.

Pupuh 3 pâdå 15

**yèn patrapé pêngadilan/ tinêngahan yudå nagri/ liré ran yudanégårå/
dupi kêlawan prayogi/ kalih-kalih ingambil/ têtå tuladhaning laku/
amrih samyå kelarnyå/ ing tanah dipuloni/ norå liwat yêkti mung
amrih raharjå//**

Terjemahan: Jika tingkahnya pengadilan, ditengahi yudanegara, maksud dari yudanegara bersamaan dengan pertimbangan baik. Dua-duanya diambil contoh, supaya semuanya selesai di tanah yang ditinggali tidak lain hanya supaya selamat.

Saking andharan nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså kêdah sagêd tumindak adil, adil anggènipun nêmtokakên prakawis ingkang gayut kaliyan tiyang sanès. Patrap adil mênika kêdah dipuntindakakên déning tiyang ingkang pakaryanipun minangka *hakim* ingkang gadhah wêwênang mutusakên prakawis. Jumbuh kaliyan unèn-unèn Jawi “*åjå ngêmban cindhé ngêmban siladan*”, ingang têtêsipun ampun pilih kasih dhatêng sintên kémawon. *Hakim* sadèrèngipun mutusakên salah satunggaling prakawis mênika kêdah mirêngakên palapuran saking tiyang wontên ing sajroning prakawis kasêbat. Tumindak ingkang adil saking *hakim* mênika sagêd nêmahé karaharjan sâhå têtêrming manah. Prakawis mênika jumbuh kaliyan andharanipun Magnis-Suseno (1987: 216) bilih sintên kémawon tiyang gêsang sagêd tumindak ingkang lêtês, milå badhé rumaos slamêt

såhå pikantuk katêntremaning manah. Milå saking mênikå manungså kêdah adil anggènipun mutusakên sadâyå prakawis.

8. Rumangsan

Rumangsan inggih mênikå tumindak mangêrtosi utawi *peka* dhatêng tiyang sanès. Ingkang dipunkarêpakên rumangsan wontên ing mriiki inggih mênikå manungså rumaos manawi sadâyå tumindakipun mênikå wontên ingkang ngawasi såhå ingkang nyathêt, inggih mênikå Gusti Allah. Rumangsan ugi dipunandharakên wontên ing *teks Sêrat Pustakå Wasiat*. Wondênê andharanipun kados ing ngandhap mênikå.

Pupuh 2 pådå 4

tutupên ingkang barukut/ kang bêcik gyan tanêrtibi/ **åjå sirå rêmên
mêdhar/ angudhar barang piningit/ tanpå asil tuwas sayah/ awêwah
dipungêdhongi//**

Terjemahan: Jangan sesekali diumbar (aib orang lain) supaya kebaikan terus mengalir. Jangan menjadi seseorang yang senang membuka apa yang orang lain simpan rapat-rapat. Tidak berguna dan melelahkan diri sendiri. Lagi, bungkus rahasia itu dengan sebaik mungkin.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih manungså mênikå botên parêng ngumbar wadinipun tiyang sanès. Manungså kêdah mangêrtos bilih sadâyå tumindakipun ing alam donya mênikå dipunawasi déning Gusti Allah. Botên namung mênikå sadâyå manungså ingkang tinitah ing alam donya mênikå kasampiran apês, bêgja, kalawan lali. Kêdah ngrumaosi bilih tiyang mênikå ugi gadhah wadi piyambak-piyambak. Manungså kêdah *ngilo githokipun*

piyambak, kédah éngêt kaliyan kaluputan sâhå wadinipun piyambak (Santosa, 2013: 117). Andharan mênikå nedahakên bilih sadâyå tiyang mênikå kédah ngrumaosi kaluputan sâhå botên parêng miyak utawi ngumbar wadinipun tiyang sanès.

Pupuh 1 pådå 8

... ing ywå lancang tumloncong sêbarang angling / pingitên aywå kongas//

Terjemahan: ... Jangan lancang membicarakan kemana saja. Jagalah supaya menjadi orang yang terhormat.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil sagêd dipunpêndêt dudutanipun bilih tiyang botên pikantuk ngucapakên alaning tiyang sanès wontên ing pundi kêmawon. Tumindak mênikå sagêd njalari botên dipunajèni tiyang sanès. Hadiatmaja (2011: 70) ngandharakên bilih tiyang ingkang ngumbar alanipun tiyang sanès mênikå badhé nuwuhakên dukå tiyang sanès. Manawi sampun dukå tiyang sanès mênikå botên purun sawung malih. Tumindak mênikå sagêd anjalari kucêm asmanipun. Mila saking mênikå manungså kédah njagi saènipun asma sâhå drajatipun dhiri kanthi njagi ucapanipun.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhêdhasar ancasing panalitèn, asiling panalitèn, sâhâ pirêmbagan ingkang sampun kaandharakên wontên BAB IV sagêd kapêndhêt dudutanipun. Wondéné dudutanipun kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

1. Deskripsi teks

Irah-irahan *teks* ingkang dipunginakakên minangka sumbêr panalitèn inggih mênikâ *Sêrat Pustakâ Wasiat* ingkang sumimpên ing *Museum Sâ nabudâyâ Yogyakarta* kanthi kode PB C 197. *Teks* kasêbat wontên ing bundhêl *Sêrat Kêmpalan Warnâ-warni*. Irah-irahaning *teks* kapanggihakên wontên ing samak lêbêt bundhêl *naskah*, samak sisih nglêbêt ingkang wontên ing sawining *teks*, sâhâ wontên ing salêbêting *teks* kancâ 1. *Naskah* mênikâ taksih saé, jilidanipun taksih kêncêng, sâhâ sêratanipun taksih cêtha sâhâ gampil dipunwaos, botên wontên mangsi ingkang luntur.

Teks Sêrat Pustakâ Wasiat mênikâ kasêrat mawi aksârâ Jâwâ carik ingkang wujud sêratanipun *kombinasi*. *Sikap* aksaranipun miring manêngên sâhâ sinêrat ngginakakên mangsi warni cêmêng. *Sêrat Pustakâ Wasiat* kasêrat kanthi dhapukan sêkar. *Sêrat Pustakâ Wasiat* kasusun saking 14 *metrum*, inggih mênikâ dhandhanggulâ 25 pādâ, kinanthi 27 pādâ, sinom 28 pādâ, asmârandânâ 37 pādâ, kinanthi 26 pādâ, dhandhanggulâ 15 pādâ, sinom 14 pādâ, pangkur 20 pādâ, mijil

31 pǎdǎ, maskumambang 55 pǎdǎ, dhandanggula 14 pǎdǎ, kinanthi 23 pǎdǎ, dhandhanggulǎ 29 pǎdǎ, lan sinom 28 pǎdǎ.

2. *Transliterasi teks*

Transliterasi ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikǎ inggih *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* inggih mênikǎ cǎrǎ anggènipun damêl *alih tulis sêrataning teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar *Ejaan Yang Disempurnakan (EyD)* ingkang taksih dipunginakakên. Ancasing ngginakakên *translitêrasi standar* mênikǎ supados nggampilakên anggènipun maos sǎhǎ mangêrtosi teks *Sêrat Pustǎkǎ Wasiat*.

3. *Suntingan teks*

Suntingan teks Sêrat Pustǎkǎ Wasiat ngginakakên *suntingan edisi standar*. *Suntingan teks* dipunlampahi kanthi nliti *teks SPW* kanggé nambahi, ngirangi, sǎhǎ nggantos aksǎrǎ utawi tetembungan satêmah dipunasilakên *teks* ingkang rêsik kasing kalêpatan. Wondéné sêratan ingkang kaanggêp lêpat kalêrêsakên kanthi ndamêl *aparât kritik* minǎngkǎ tanggêl jawab amargi sampun nglêrêsakên sêratan ingkang kaanggêp lêpat. Asiling *aparât kritik teks SPW* cacahipun wontên 16 têmbung.

4. *Terjemahan teks*

Metode terjemahan teks ingkang dipuntindakakên wontên panalitèn mênikǎ inggih *terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi *makna*, sǎhǎ *terjemahan bebas*. *Terjemahan teks* ing panalitèn mênikǎ kanthi ngêwahi basaning sumbêring *teks*, inggih mênikǎ bǎsǎ Jawi dados bǎsǎ sasaranipun, inggih bǎsǎ bǎsǎ Indonésia. Ing

teks mênikå wontên têmbung-têmbung ingkang botên sagêd dipun-*terjemah*-akên, ananging sampun sinêrat wontên ing cathêtan *terjemahan*.

5. *Etika moral* ing salêbêting *teks Sêrat Puståka Wasiat*

Teks Sêrat Puståka Wasiat mênikå ngêwrat *etika moral*. *Etika moral* inggih mênikå paugêran utawi *sistem nilai-nilai* ingkang gayut kalihan ukuraning tumindakipun manungsa. Wujud *etika moral* ing salêbêting *teks Sêrat Puståka Wasiat* ingkang kapanggihakên wontên 3, inggih mênikå (1) ngati-ati anggènipun ngucap, (2) nrimå, sårå (3) rumangsan. Sasanêsipun mênikå ugi kapanggihakên wujud *etika moral* sanèsipun inggih mênikå waspådå, nyêgah håwå nêpsu, sabar, tumindak saé, sårå adil.

B. Implikasi

Asiling panalitèn sårå pirêmbaganipun ingkang sampun kawahyakakên wontên ing bab IV. Adhêdhasar asiling panalitèn sårå pirêmbaganipun mênikå wontên *implikasi*-nipun. Wondéné *implikasi* panalitèn mênikå kanggé tataran *perguruan tinggi*, mliginipun mahasiswa ingkang nyinau bab bâså, sastrå, sårå kabudayan Jawi, inggih sagêd kanggé tulådha sårå sêsêrêpan anggènipun ngêcakakên ngèlmi *filologi* kanggé naliti ing bab *naskah-naskah* Jawi. Tumrap pårå maos, *etika moral* ingkang wontên ing salêbêtipun *teks Serat Puståka Wasiat* taksih jumbuh kalihan pårå wiranèm sårå pårå tiyang sêpuh anggènipun ngêcakakên wontên ing madyaning gêsang bêbrayan.

C. Pamrayogi

Adhêdhasar asiling panalitèn sâhâ pirêmbaganipun têmtu kémawon wontên pamrayoginipun. Wondéné pamrayoginipun kaandharakên wontên ngandhap mênikâ.

1. *Teks Sêrat Pustâkâ Wasiat* mênikâ taksih prêlu dipuntliti malih kajumbuhakên kalihan bab sanèsipun. Tuladhanipun, bab *filsafat* Jawi sâhâ ngèlmu kêjawènipun.
2. *Naskah-naskah* Jawi taksih prêlu dipuntindakakên panalitèn kanggé nglêstantunakên isining *naskah*. Kajawi mênikâ, panalitèn ing bab *naskah-naskah* Jawi prêlu dipuntindakakên supados isinipun ingkang ngêwrat manéka warni ngèlmi sagêd dipunsinau déning tiyang sanès.

KAPUSTAKAN

Manuskrip

Atmaja, Nata. 1894. *Sêrat Pustakâ Wasiat koleksi Museum Sânbudâyâ Yogyakarta* kanthi kode PB C. 197.

Pustaka

- Achmad, Sri Wintala. 2018. *Etika Jawa Pedoman Luhur dan Prinsip Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Araska.
- Anggota IKAPI. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Baroroh-Baried, Siti dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Behrend, T.E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Museum Sonobudoyo Yogyakarta. Jilid I*. Jakarta: Djambatan.
- Behrend, T.E. dan Titik Pudjiastuti. 1997. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-A, 3-B*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Bertens, K. 2013. *Etika*. Yogyakarta: Kanisius.
- Darusuprpta, dkk. 1990. *Ajaran Moral dalam Susastra Suluk*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- _____. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Pendidikan Naskah". *Widyaparwa* tanggal 26 Oktober 1984. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- de Vos, H. 1987. *Pengantar Etika*. Yogya-karta: Tiara Wacana.
- Djamaris, Edwar. 2000. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco.
- Ekowati, Venny Indria. 2017. *Filologi Jawa: Panduan Lengkap Praktik Penelitian Filologi*. Yogyakarta: UNY Press.
- _____. 2006. *Warna Islam dalam Teks Klasik Layang Mursada Pesisiran*. *Jurnal Diksi* Vol. 13 No. 1, Januari 2006 hlm 22-31.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya.

- Fathurahman, Oman. 2016. *Filologi Indonesia Teori dan Metode*. Jakarta: Prenadamedia Group.
- Girardet, Nikolaus. 1983. *Descriptive Catalogue Of The Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta*. Weisbaden: Franz Steiner Verlag GMBH.
- Gumilar, Bintang. 2019. *Kajian Filologi saha Nilai-nilai Etika Gayutipun Manungsa Kalihan Gusti wonten ing Serat Jarwarasa*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Haricahyono, Cheppy. 1995. *Dimensi-dimensi Pendidikan Moral*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Harjawiyan, Haryana. 1994. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Nusantara.
- Hartanto, Doni Dwi. 2018. *Pandangan Hidup Orang Jawa dalam Serat Bhagawad Gita*. Yogyakarta: PT. Kanisius.
- Hudiarini, Sri. 2017. *Penyertaan Etika Bagi Masyarakat Akademik di Kalangan Dunia Pendidikan Tinggi*. Jurnal Moral Kemasyarakatan Vol. 2 No. 1, Juni 2017, hlm. 1-13.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Lindsay, Jennifer, R.M. Soetanto, an Alan Feinstein. 1994. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara: Kraton Yogyakarta, Jilid 2*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Magnis-Suseno, Franz. 1998. *Etika Jawa. Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta: PT Gramedia.
- Mulyani, Hesti. 2012. *Membaca Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- _____. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkara Media.
- _____. 2015. *Komprehensi Tulis*. Yogyakarta: Astungkara Media.
- Musman, Asti. 2017. *Pitutor Luhur Jawa Ajaran Hidup dalam Serat Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Jawi
- Padmosoekotjo, S. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters' Uitgevers' Maatschappij N. V.


- Prabowo, Dhanu Priyo, dkk. 2012. *Ensiklopedi Sastra Jawa*. Yogyakarta: Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Pudjiastuti, Titik, dkk. 2018. *Kamus Istilah Filologi*. Jakarta: Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.
- Saktimulya, Sri Ratna. 2016. *Naskah-naskah Skriptorium Pakualaman: Periode Paku Alam II (1830-1858)*. Jakarta: Kepustakaan Populer Gramedia.
- Santosa, Imam Budi. 2010. *Nasihat Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Diva Press.
- _____. 2013. *Manusia Jawa Mencari Keheningan Hati*. Yogyakarta: Diandra Pustaka Indonesia.
- Setiono, Baktya Tri. 2014. *Kajian Filologi saha Piwulang Moral Wonten ing Serat Gembring Baring. Skripsi*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Susetya, Wawan. 2007. *Hawa Nafsu Orang Jawa*. Jakarta: Narasi.
- Tim Penyusun. 2018. *Suplemen Pedoman Tugas Akhir TAS/TAKS/TABS*. FBS UNY.

Internet

- Anonim. 2014. Sejarah Aksara Jawa Lengkap. <https://ramalanjawadwipa.blogspot.com/2014/11/sejarah-aksara-jawa-lengkap.html?m=1>, kaundhuh nalikå tanggal 21 Mei 2020 tabuh 19.06 WIB.

Lampiran

Teks Sêrat Pustakå Wasiat



[illegible]

(The page contains dense handwritten Burmese script, which appears to be a continuation of a narrative or historical record from the preceding pages.)

၁၁
 ၁၂
 ၁၃
 ၁၄
 ၁၅
 ၁၆
 ၁၇
 ၁၈
 ၁၉
 ၂၀
 ၂၁
 ၂၂
 ၂၃
 ၂၄
 ၂၅
 ၂၆
 ၂၇
 ၂၈
 ၂၉
 ၃၀
 ၃၁
 ၃၂
 ၃၃
 ၃၄
 ၃၅
 ၃၆
 ၃၇
 ၃၈
 ၃၉
 ၄၀
 ၄၁
 ၄၂
 ၄၃
 ၄၄
 ၄၅
 ၄၆
 ၄၇
 ၄၈
 ၄၉
 ၅၀
 ၅၁
 ၅၂
 ၅၃
 ၅၄
 ၅၅
 ၅၆
 ၅၇
 ၅၈
 ၅၉
 ၆၀
 ၆၁
 ၆၂
 ၆၃
 ၆၄
 ၆၅
 ၆၆
 ၆၇
 ၆၈
 ၆၉
 ၇၀
 ၇၁
 ၇၂
 ၇၃
 ၇၄
 ၇၅
 ၇၆
 ၇၇
 ၇၈
 ၇၉
 ၈၀
 ၈၁
 ၈၂
 ၈၃
 ၈၄
 ၈၅
 ၈၆
 ၈၇
 ၈၈
 ၈၉
 ၉၀
 ၉၁
 ၉၂
 ၉၃
 ၉၄
 ၉၅
 ၉၆
 ၉၇
 ၉၈
 ၉၉
 ၁၀၀

5

၁
 ၂
 ၃
 ၄
 ၅
 ၆
 ၇
 ၈
 ၉
 ၁၀
 ၁၁
 ၁၂
 ၁၃
 ၁၄
 ၁၅
 ၁၆
 ၁၇
 ၁၈
 ၁၉
 ၂၀
 ၂၁
 ၂၂
 ၂၃
 ၂၄
 ၂၅
 ၂၆
 ၂၇
 ၂၈
 ၂၉
 ၃၀
 ၃၁
 ၃၂
 ၃၃
 ၃၄
 ၃၅
 ၃၆
 ၃၇
 ၃၈
 ၃၉
 ၄၀
 ၄၁
 ၄၂
 ၄၃
 ၄၄
 ၄၅
 ၄၆
 ၄၇
 ၄၈
 ၄၉
 ၅၀
 ၅၁
 ၅၂
 ၅၃
 ၅၄
 ၅၅
 ၅၆
 ၅၇
 ၅၈
 ၅၉
 ၆၀
 ၆၁
 ၆၂
 ၆၃
 ၆၄
 ၆၅
 ၆၆
 ၆၇
 ၆၈
 ၆၉
 ၇၀
 ၇၁
 ၇၂
 ၇၃
 ၇၄
 ၇၅
 ၇၆
 ၇၇
 ၇၈
 ၇၉
 ၈၀
 ၈၁
 ၈၂
 ၈၃
 ၈၄
 ၈၅
 ၈၆
 ၈၇
 ၈၈
 ၈၉
 ၉၀
 ၉၁
 ၉၂
 ၉၃
 ၉၄
 ၉၅
 ၉၆
 ၉၇
 ၉၈
 ၉၉
 ၁၀၀

[illegible]

7.

[The page contains dense handwritten Burmese script, likely a continuation of the historical record or legal document from the previous page. The handwriting is cursive and fills most of the page area.]

[illegible]

အဓိကအားဖြင့် မြန်မာနိုင်ငံတော်အတွင်း အခြေအနေအထားနှင့် ပတ်သက်သည့် အချက်အလက်များကို ဖော်ပြရန် ဖော်ပြပါသည်။

10

Handwritten Burmese script, likely a religious or historical document, featuring numerous instances of the character "ဗုဒ္ဓ" (Buddha) and other religious terminology.

11


Handwritten text in Burmese script, likely a manuscript or a page from a book. The text is written in a cursive style and is arranged in approximately 15 horizontal lines. The script is dense and fills most of the page.

12

Handwritten text in Burmese script, likely a religious or historical document. The text is arranged in approximately 15 horizontal lines, with some characters written in a larger, more decorative style. The script is dense and fills most of the page.


15

Handwritten musical notation on a page from a manuscript. The notation consists of a single staff with a series of notes and rests, written in a cursive script. The notes are connected by horizontal lines, and there are various symbols and markings above and below the staff, including what appear to be clefs and decorative flourishes. The page is numbered '16' in the top right corner.



15

Handwritten text in Burmese script, likely a religious or historical document. The text is written in a cursive style and includes several large, stylized characters that appear to be religious symbols or titles, possibly related to the Buddhist canon. The document is densely packed with text and includes some decorative elements.



17.

Handwritten Burmese text, likely a manuscript or document, featuring dense script and numerous decorative flourishes and symbols.

18

Handwritten text in Burmese script, likely a manuscript or a page from a book. The text is written in a cursive style and is arranged in approximately 15 horizontal lines. The script is dense and fills most of the page.

19

Handwritten text in Burmese script, likely a manuscript or a page from a book. The text is written in a cursive style and is arranged in approximately 15 horizontal lines. The script is dense and fills most of the page.

21

Handwritten text in Burmese script, likely a manuscript or document. The text is dense and covers most of the page, with some marginalia or corrections visible. The script is in a traditional style, possibly from the 19th century. There are some numbers and symbols interspersed within the text, such as "၇၀" (70) and "၀၀" (00) at the top right, and "၁၁" (11) at the bottom right. The text appears to be a mix of prose and possibly some form of accounting or record-keeping, given the presence of numbers and the structured nature of the entries.

